1. Direktè lekòl la ka sispansyon yon etidyan apre yon konplent kriminel ki enplike etidyan an nan yon krim, ou apre etidyan an resevwa yon konplent pou delenkans kriminel, si direktè a detèmine ke prezans etidyan sila nan lekòl la ka gen yon move enpak sou byennèt lekòl la an jeneral. Elèv la dwe resevwa yon notifikasyon ekri de akizasyon yo e rezon ki fè pou sispansyon an avan sispansyon an kòmanse. Elèv la dwe resevwa yon ekspikasyon ekri de dwa li genyen pou defann tèt li e prosedi pou defans kont sispansyon konsa, pouvi ke, poutant, ke sispansyon an rete an efè avan pou rankont pou revandikasyon kondwi pa Sirentandan an.

Elèv la dwe gen dwa pou revandike sispansyon an devan Sirentandan an. Elèv la dwe fè yon demann revandikasyon ekri a Sirentandan an jiska senk (5) jou kalandrye apre sispansyon an. Sirentandan an dwe òganize yon rankont avèk elèv la e avèk paran ou gadyen li jiska twa jou kalandrye aprè rekèt elèv la pou yon reyinyon pou defans li. Nan rankont lan elèv la dwe gen dwa pou prezante temwayaj ekri ou oral nan defans li, e li dwe gen dwa pou li gen yon avoka. Sirentandan dwe gen dwa chanje ou ranplase desizyon direktè a, enkli rekòmande yon program edikatif altènatif pou elèv la. Sirentandan an dwe pran yon desizyon sou rekèt pou defans lan jiska senk jou de kalandrye apre rankont lan. Yon desizyon konsa dwe final nan vil kote sispansyon an rive a.

2. Lè yon etidyan koupab de yon krim ou lè yon desizyon bay ou li plede koupab nan tribinal pou yon krim ou delenkans kriminel, Direktè lekòl li a ka mete elèv la deyò si direktè a detèmine ke prezans elèv la nan lekòl la ka gen yon trè move efè sou byennèt lekòl la an jeneral. Li dwe bay elèv la chaj ak rezon ekri pou ekspilsyon an avan li mete'l deyò. Elèv la dwe resevwa tou yon avi ekri de dwa li genyen pou'l defann tèt li ak prodesis pou revandike kont sispansyon an, pouvi ke, poutan, ke ekspilsyon an rete an plas avan rankont pou revandikasyon òganize pa Sirentandan an. Elèv la dwe gen dwa pou revandike ekspilsyon an devan Sirentandan an. Elèv la dwe fè yon demann revandikasyon ekri a Sirentandan an jiska senk (5) jou kalandrye apre ekspilsyon an. Sirentandan an dwe òganize yon rankont avèk elèv la e avèk paran ou gadyen li jiska twa jou kalandrye aprè rekèt elèv la pou yon reyinyon pou defans li. Nan rankont lan, elèv la dwe gen dwa pou prezante temwayaj ekri ou vèbal nan defans li, e li dwe gen dwa pou li gen yon avoka. Sirentandan an dwe gen dwa chanje ou ranplase desizyon direktè a, enkli rekòmande yon program edikatif altènatif pou elèv la. Sirentandan an dwe pran yon desizyon sou rekèt pou defans lan jiska senk jou de kalandrye apre rankont lan. Desizyon sa a final nan vil kote ekspilsyon an rive a.

3. Tout distri lekòl ki sispansyon ou mete deyò yon elèv baze sou seksyon sa a dwe kontinye bay elèv la sèvis edikatif pandan peryòd sispansyon ou ekspilsyon an dapre seksyon 21 de chapit 76 la. Si etidyan an ale nan yon lòt distri pandan tan sispansyon ou ekspilsyon an, nan nouvo distri kote li abite a dwe swa admèt elèv la nan lekòl ou ba li sèvis edikatif selon yon plan sèvis edikatif, dapre seksyon 21 de chapit 76 la.

Chapit 71, Seksyon 37 ¾ de Lwa Jeneral Massachusetts

- a) Seksyon sila gen pou wè ak sispansyon e ekspilsyon etidyan ki anrole nan lekòl piblik nan eta nou an ki akize de yon vyolasyon anba seksyon (a) ou (b) de seksyon 37H ou avèk yon krim dapre seksyon 37 ¾ a.
- b) Tout direktè, profesè an chèf, sirentandan ou lòt moun ki ap aji kòm moun kap pran desizyon nan yon reyinyon, pou deside konsekans pou elèv la, dwe ize diskresyon, konsidere fason pou angaje ankò elèv la nan prosesis edikatif la ; e evite itilize ekspilsyon kòm yon konsekans jiskaskè lòt solisyon ak konsekans te anplwaye. Pou tout sispansyon ou ekspilsyon dapre seksyon sa a, direktè ou profesè an chèf lekòl elèv la, ou ranplasan li, dwe bay elèv la, paran ou gadyen li, yon avi de chaj ak rezon pou sispansyon ak ekspilsyon an nan angle ak nan lang yo pale lakay elèv la. Elèv la dwe resevwa
- c) c)avi ekri a e li dwe gen opòtinite pou gen yon rankont avèk direktè ou profesè responsab la, ou ranplasan yo, pou diskite chaj ak rezon pou sispansyon ou ekspilsyon an avan ke sispansyon ou ekspilsyon an kòmanse. Direktè a ou ranplasan li dwe asire ke paran ou gadyen elèv la patisipe nan rankont lan, men rankont lan ka fèt sans prezans paran ou gadyen elèv la si yo dokimante efò rezonab yo te fè pou enkli paran ou gadyen an nan rankont la.
- d) Si se yon desizyon ki pran yo dwe sispansyon oswa ranvwaye elèv la apre reyinyon an, direktè a oswa direktè lekòl, oswa yon reprezantan, va mete notifikasyon an pou sispansyon an oswa ekspilsyon a reflekte reyinyon an avèk elèv la. Si yon elèv te sispansyon oswa mete deyò pou plis pase 10 jou lekòl pou yon enfraksyon yon selibatè oubyen pou plis pase 10 jou lekòl fason kimilatif pou plizyè enfraksyon nan nenpòt ane lekòl, elèv la ak paran an oswa gadyen elèv la ap resevwa tou, nan la lè nan sispansyon oswa ekspilsyon desizyon an, notifikasyon ekri sou yon dwa fè apèl kont ak pwosesis la pou fè apèl kont sispansyon an oswa ekspilsyon nan lang angle ak nan lang prensipal pale nan kay la nan elèv la; bay, sepandan, ke sispansyon an oswa ekspilsyon va rete nan efè anvan nenpòt odyans apèl la. Direktè a oubyen direktè lekòl oswa reprezantan li dwe notifiye sipèntandan an alekri, ki gen ladan, men pa limite a, pa vle di elektwonik, nan nenpòt ki sispansyon soti-of-lekòl enpoze sou yon elèv ki enskri nan klas jadendanfan rive klas 3 anvan sa yo sispansyon pran efè. Notifikasyon Sa va dekri movèz kondwit swadizan elèv la ak rezon ki fè yo sispansyon elèv la soti-nan lekòl la. Pou rezon ki nan seksyon sa a, tèm "soti-of-lekòl sispansyon" dwe vle di yon aksyon disiplinè enpoze pa ofisyèl lekòl yo retire yon elèv soti nan patisipasyon nan aktivite lekòl pou 1 jou oswa plis.
- e) Si elèv la sispansyon ou mete deyò pou plis ke 10 jou pou yon sèl enfraksyon ou pou plis ke 10 jou kimilatif pou diferan enfraksyon pandan yon ane lekòl, etidyan an ak paran ou gadyen li dwe resevwa tou, nan moman desizyon pou sispansyon ou ekspilsyon an, yon nòt ekri de dwa ak prosesis pou revandikasyon sispansyon ou ekspilsyon an nan angle ak nan lang yo pale lakay elèv la; povi ke sispansyon ou ekspilsyon an rete an nefè avan tout rankont pou revandikasyon. Direktè-a ou profesè an chèf la, ou ranplasan yo, dwe fè sirentandan konnen pa ekri, enkli pami lòt, mwayen elektronik, tout sispansyon an deyò lekòl la enpoze a yon elèv ki nan klas matènèl a 3yèm ane avan ke sispansyon an kòmanse. Nòt la dwe dekri movèz kondwit elèv la ak rezon pou an. Elèv la ou paran ou gadyen li dwe fè sirentandan konnen pa ekri entansyon yo pou revandike pa pi ta ke 5 jou kalandrye apre dat sispansyon ou ekspilsyon an ; povi ke yon elèv ou paran ou gadyen li ka mande, e si li agreye, yo dwe resevwa yon ekstansyon de 7 jou kalandrye, men sirentandan ou ranplasan'l ka pouswiv avèk yon rankont san prezans yon paran ou gadyen elèv la, si sirentandan an te fè tout efò posib pou yon paran ou yon gadyen ta prezan. Nan rankont lan, elèv la dwe gen dwa temwayaj vèbal ou ekri, poze temwen kesyon ak dwa pou gen yon avoka. Sirentandan an dwe pran yon desizyon ekri sou revandikasyon an jiska 5 jou kalandrye de rankont lan. Desizyon sa a dwe final pou distri lekòl la pou sispansyon ou ekspilsyon ki an dispit lan.
- f) Yo pa dwe sispansyon ou mete deyò nan yon lekòl ou distri pou yon peryòd ki depase 90 jou lekòl, a pati premye jou yo retire yon elèv nan aktivite lokal yon lekòl.

Chapit 71, Seksyon 37H (e) de Lwa Jeneral Massachusetts

Tout distri lekòl ki sispansyon ou mete deyò yon elèv baze sou seksyon sa a dwe kontinye bay elèv la sèvis edikatif pandan peryòd sispansyon ou ekspilsyon an dapre seksyon 21 de chapit 76 la. Si etidyan an ale nan yon lòt distri pandan tan sispansyon ou ekspilsyon an, nan nouvo distri kote li abite a dwe swa admèt elèv la nan lekòl ou ba li sèvis edikatif selon yon plan sèvis edikatif, dapre seksyon 21 de chapit 76 la.

Grafiti/Défigirasyon Pwopriete Lekòl La

Grafiti ak nenpòt defigirasyon lokal lekòl la entèdi. Depatman Lekol la enkòpore nan pati sila Odonans Vil la avèk tout amann ak Posiblité Aksyon Legal ki gen pou wè ak zafè sila. Nou pral egzije restitasyon konplè pou vyolasyon règ sa a. (Konsilte Kod Disiplin lann pou konsekans vyolaqsyon sa a.)

1. Flite Penti nan Mamit/Makè Majik

Tout makè majik ak flite penti ki nan mamit entèdi nan lokal lekòl la, amwen ke te gen otorizasyon alavans ki te bay pou sa. Elèv yo jwen an posesyon de bagay sila yo ap koupab de vyolasyon règ sila. Si yon profesè/antrenè/konseye bay devwa tankou afich, siy, eksetera ki bezwen fè ak makè majik, plim, eksetera, makè yo dwe rete nan men profesè a jiskas ke projè a tèmine. Imedyatman etidyan fin sèvi ak makè yo, yo dwe retounen yo bay profesè/antrenè/konseyea. Etidyan yo jwenn an posesyon makè ou mamit ki gen penti pou flite san otorizasyon yon profesè/antrenè/konseye, pral sijè a bagay sila yo:

a. Konfiskasyon imedyat makè, mamit ou objè yo;

b. Detansyon, Sispansyon Konplè, Restitasyon Konplè ak Posiblité Aksyon Legal

2. Restitasyon Konplè defini kòm tout depans pou anlve ak restore pati ou proprye domaje pou retounen'l jan'l te ye avan.

Fouy Ak Sezi

Pou mentni prosesis edikatif la e asire sekirite ak byennèt tout manm sistèm lekòl Lynn yo, règ sila yo dwe swiv nan zafè fouye moun nan lekòl.

1. Nan diskresyon direktè a, fouy jeneral ou endividyèl ka fèt pa direktè a ou ranplasan li lè gen yon rezon pou sispansyon.
2. Lè gen rezon valab pou kwè ke yon elèv an posesyon zam, dròg ilegal, bwason alkolize, objè yo vòlè, egplozif, ou lòt bagay ilegal, nenpòt otorite nan lekòl la ka fouye yon elèv yon fason rezonab an rapò a objektif yap pou swiv la.
3. Fouye yon sektè ki asiye a yon manm Lekòl Piblik Lynn dwe fèt nan prezans yon temwen e lè sa posib, nan prezans moun ki enplike a.
4. Direktè a retni yon kopi kle yo ak/ou konbinezon kadna pou kazye (lòkè) elèv yo.
5. Otorite lekòl yo ka retire objè ou posesyon ke yo konsidere dapre rezon kòm yon menas a sante e sekirite lòt moun.
6. Yo ka pran nan men elèv tanporèman objè ki itilize pou trouble ou deranje prosesis edikatif la.
7. Sa ki mansyone anlè a ka fèt pa nenpòt anplwaye otorize san prejidis.

Prosesis Ekitab

Yo pap anpeche yon elèv vin lekòl san'l pa gen chans defann tèt li yon fason ki jis. Men, si prezans yon elèv nan lekòl la poze yon danje pou lòt moun ou lokal la, ou si'l ap deranje anpil lòd lekòl la, e dapre jijman administratè a, pa gen lòt altènatif pou anlve danje ou deranjman an, yon elèv ki te poze yon ofans ki merite disiplin ka entèdi tanporèman nan lekòl la avan prosedi pou defans li an dapre règ sou Sispansyon an ljans (gade pi ba pou plis enfòmasyon).

I. Sispansyon Anndan Lekòl

Yon sispansyon anndan lekòl se entèdiksyon pou yon elèv patisipe nan aktivite regilye klas li men li ka vin nan lekòl la. Prosedi pou sispansyon anndan lekòl ki pap depase dis (10) jou konsekitif ou kimilatif (pou plizyè ofans pandan yon menm ane lekòl) se:

1. Administratè a pral fè elèv la konnen ki ofans disiplinè ki kont li, baz pou chaj la e bay elèv la opòtinite pou li reponn a chaj la. Si administratè a detèmine ke elèv la te komèt ofans disiplinè a, administratè a pral fè elèv la konnen longè tan sispansyon anndan lekòl la, ki pa dwe depase 10 jou konsekitif ou kimilatif pandan yon menm ane lekòl.
2. Nan menm jou ke desizyon sou sispansyon anndan lekòl la pran, administratè a pral fè tout efò posib pou fè paran elèv la konnen oralman ofans disiplinè a, rezon ki fè yo konkli ke elèv la komèt yon ofans, ak longè sispansyon anndan lekòl la. Administratè a pral envite paran an tou nan yon rankont

pou diskite pefòmans akademik elèv la ak kondwit li, estrateji pou retabli elèv la, e repons posib a kondwit li a. Rankont sa a dwe fikse si posib nan menm jou sispansyon an ; e si sa posib, osi vit ke posib aprè kòmansman sispansyon an. Si administratè pa rive jwenn paran lèl eseye kontakte'l omwen pandan (2) fwa ki dokimante, efò sa yo pral konstitye prèv efò rezonab ki te fèt pou pale avèk paran an oralman osijè sispansyon anndan lekòl la.

3. Administratè a pral voye yon nòt ekri bay elèv la ak paran li konsènan sispansyon anndan lekòl la, enkli rezon ak longè sispansyon anndan lekòl la, e envite paran an pou rankontre direktè lekòl la pou diskite sa ki masyone anlè a, si yon rankont konsa pat ko fèt. Administratè a pral delivre nòt sila nan menm jou sispansyon an nan men, lèt sètifye, lèt poste premye klas, kouryèl (imèl) adrès ke paran an te bay yo pou kominikasyon ak lekòl la, ou pa lòt metòd pou pase enfòmasyon ke administratè a e paran te dakò.

Yon sispansyon anndan lekòl ki dire plis ke 10 jou kimilatif nan yon menm ane lekòl pral sijè a prosedi pou sispansyon long dire ki eksplike nan paj 35.

II. Sispansyon Kout Dire Deyò Lekòl

1. Eksepte nan ka Mete Deyò An ljan (gade pi ba), avan ke sispansyon kout dire deyo lekòl la (10 jou ou mwens nan menm ane lekòl) empoze pou kondwit ki tonbe anba M.G.L.c. 71, S37H ak 37½ , yon administratè pral bay elèv la ak paran li avi oral e ekri ak yon opòtinite pou yo patisipe nan yon rankont enfòmèl.

Avi : Avi ekri-a a elèv la ak paran li a pral an angle ak lang yo pale lakay elèv la si se pa angle, ou lòt mwayen kominikasyon apwopriye ki dwe enkli :

- a) Ofans disiplinè a
- b) Baz pou akizasyon an
- c) Konsekans potansyèl, enkli longè sispansyon elèv la,
- d) Opòtinite pou elèv la gen yon rankont avèk administratè a konsènan propozisyon sispansyon an, enkli yon chans pou dispite chaj yo e pou elèv la bay vèsyon pal de sa ki te pase a, e pou paran an ka gen yon rankont pou diskite koze a;
- e) Dat, tan, ak lokal kote rankont la nap fèt;
- f) Dwa elèv la ak paran'l genyen pou pou sèvis entèpretasyon pandan rankont lan si yo ta bezwen sa.

Nòt ekri a paran an ka delivre men nan men, lèt premye klas ak sètifye, kouryèl (imèl) adrès ke paran an te bay yo pou kominikasyon ak lekòl la, ou pa lòt metòd pou pase enfòmasyon ke lekòl la ak paran an te dakò.

2. Efò pou Paran an Patisipe: Administratè a pral fè tout efò ki rezonab pou fè paran an konnen opòtinite li genyen pou vini nan yon rankont de diskisyon. Pou fè reyinyon an san prezans paran an, fò administratè ka dokimante efò rezonab ki te fèt pou enkli paran an. Nou prezime ke administratè a te fè efò ki rezonab si li te avi ekri ke li dokimante ke omwens de (2) fwa ki eseye kontakte paran an yon fason espesifye ke li ak paran an te déjà aranje pou ka ijans.
3. Fòma Rankont lan: Administratè a pral diskite ofans ki merite disiplin lan, baz pou chaj la ak tout lòt enfòmasyon konsènan koze a. Elèv la pral gen yon chans tou prezante enfòmasyon, enkli fè ki diskite, ke administratè a dwe konsidere nan detèmine si lòt solisyon ak konsekans ka byen apwopriye. Administratè a pral bay paran an tou, si li prezan, yon chans pou diskite kondwit elèv la ak ofri enfòmasyon, enkli sikonstans diskite, ke administratè a dwe konsidere nan detèmine konsekans pou elèv la.
4. Desizyon: Administratè a pral bay yon avi ekri de detèminasyon li a elèv la ak paran li e rezon pou desizyon an, e, si elèv la sispansyon an, tip ak longè sispansyon an e opòtinite pou elèv la fè devwa l'ap rate ak lòt projè lekòl li bezwen fè pou progrè akademik pandan tan sispansyon an. Avi sou detèminasyon an ka fè sou yon fòm yon ogmantasyon a premye avi ekri a osijè rankont lan.

III. SISPANSYON LONG DIRE

Eksepte nan ka yon Sispansyon an ljan ki diskite nan paj [], avan enpozisyon sispansyon long dire (**plis ke 10 jou sispansyon, anndan ou deyò lekòl la, konsekitif ou kimilatif pou plizyè ofans pandan yon**

menm ane lekòl), yon administratè pral swiv prosedi pou sispansyon kout dire yo ak lòt prosedi sila yo :

1. **Avj:** Nòt la pral enkli tout aspè pou sispansyon kout dire yo nan Seksyon C a, plis bagay sila yo :
 - a) Avan rankont lan, opòtinite pou revize dosye elèv la ak lòt dokiman ke administratè pral itilize pou detèmine si elèv la dwe sispann ou non ;
 - b) Dwa pou li reprezante pa yon avoka ou yon lòt moun ki pa profesyonèl nan lalwa dapre chwa elèv la, men se elèv la ou paran li kap peye moun kap defann li yan;
 - c) Dwa pou presante temwen pou defann elèv la e pou bay ekplikasyon de ensidan ki met elèv la nan problèm lan, men ke elèv ka byen pa vle eksplike li menm;
 - d) Dwa pou poze kesyon a temwen ke distri lekòl la prezante;
 - e) Dwa pou mande ke administratè a anrejistre rankont lan, e pou bay yon kopi anrejistreman an a elèv la ou paran li si yo mande sa; ak
 - f) Dwa pou revandike devan sirentandan an desizyon administratè a pou enpoze yon sispansyon long dire.
2. **Fòma Rankont lan:** Rankont lan pral etabli tout dwa sa yo ki ekri anlè a. Administratè a pral bay paran an tou, si li prezan, yon chans pou diskite kondwit elèv la ak ofri enfòmasyon, enkli sikonstans diskritab, ke administratè a dwe konsidere nan detèmine konsekans pou elèv la
3. **Desizyon:** Baze sou evidans lan, administratè a pral detèmine si elèv la te komèt ofans ki merite disiplin lan, e, si wi, apre konsiderasyon sikonstans diskritab yo ak altènatif a sispansyon long dire a, ki koreksyon ou solisyon ki pral enpoze, an plas ou anplis sispansyon long dire a. Administratè a pral voye detèminasyon ekri a elèv la ak paran li men nan men, lèt sètifye, premye klas, kouryèl (imèl) adrès ke paran an te bay yo pou kominikasyon ak lekòl la, ou pa lòt metòd pou pase enfòmasyon ke lekòl la ak paran an te dakò. Si administratè a deside sispann elèv la pou yon long dire, detèminasyon ekri a dwe enkli:
 1. Idantifye ofans disiplinè a, dat rankont lan te fèt, ak patisipan nan rankont lan ;
 2. Deklare fè kle yo e konklizyon ki te pran;
 3. Idantifye longè ak dat efektif sispansyon an, ak dat pou elèv la retounen lekòl ;
 4. Enkli nòt sou opòtinite pou elèv la resevwa sèvis edikatif pou'l ka fè progrè akademik pandan peryòd sispansyon an (si plis ke 10 jou kimilatif) ;
 5. Fè elèv la konnen li gen dwa revandike desizyon administratè devan sirentandan an ou ranplasan li. Avi sou dwa pou revandike a pral nan angle ak lang yo pale lakay elèv la si se pa angle, ou lòt mwayen kominikasyon lè sa apropriye, e enfòmasyon sila yo pral enkli nan langaj ki klè:
 - a) Prosesis pou revandike desizyon an, enkli ke elèv la ak paran li dwe ranpli yon nòt ekri pou revandike a sirentandan an jiska 5 jou apati dat efektif sispansyon long dire a, men, pouvi ke nan jiska 5 jou kalandrye elèv la ou paran li ka mande e resevwa de sirentandan an yon ekstansyon tan pou ranpli nòt ekri a jiska 7 kalandrye adisyonèl; eke
 - b) Sispansyon long dire ap rete an efè amwen ke e jiskaske sirentandan an deside chanje detèminasyon administratè a base sou apèl la (revandikasyon).

Okenn sispansyon long dire ap prale depase fen ane lekòl lè sispansyon an te enpoze a.

IV. EKSPILSYON

Elèv yo sijè a ekspilasyon (p.e, eksklizyon pèmanan) pa direktè a pou kondwit mansyone anba yo. (Gade tou, M.G.L. ch 71, S37H nan paj 30)

- Posesyon yon zam danjere*
- Posesyon yon sibstans de kontròl (tankou mayiwana, kokayin, ou dròg ki preskri non otorize pa enfimye lekòl la)
- Atak sou profesè, group administratif la ou lòt edikatè

*Sa pa jis enkli kouto ak zam afe, eksplozif ak kopi fran de zam/zouti sa yo, men tou objè itilize pou frape yon lòt moun ou pou kreye yon sityasyon danjere, tankou baton bezbòl, yon pè sizo, alimèt ou brikè. Byenke objè sila yo pa toujou konstitye yon « zam danjere », administratè ak edikatè yo pral revize sikonstans chak ka e fè yon detèminasyon rezone konsènan si yon objè yon elèv gen an posesyon'l konstitye yon zam danjere nan lekòl la. Nou pral remèt tout zam ilegal a lapolis. Nenpòt elèv ki pote lekòl yon zam afe dwe mete deyò nan lekòl pou omwens yon ane lekòl, avèk eksepsyon ke sèlman sirentandan

an ka fè. (Definisyon yon zam afe enkli, men se pa sa sèlman, pitolè (enkli pitolè pou debitan), bonm, grenad, projektil, misil, min, ak lòt bagay konsa).

Elèv yo sijè a sispansyon long dire/ekspilasyon pa Direktè a lè yo koupab de yon krim baze sou estanda ak prosedi etabli pa M.G.L.c.31, S37H1/2.

Tout elèv ki paka vini lekòl pou aksyon disiplinè dapre G.L.M.c.71, S37H ou S37H1/2 pou plis ke diz jou konsekitif pral gen opòtinite pou resevwa sèvis edikatif pou li ka fè progrè akademik pandan peryòd sispansyon a dapre yon plan edikatif pou edikasyon jeneral, e nou pral fè'l konn sa pandan sispansyon/ekspilasyon an.

PWOSEDI APLIKAB A KONDWIT DAPRE M.G.L.C.71, S37H E 37H ½

Lè nou ap konsidere mete yon elèv deyò lekòl pou posesyon yon zam danjere, posesyon sibstans de Kontròl (tankou mayiwana, kokayin, ou dròg pa preskripsyon ki pa otorize pa enfimyè lekòl la, ou aso sou profesè, yon administratè ka fè elèv la sispansyon pou yon kout dire (dis jou ou mwens) baze sou yon rankont enfòmèl, ki va swiv de yon rankont fòmèl avèk Direktè a pandan peryòd sispansyon an pou detèmine si lòt aksyon disiplinè, ki ka menm rive a ekspilasyon elèv la de lekòl la.

1. Reyinyon Infòmèl la pral fèt kòm yon rankont ant elèv la e direktè a ou ranplasan li. Pandan konferans lan, elèv la (1) pral konnen rezon pou rankont lan, (2) li pral chans prezante vèsyon pa'l de sak te pase a, e (3) li pral konnen desizyon ki pran sou sispansyon an. Si administratè a trouve ke yon dèlè nan rankont lan nesèsè pou evite danje ou gro traka, rankont ka fèt imedyatman apre, olye ke avan sispansyon an.
2. Avan ke sispansyon kòmanse, direktè a ou ranplasan li pral fè tout efò rezonab pou telefone e enfòmèl paran ou gadyen elèv ke gen sispansyon ki pral enpoze; efò a dwe enkli kontakte paran ou gadyen yo lakay ak nan travay yo. Paran yo ka kontakte lekòl la pou plis enfòmasyon sou sispansyon an.
3. Yon lèt pral ale jwenn paran/gadyen elèv ki sispansyon lan pou di :
 - a) Rezon pou sispansyon an
 - b) Yon deklarasyon sou data k longè sispansyon an
 - c) Yon deklarasyon sou si wi ou non Direktè a pral fikse yon reyinyon fòmèl pou konsidere plis disiplin, . . . jiska mete elèv la deyò lekòl la an konfòmite ak M.G.L,c.71, S37H

Lè nap konsidere sispansyon/ekspilasyon yon elèv ki koupab de yon krim, Direktè a pral itilize estanda ak prosedi ki etabli nan M.G.L. c.71, S37H1/2. An plis de sa, avan kòmansman prosedi yo, Direktè a ka rankontre enfòmèlman avèk elèv la ak paran li pou revize chaj la ak estanda ki aplikab yo si direktè a deside ki apwopriye.

EKSEPSYON POU EKSPILASYON AN IJANS

An plis de mezi ki mansyone anlè yo pou sispansyon pou kout ak long dire, yon etidyan ki koupab de yon ofans disiplinè ka entèdi tanporèman pou vin lekòl si prezans elèv la poze yon danje a moun a ou propriyete, ou yon gran deranjman a lòd nan lekòl la , e dapre jijman administratè a, pa gen lòt altènatif pou diminye danje ou deranjman an.

Administratè a pral ekri sirentandan imedyatman pou notifiye'l de ekspilasyon an e rezon pou sa, e deklari danje (ou deranjman) elèv la.

Ekspilasyon tanporè a pa pral depase de (2) jou lekòl apati jou ekspilasyon an ijans lan, pandan tan sa a administratè pral fè konnen bagay sa yo, ki gen rapò a dire sispansyon an :

- Fè efò rapid e rezonab pou fè elèv la ak paran'l konnen oralman ekspilasyon an ijans lan, rezon pou sa ak lot bagay ki konsène sa ;
- Bay yon avi ekri a elèv la e paran li kòm sa di nan Seksyon C ou D anlè a, ki aplikab;

- Bay elèv la yon opòtinite pou rankontre ak administratè a, si sa aplikab, e paran an yon chans pou vini nan rankont lan, avan ekspilasyon de (2) jou lekòl la, amwen ke plis tan pou rankont lan te aranje ant administratè a, elèv la ak paran li;
- Pran yon desizyon oralman menm jou rankont lan, e mete'l sou papye pa pi ta ke jou apre a.

Yon administratè pa ka retire yon elèv nan lekòl sou yon bas ijans pou ofans disiplinè jiskaske tout aranjman fin fèt pou sekirite ak transpò elèv la.

Apèl a Sirentandan

Si yon desizyon te pran pa yon administratè, apre rankont avèk paran an, pou sispann yon etidyan pou plis ke 10 jou lekòl kimilatif pandan yon menm ane lekòl, elèv la ka revandike desizyon an devan sirentandan an. Pou li ka fè sa, elèv la ou paran li dwe ranpli yon nòt ekri pou revandike a sirentandan an jiska 5 jou kalandrye avèk yon opsyon de 7 jou ekstansyon. Sirentandan an dwe fikse yon rankont jiska 3 jou apati rekèt elèv la, amwen ke elèv la ou paran li mande yon ekstansyon jiska 7 jou kalandrye. Si apè la pa fèt pandan tan fikse a, sirentandan an ka refize demann lan ou li ka pèmèt apèl dapre diskresyon'l pou yon bon koz.

Bagay sa yo aplikab :

- Sirentandan an pral fè yon efò sensè pou enkli paran an nan rankont lan. Nou konsidere ke sirentandan an te fè yon efò rezonab si li te eseye jwenn yon jou ak lè pou rankont lan ki tap pèmèt paran an ak sirentandan an patisipe. Sirentandan pra'l voye avi ekri bay paran an pou fè'l konnen dat, tan, ak lokal rankont lan.
- Sirentandan pra'l kondwi yon reyinyon pou detèmine si elèv la te komèt ofans disiplinè a ke yo akize'l la, e si se vre, ki konsekans sa pra'l genyen. Sirentandan an pra'l fè aranjman pou anrejistre (ak son) rankont lan, e elèv la ou paran li ka jwenn yon kopi si yon mande'l. Sirentandan an pra'l fè tout patisipan yo konnen avan reyinyon an ke rankont la nap anrejistre eke yon kopi pra'l jwenn elèv la ak paran li si yo fè demann lan.
- Etidyan pra'l gen tout dwa ki te mansyone yo nan rankont avèk administratè a pou sispansyon long dire kòm sa dekri nan Seksyon D anlè a.
- Sirentandan an pra'l pran yon desizyon jiska sek (5) jou kalandrye apati rankont lan selon sa Seksyon D anlè a mande pou sispansyon long dire. Si sirentandan an detèmine ke elèv la te komèt ofans lan, sirentandan an ka

enpoze menm konsekans ke administratè a te pran ou youn ki mwen grav, men li pa pra'l enpoze yon sispansyon ki pli sevè ke desizyon administratè a.

Desizyon sirentandan an konstitye desizyon final pou distri lekòl la.

Arasman

Arasman ki baze sou ras, laj, orijin nasyonal, sèks, gason/fi, oryantasyon seksyèl ou dezabilite ilegal e sa pap tolere. Nou egzije pou tout etidyan, anplwaye, geroup ki gen kontra ak Lekòl Piblik Lynn, ak lòt manm kominote lekòl la pou konpòte yo yon fason ki apwopriye eke yo dwe trete tout moun ak respè, diyite, koutwazi ak jistis.

Nenpòt kou jwenn, apre envestigasyon apwopriye, ki te angaje nan nenpòt fòm arasman vèbal ou fizik ap sijè ak aksyon disiplinè ki ka menm rive nan revokasyon ak ekspilasyon.

Nenpòt elèv ki kwè ki te sibi arasman dwe santi'l lib pou diskite sa avèk yon adilt kif è konfyans e/ou pote plent an pèsòn ou a lekri.

Arasman Seksyèl

Arasman seksyèl se atansyon seksyèl non swete ke yon elèv resevwa nan men nenpòt moun ki an kontak avèk elèv la nan kad edikasyon l'ap resevwa ou nan lòt aktivite ki konekte a lekòl la.

Ensidan arasman seksyèl ka enkli arasman vèbal (kòmantè denigran, bag sal ak betiz, remak, kesyon an rapò ak sèks), arasman fizik (touche non nesese e ofansan) ou arasman vizyèl (afich, kat, ti komik, grafiti, desen, fikse ak jès ofansan).

Arasman Seksyèl pa yon Elèv

Nenpòt elèv ki santi ki te viktim arasman seksyèl pa yon lòt elèv dwe rapòte ensidan an a yon profesè, konseye ou administratè lekòl la. Elèv yo dwe santi yo alèz pou chèche sekou yon adilt ki gen sans responsablite. Tout ensidan ki rapòte dwe envestige pa direktè a e/ou vis direktè a. Direktè a dwe mentni yon dosye ekri de tout rapò yo. Si li prouve ke yon elèv de viktim de arasman seksyèl pa yon lòt elèv, koupab la pral sijè a yonn ou tout konsekans sa yo : Rankont avèk Paran, Detansyon, Sispansyon Konplè, mande padon a viktim lan ak rapò a lapolis. Arasman ki f plizyè fwa, revanj, menas ou entimidasyon kont viktim lan pral konsidere yon ofans serye e sa ka gen pou rezilta rekòmandasyon direktè a Sirentandan Lekòl yo ak Komite Lekòl yo pou mete koupab la deyò.

Arasman Seksyèl pa yon Adilt

DES Nenpòt elèv ki santi ki te viktim arasman seksyèl pa yon adilt dwe rapòte sa imedyatman a yon lòt adilt ke elèv kwè li ka fè konfyans. Nenpòt anplwaye lekòl la ki resevwa enfòmasyon konsa dwe rapòte ensidan an imedyatman a direktè a. Direktè a dwe mentni yon dosye ekri de tout rapò yo. Si li detèmine ke yon adilt te arase yon etidyan seksyèlman, aksyon disiplinè serye ka pran kont adilt la. Nan kèk sikonstans, arasman/vyolans seksyèl ka konstitye abi seksyèl. Travayè lekòl yo (kòm rapòte oblije) dwe obeyi lwa leta konsènan abi/negijans timoun. Nan nivo lekòl la, direktè a responsab pou kolekte rapò ak mentni yon dosye ekri de tout rapò arasman seksyèl. Si konplent lan gen pou wè ak direktè lokal la, plent lan dwe fèt dirèkteman ak Sirentandan an. Tout akizasyon ki enplike moun kap travay nan lekòl la dwe rapòte imedyatman ak Sirentandan Lekòl yo. Sirentandan an dwe otorize imedyatman yon envestigasyon pa ofisyèl lekòl ki apwopriye yo. Envestigasyon an ka enkli entèvyou avèk tout moun ki enplike ou ki gen konesans de koze ak revizyon tout rapò ak dokiman konsènan ensidan an. Nan tout ka yo, yon ro nivo konfidansyalite pral mentni pa responsab lekòl la. Tout efò pra'l fèt pou proteje konfidansyalite viktim yo, moun ki pot plent yo, etidyan ak anplwaye yo pandan envestigasyon an ak rezilta ensidan an.

Disiplin des etidyan seksyon 504

Etidyan seksyon 504 yo sijè a menm aksyon disiplinè ke elèv ki pa gen dezablite yo, pouvi ke kondwit la pa yon manifestasyon de vrè dezabilite li ya. Yon Ekip 504 dwe kondwi yon detèminasyon manifestasyon chak lè yon elèv ki gen dezabilite sijè a sispansyon deyò lekòl la pou 10 jou konsekitif ou plis ke 10 jou kimilatif (si gen yon repatisyon nan eksklizyon) pandan yon menm ane lekòl. Si Ekip 504 konkli ke ofans lan se yon manifestasyon de dezabilite elèv la genyen, prosedi disiplin lan dwe kanpe e Ekip 504 dwe revize Plan 504 la pou detèmine si chanjman yo apwopriye. Si ofans lan se pa yon manifestasyon, elèv la sijè a menm aksyon disiplinè ke nenpòt elèv ki pa gen dezablite ta dwe resevwa pou menm ofans lan.

Pwosedi sou sispansyon elèv ki gen bezwen espesyal

Prosedri sa yo dwe swiv lè elèv ki gen bezwen espesyal ou elèv ki te idantifye kòm sila ki ka byen gen bezwen espesyal resevwa sispansyon:

1. Direktè a ou ranplasan li pral kenbe yon dosye sou kantite sispansyon andann lekòl ak sispansyon deyò lekòl la, enkli sispansyon pou transpò ke chak elèv avèk bezwen espesyal ki nan lekòl li a resevwa sou yon Lis Sispansyon (**LYNN SPED 14A**). Kopi Lis Sispansyon an dwe bay a Profesè an chèf Edikasyon Espesyal la ak SAC a.
2. Lè sispansyon kimilatif yon elèv rive nan uit (8) nan yon menm ane lekòl, SAC a nan lokal la pral kontakte Konseye Ajisteman an pou fè'l konnen ke elèv la bezwen yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl. Konseye Ajisteman an Chèf lekòl la pral asiyen evalyasyon konpòtman fonksyonèl la sou yon baz rotatif a yon Sikològ ou SAC nan lekòl. Aprè evalyasyon konpòtman fonksyonèl la fin bay, yon rapò sou evalyasyon konpòtman fonksyonèl la pral ekri e yon plan pou entèvansyon nan konpòtman pral etabli. Sikològ ou SAC lekòl la pral asire ke kopi rapò evalyasyon konpòtman fonksyonèl la e plan pou entèvansyon konpòtman an al jwenn profesè edikasyon espesyal elèv la ak Chèf EKIP edikasyon espesyal la.
3. Pou chak sispansyon yon elèv resevwa ki depase dis (10) jou lekòl, Direktè a ou ranplasan li a pral notifye paran an pa telefòn ou pa yon lèt sispansyon. (**LYNN SPED 14C**). Yon kopi lèt sispansyon an ak rapò sou ensidan an dwe al jwenn Chèf TEAM la ak Profesè an Chèf Edikasyon Espesyal la. Sa pral sèvi

kòm yon notifikasyon pou reyini EKIP la pou li ka kondwi yon detèminasyon manifestasyon. Lidè EKIP la dwe poste yon avi ak envitasyon (N3 & N3A) a manm EKIP lan, enkli paran an, notifiye yo kote rankont pou detèminasyon manifestasyon an pral fèt. Rankont pou detèminasyon manifestasyon an dwe fèt osito ke posib, men pa pi ta ke dis (10) jou lekòl apati dat aksyon disiplinè a te enpoze a

4. Nan rankont pou detèminasyon manifestasyon an, EKIP la dwe revize tout enfòmasyon relevan nan dosye elèv la, enkli IEP elèv la, rezilta evalyasyon pase yo, tout obzèvasyon profesè ak tout enfòmasyon ki relevan ke paran an founi. Apre yon revizyon enfòmasyon anlè yo, EKIP la pral reponn kesyon sa yo:
 - a. Eske kondwit an kesyon an koze pa, ou konekte dirèteman sibstansyèlman a dezabilite elèv la?
 - b. Eske kondwit an kesyon an rezilta dirèk fayit lekòl la pou enplemante IEP a?

Si li detèmine ke kondwit la se pat yon manifestasyon de dezabilite elèv la, prosedi disiplinè relevan ki aplikab a etidyan san dezabilite yo ka aplike a aplike a elèv la nan menm manyè yo tap aplike a elèv san dezabilite yo. Men, elèv edikasyon espesyal yo dwe gen aksè a plan etid general la ak sèvis nan IEP la. Elèv avèk bezwen espesyal la dwe tou kapab fè progre vè bi sou IEP la.

Si EKIP la detèmine ke kondwit la se te yon manifestasyon de dezabilite elèv la, yo paka sispann elèv la e elèv la dwe retounen nan program lekòl li te ye a, amwen ke paran an ak lekòl la dakò pou chanje elèv la lekòl kòm yon pati nan plan modifikasyon konpòtman an. An plis, EKIP la dwe swa kondwi yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl e kreye ou revize yon plan entèvansyon konpòtman pou elèv la.

5. Konsènan rezilta detèminasyon manifestasyon an, staf lekòl la ka retire elèv la nan plan edikatif li a pou 45 jou for the rezon sa yo:
 - a. Pote ou an posesyon yon zam nan lekòl, lakou lekòl la ou nan fonksyon lekòl la
 - b. Posede li menm ou pran dròg ilegal, ou vanna k solisite vann sibstans kontrole nan lekòl la, lakou lekòl la ak fonksyon lekòl la ; ou
 - c. Inflikte blesi sou kò ki serye nan lekòl, lakou lekòl la ou nan fonksyon nan lekòl la kote ki genyen :
 1. risk serye lanmò
 2. pèn fizik ekstrèm
 3. defigirasyon ki evidan
 4. pèt ou domajman fonksyon manm kò, ògan ou fakilte mantal

Klas Edikasyon Altènatif Enterim lan detèmine pa EKIP IEP elèv la. EKIP la dwe chwazi yon klas ki pèmèt elèv la patisipe nan program etid jeneral la, byen ke nan yon lòt kote, e pou fè progre nan akonplisman bi IEP'i yo. An plis, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl dwe fèt e plan pou entèvansyon nan kondwit dwe etabli. Aprè rankont lan, Lidè EKIP la dwe voye bay paran an yon lèt detèminasyon manifestasyon (**LYNN SPED 14**) ansanm avèk fòm detèminasyon IAES la (**LYNN SPED 14B**) ak Avi Prosedi Sekirite (**LYNN SPED 19 & 20**).

6. Lidè EKIP la dwe reyini EKIP IEP elèv la jiska senk (5) jou lekòl avan fen peryòd karant senk jou. Lidè EKIP la dwe notifiye (N3 & N3A) paran yo de rankont EKIP la omwen 10 jou lekòl avan rankont lan. Anplwaye IAES yo ka envite tou pou yo ka pataje ide pa yo.

Nan rankont EKIP la, EKIP la gen opsyon pou rekòmande:

- a. Elèv la retounen nan program li te ye avan an avèk ou san modifikasyon nan IEP, ou
- b. Chanje plasman an.

Egzijans prosedi aplikab pou etidyan ki poko detèmine elijib pou edikasyon espesyal

1. Si avan aksyon disiplinè a, yon distri konnen ke yon etidyan ka byen gen dezabilite, donk distri a pran tout prekosyon disponib pou elèv la jiskaske ak amwen ke yo te genten detèmine li pa elijib. Yo konsidere yon distri gentan konnen si :
 - a. Paran an te ekspriye sousi a lekri; ou
 - b. Paran an te mande yon evalyasyon; ou

- c. Staf distri a te fè direktè edikasyon espesyal la ou lòt sipèvizè konnen dirèkteman sou si yo akòz kèk konpòtman espesifik ke yon etidyan montre. Yo pa ka konsidere yon distri te konnen ka elèv la si paran an pa't konsanti pou yo evalye elèv la ou refize sèvis edikasyon espesyal, ou si yon evalyasyon elèv la prodwi rezilta ke li pa elijib.
2. Si distri a pa gen rezon pou konsidere elèv la kòm youn ki gen dezabilite, e paran an mande yon evalyasyon aprè aksyon disiplinè a, distri a dwe gen prosedi ki konsistan avèk règ federal yo pou fè evalyasyon san pèdi tan pou detèmine elijiblite.
3. Si yon jwenn elèv la elijib, donk li resevwa tout proteksyon baze sou dekouven elijiblite a.

POLITIK DISTRI AN / PWOSEDI YO

ENTÈDIKSYON POU ELÈV YO PA UTILIZE ALKÒL, TABAK AK DWÒG

Yon elèv pa dwe itilize oswa konsome, posede, achte oswa vann, ni fè kado okenn bwason ki gen alkòl kèlkeswa kantite a; okenn pwodui ki gen tabak, san wete vapè /sigarèt elektwonik; marigwana; estewoyid; oswa nenpòt sibstans ki sou kontwòl. Komite Lekòl la entèdi elèv itilize oswa konsome alkòl, pwodui tabak, oswa dwòg nan espas lekòl la oswa nan nenpòt fonksyon lekòl la.

Anplis de sa, nenpòt ki elèv nou jwenn ki anba enfluyans dwòg oswa bwason ki gen alkòl anvan oswa pandan oswa nan patisipasyon nan yon aktivite lekòl la patwone, n ap mete l deyò nan aktivite sa a e yo ka menm pran mezi disiplinè kont li.

Règleman sa a ap afiche sou sit entènèt distri a epi nòt sa a dwe al jwenn tout elèv ak paran yo jan lalwa Eta prevwa sa. Anplis de sa, distri a ap depoze yon kopi politik sa a nan DESE a jan lalwa prevwa sa a ak nan fason a DESE mande sa a.

ANSÈYMAN SOU ALKÒL, TABAK AK DWÒG

Ann akò ak lwa leta ak lwa federal la, Distri a dwe mete yon pwogram edikasyon ki baze sou bonjan prèv pou fè prevansyon kont alkòl, tabak ak dwòg nan klas K-12 yo selon laj ak devlopman yo.

Pwogram prevansyon kont alkòl, tabak ak dwòg la dwe abòde konsekans itilizasyon alkòl, tabak ak dwòg genyen nan domèn sosyal, legal ak konsekans sou sante epi mete aksan pou timoun ki nan laj pou ale lekòl pa itilize l. Pwogram nan tou dwe gen ladanl enfòmasyon sou teknik efikas ak konpetans devlopman pou retade epi evite itilizasyon san konte bay ladrès pou fè fas ak presyon kanmarad yo pou sèvi ak alkòl, tabak, oswa dwòg.

Objektif pwogram sa a, jan sa parèt anba a, tonbe daplon ak deviz Komite a ke prevansyon mande edikasyon, e aspè ki pi enpòtan nan règleman yo ak direktiv yo nan Distri a yo ta dwe edikasyon timoun ak jèn yo sou bonjan desizyon y ap pran:

- Pou evite, anpeche, ak / oswa diminye itilizasyon alkòl, tabak ak dwòg nan mitan timoun ak jèn moun.
- Pou ogmante konpreyansyon elèv yo sou konsekans itilizasyon alkòl, tabak ak dwòg genyen sou sante, nan lavi sosyal ak legal yo.
- Pou bay elèv yo bonjan ladrès pou jere pwòp tèt yo, ladrès sosyal, kapasite pou negosye ak kapasite pou refize ki pral ede yo pou pran bonjan desizyon epi evite sèvi ak alkòl, tabak ak dwòg.

Se direktè a ki pou rekòmande epi pou Komite Lekòl la dwe apwouve pwogram etid yo, materyèl edikatif ak rezilta yo itilize nan pwogram nan.

Règleman sa a ap afiche sou sit entènèt distri a epi nòt sa a dwe al jwenn tout elèv ak paran yo jan lalwa Eta prevwa sa. Anplis de sa, distri a ap depoze yon kopi politik sa a nan DESE a jan lalwa prevwa sa a ak nan fason a DESE mande sa a.

ENPASYALITE

Dapre règ nan Lekòl Piblik Lynn nou pa diskrimine sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, estati marital, laj, sèks, relijyon, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, dezabilite ak san zabri nan admisyon, bay aksè, tretman, ou travay nan program ak aktivite yo an konfòmite avèk lwa sila yo: Tit VI ak VII de Lwa Dwa Sivil ane 1964, Tit IX ki se amannman ane 1972 a Lwa Dwa Sivil yo, Seksyon 504 de Lwa ane 1973 sou Reyabilitasyon, Lwa kont Diskriminasyon baze sou Laj nan Travay, ak M.G.L. Ch. 76:5, M.G.L., Ch.151C

Yon plentif gen jiska trant (30) jou lekòl aprè yon ensidan ou ensidan yo ki te kondwi a plent lan ou jiska trant (30) jou lekòl apati lè li te okouran ou ta dwe konnen baze sou rezon sa'k te kondwi a plent la pou kòmanse prosedi pote plent lan.

Yon moun ki kwè ke yo diskrimine'l pou youn nan rezon ki mansyone anlè yo dwe swiv prosedi sila:

1. Plentif la dwe soumèt tout plent kont diskriminasyon sou papye (pa ekri) a direktè lokal ki pi pre'l la e/ou sipèvizè'l la pou konsiderasyon. Responsab la dwe ekzije ke sityasyon diskriminasyon an korije osito ke posib.
2. Dirèktè lekòl la pral envestige plent lan e bay yon repons a plentif la pandan yon entèvyou pèsònèl e pa ekri nan dis (10) jou lekòl apre li te resevwa plent ki te fèt sou papye a.
3. Si problèm lan pa rezoud, pandan yon rankont ou pa kominikasyon ekri, plentif la ka fè apèl pa ekri a koòdonatè Tit IX, 622, 504 la. Koòdonatè-a pral rankontre avèk plentif la e bay yon repons ekri nan jiska dis (10) jou lekòl apre li te resevwa plent ekri-a.
Barbara Rafuse, Dirktis Group Anplwaye
Lokal Administratif Lekòl Piblik Lynn
100 Bennett Street
Lynn, MA. 01905
781-477-7220
4. Si, a la fen de dis (10) jou lekòl aprè repons ekri Koòdonatè Tit IX la, ka a rete san rezoud, plentif lan gen dwa fè apèl a Sirentandan lekòl yo pa ekri.
5. Sirentandan lekòl yo pral envestige plent lan e reponn pa ekri plentif lan pa pi ta ke nan dis (10) jou lekòl apre li te resevwa plent lan.
6. Si ka-a rete san solisyon, plentif la ka prezante problèm lan pa ekri a Komite Lekòl yo jiska dis (10) jou lekòl apre li te resevwa repons Sirentandan lekòl yo. Komite Lekòl yo pral rankontre nan jiska kenz (15) jou lekòl pou revize ak konsidere sityasyon-an. Komite Lekòl yo pral bay plentif la yon repons ekri nan jiska senk (5) jou lekòl apre rankont yo-a.
7. Si ka a rete toujou san rezoud pou plentif la, li gen dwa fè apèl dirèkteman a Biro Dwa Sivil Distri a pou yon revizyon de Etap 1 a 6 yo, e pou kontinye ou mete fen a ka a avèk gidans ak enstriksyon biro sila a.

Piske li enpòtan pou yo panche sou plent yo osi rapidman ke posib, kankite jou ki mansyone yo pou chak etap yo se chif maksimòm yo ye e tout efò dwe fèt pou demach yo pa trennen.

Yon plentif ka pote plent nan youn nan ajans sila yo:

Depatman Edikasyon Etazini, Biro pou Dwa Sivil, 5 Post Office Square, Boston, Massachusetts 02109- 3921

Telefòn (617) 289-0011, Facsimile: (617) 289-0150, Email: OCR.Boston@ed.gov fason sa yo:

- Jiska 180 jou kalandrye de sispisyon diskriminasyon ou arasman an, ou
- Jiska 60 jou kalandrye resepsyon dispozisyon final ki soti nan Lekòl Piblik Lynn sou yon konplent ki te fèt a Lekòl Piblik Lynn ou
- Jiska 60 jou kalandrye de resepsyon yon desizyon final fèt pa Depatman Edikasyon Massachusetts, Biro Apèl Edikasyon Espesyal

Komisyon pou Menm Opòtinite nan Anplwa Etazini (EEOC) - 300 jou:
Bilding Federal John Kennedy, 475 Government Center, Boston, MA 02203, (800) 669-4000

Komisyon Kont Diskriminasyon nan Massachusetts (MCAD) – 300 jou:
Biro nan Boston: One Ashburton Place, Sal 601, Boston, MA 02108 (617) 994-6000

REFERANS LEGAL: Tit VI, Ak Dwa Sivil 1964
Tit VII, Ak Dwa Sivil 1964, amande pa Ak Menm Opòtinite nan Travay 1972
Tit IX, Amanman nan Edikasyon 1972
Ak Menm Peman, amande kòm Amanman nan Edikasyon 1972 Ak reyabilitasyon 1973
Ak Edikasyon pou tout Tomoun Andikape 1975

RÈGLEMEN AK PWOSEDI KONT ASÈLMAN

Pwosedri ak politik referans kont Asèlman ki baze sou sèks, idantite seksyèl, ras, koulè, orijin nasyonal, laj, oryantasyon seksyèl, andikap ak/oswa dezabilite.

- I. **Deklarasyon Politik Lynn Public Schools sou Asèlman: Asèlman** sou baz sèks, **idantite seksyèl, ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl oswa andikap** ilegal e yo pa pral tolere l nan Lynn Public Schools. **Asèlman**, sou nenpòt nivo, se yon fòm diskriminasyon. Asèlman defini tankou avans, demann oswa kondwit ki gen bi oswa efè entèferans irezonab avèk edikasyon yon moun oswa travay nan kreye yon anviwonman entimidasyon, ostil, imilyan, ofansiv, pwofesyonèl, edikasyonèl ki pa ansekirite. Sistèm Lynn Public Schools kwè ke nou gen yon angajman pou bay anplwaye ansanm avèk elèv yo yon anviwonman travay ak ansèyman ki san danje. Se kwayans Lynn Public Schools ke prevansyon vyolans nan lekòl, asèlman, ak diskriminasyon se yon preyoqipasyon esansyèl, e lap kreye yon klima lekòl ki sipòtif, respè tout manm yo nan kominote lekòl la, ak feزاب nan aprantisaj serye. Nou atann pou tout elèv, anplwaye, pati yo ke Lynn Public Schools gen kontra avèk yo a, ansanm avèk lòt manm yo nan kominote lekòl la kondwi tèt yo komsadwa avèk respè, diyite, koutwazi, ak tretman egal pou tout moun.
- II. **Politik Rezonman:** Nan Fevriye 1992, Tribinal Siprèm Etazini te deside dapre Tit IX nan Amanman 1972 sou Edikasyon, lekòl ak distri lekòl yo gen yon obligasyon pou pwoteje elèv yo kont tout fòm asèlman.

Yon lwa ki gen rapò sou idantite seksyèl (Chapit 199 nan Lwa 2011),¹ ki vin anvigè nan dat 1^{ye} Jiyè 2012, te modifye plizyè lwa Massachusetts ki entèdi diskriminasyon sou baz kategori ki detèmine, pou enkli diskriminasyon sou baz idantite seksyèl. Nan Jen 2012, Komisyon Konsèy Edikasyon Primè ak Segondè (Konsèy la) te adopte politik aksè revize a Opòtinite Edikasyon Egal 603 CMR26.00, pou reflète dispozisyon anti-diskriminasyon elaji pou elèv G.L. c. 76 §5 nan entèdi diskriminasyon sou baz kategori ki detèmine, pou enkli diskriminasyon sou baz idantite seksyèl.

III. **Kondwit Asèlman ki Entèdi Defini:** Kondwit ki entèdi gen ladan, men li pa limite a kondwit ki annaprè a lè li gen rapò a sèks yon moun, idantite seksyèl, ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, laj, andikap, oswa oryantasyon seksyèl ak lè kalite kondwit sa endezirab pa moun kap sibi li a:

1. bay moun nan non, anbete l, blag, rimè, oswa lòt remak degradan oswa imilyan;
2. rale rad oswa lòt bagay li posede;
3. grafiti;
4. remak oswa desen anime;
5. manyen yon moun oswa rad li nan fason ki endezirab;
6. grafik oswa postè ofansif, foto, kouvèti liv, oswa desen sou rad;
7. nenpòt mo oswa aksyon sa ki kapab pwovoke santiman malalèz, lawont, oswa sa ki fè mal;
8. emosyon mantal, oswa asèlman fizik, ansanm avèk menas sou sekirite yon moun oswa pozisyon nan lekòl oswa anviwonman travay;

Yo bay lis ki anwo a pou montre kèk egzanp konkrè sou kondwit ki konsidere kòm asèlman baze sou sa ki entèdi. Toutfwa, tout manm yo nan kominote Lynn school dwe evalye kondwit yo nan limyè definisyon ki annaprè yo nan diferan fòm asèlman. Si yo pat liste sèten kondwit anvan, men ki tonbe nan youn nan definisyon ki annaprè yo sou asèlman, alòs yap konsidere kondwit la kòm asèlman e lap entèdi.

IV. Definisyon diferan kalite fòm Asèlman

A. Asèlman Seksyèl/Sèks gen ladan avans seksyèl endezirab, demann pou favè seksyèl, kontak fizik ki motive seksyèlman oswa lòt kondwit vèbal oswa fizik oswa kominikasyon ki gen nati seksyèl lè yo:

1. Soumèt kondwit sa oswa kominikasyon an fèt nan yon tèm oswa kondisyon, swa eksplisit oswa enplisitman, pou jwenn edikasyon oswa kenbe travay;
2. Soumèt a oswa rejè kondwit sa oswa yo te itilize kominikasyon yon moun kòm yon faktè nan desizyon ki afekte edikasyon oswa travay yon moun; oswa
3. Kondwit oswa kominikasyon sa gen objektif oswa efè pou sibstansyèlman oswa derezonableman entèfere avèk edikasyon yon moun oswa travay, oswa kreye yon anviwonman travay, edikasyon ofansif, ostil oswa entimidasyon;
4. Negativman afekte opòtinite travay oswa edikasyon yon moun.
5. Asèlman seksyèl ka baze sou sèks, idantite seksyèl oswa oryantasyon seksyèl

Asèlman Seksyèl/Sèks enkli men ki pa limite a:

1. Asèlman endezirab vèbal oswa abi;
2. Presyon endezirab pou aktivite seksyèl;
3. Manyen endezirab ki motive seksyèlman oswa karès, pense, oswa lòt kontak seksyèl ot ke restriksyon ki rezonab ak nesèsè pou elèv yo pa pwofesè, administratè, oswa lòt pèsonèl lekòl la pou evite domaj fizik sou moun oswa pwopriyete;
4. Konpòtman seksyèl endezirab oswa mo, enkli demann pou favè seksyèl, ki akonpaye pa menas enplisit oswa eksplisit sou kondisyon travay oswa edikasyon yon moun;
5. Konpòtman seksyèl endezirab oswa mo, enkli demann pou favè seksyèl, ki akonpaye pa menas enplisit oswa eksplisit oswa sou pwomès pi bon tretman osijè kondisyon travay oswa edikasyon yon moun;
6. Konpòtman ki pa apwopriye oswa mo anvè yon moun akòz de sèks li.

Asèlman Seksyèl/Sèks ka gen ladan kondwit ki entèdi jan li defini anwo a sa ki ka rive ant manm yo ki gen menm sèks.

B. Asèlman Idantite Seksyèl gen ladan kondwit fizik, vèbal, grafik oswa ekri oswa lòt kondwit vèbal oswa fizik oswa kominikasyon ki ase grav, omni-prezan oswa pèsistan kidonk tankou pou entèfere avèk oswa limite kapasite yon moun pou patisipe nan oswa benefisye nan pwogram distri oswa aktivite yo.

Asèlman Idantite Seksyèl gen ladan men ki pa limite a:

1. Refize ogmante, benefis, pwomosyon, opòtinite lidèchip oswa evalyasyon pèfòmans sou baz sèks yon moun, idantite seksyèl, oswa ekspresyon seksyèl.
 2. Anpeche nenpòt moun pou itilize etablisman oswa sèvis yo akòz sèks moun sa, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl
 3. Fè detèminasyon sou salè yon moun baze sou sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl
 4. Refize aksè a yon pwogram edikasyon baze sou sèks moun sa, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl.
 5. Ensiste oswa favorize yon anviwonman ki pa akeyan oswa ostil baze sou sèks moun nan, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl
- C. Asèlman Ras/Koulè** gen ladan ensilt rasyal, remak ofansif oswa deplase sou ras oswa koulè yon moun, afiche senbòl rasyal oswa ofansif:
1. Gen pou bi oswa efè pou kreye yon anviwonman travay oswa akademik ki gen entimidasyon, ostil, ak ofansif
 2. Gen pou bi oswa efè pou sibstansyèlman oswa nan fason ki derezonab entèfere avèk pèfòmans travay oswa akademik yon moun
 3. Afekte otreman negativman opòtinite travay ak akademik yon moun
- D. Asèlman Orijin Nasyonal** gen ladan kondwit fizik oswa vèbal, sa ki gen rapò a orijin nasyonal moun nan lè kondwit la:
1. Gen pou bi oswa efè pou kreye yon anviwonman travay oswa akademik ki gen entimidasyon, ostil, ak ofansif;
 2. Gen pou bi oswa efè pou sibstansyèlman oswa nan fason ki derezonab entèfere avèk pèfòmans travay oswa akademik yon moun;
 3. Afekte otreman negativman opòtinite travay ak akademi yon moun.
- E. Asèlman Relijye** gen ladan kondwit vèbal oswa fizik ki gen rapò a relijyon yon moun lè kondwit la:
1. Gen pou bi oswa efè pou kreye yon anviwonman travay oswa akademik ki gen entimidasyon, ostil, ak ofansif;
 2. Gen pou bi oswa efè pou sibstansyèlman oswa nan fason ki derezonab entèfere avèk pèfòmans travay oswa akademik yon moun;
 3. Afekte otreman negativman opòtinite travay ak akademi yon moun.
- F. Asèlman sou laj** gen ladan kondwit vèbal oswa fizik ki gen rapò a laj yon moun lè kondwit la:
1. Gen pou bi oswa efè pou kreye yon anviwonman travay oswa akademik ki gen entimidasyon, ostil ak ofansif;
 2. Gen pou bi oswa efè pou sibstansyèlman oswa nan fason ki derezonab entèfere avèk pèfòmans travay oswa akademik yon moun;
 3. Afekte otreman negativman opòtinite travay ak akademik yon moun.
- G. Asèlman Oryantasyon Seksyèl** gen ladan kondwit vèbal oswa fizik ki gen rapò a oryantasyon seksyèl yon moun lè kondwit la:
1. Gen pou bi oswa efè pou kreye yon anviwonman travay oswa akademik ki gen entimidasyon, ostil ak ofansif;
 2. Gen pou bi oswa efè pou sibstansyèlman oswa nan fason ki derezonab entèfere avèk pèfòmans travay oswa akademik yon moun
 3. Afekte otreman negativman opòtinite travay ak akademik yon moun
- H. Asèlman Andikap ak/oswa Dezabilite** gen ladan kondwit vèbal oswa fizik ki gen rapò a andikap yon moun /dezabilite lè kondwit la:
1. Gen pou bi oswa efè pou kreye yon anviwonman travay oswa akademik ki gen entimidasyon, ostil ak ofansif;
 2. Gen pou bi oswa efè pou sibstansyèlman oswa nan fason ki derezonab entèfere avèk pèfòmans travay oswa akademik yon moun;

3. Afekte otreman negativman opòtinite travay ak akademik yon moun;

V. Pwosedi Referans

A. Rapòte Responsabilite: Nenpòt moun ki kwè ke yon elèv, pwofesè, administratè, oswa lòt pèsònèl lekòl la te angaje nan kondwit ki entèdi pa politik sou asèlman Lynn Public Schools ta dwe rapòte swadizan kondwit ki entèdi a opli vit ke posib bay otorite yo nan distri lekòl ki apwopriye a jan li deziyen pa deklarasyon politik la. Distri lekòl la ankouraje pleyan pou itilize fòm pou pote plent pou asèlman ki enkli la. Kopi fòm sa a pral disponib nan men direktè chak lekòl ak otorite distri lekòl la deziyen ansanm avèk X-Drive. Yo pral konsidere rapò vèbal yo tou kòm plent e yo pral dokimante nan fòm plent pou asèlman opli vit ke posib apre yo fin fè rapò vèbal la.

Anyen nan deklarasyon politik sa a ap anpeche nenpòt moun pou rapòte yon swadizan kondwit ki entèdi dirèkteman a Sipè-entandan lekòl yo. Anplis, anyen nan rapò sa a pral anpeche nenpòt moun pou rapòte yon swadizan kondwit ki entèdi a yon administratè ot ke otorite distri lekòl la deziyen, oswa nan ka yon elèv, a yon pwofesè oswa konseye.

1. Lynn Public Schools deziyen Sipè-entandan lekòl yo e Direktè pèsònèl la gen responsabilite pou kontwole administrasyon pwosedi sa yo ak pou kontwole respè.
 2. Nan chak lekòl, direktè lekòl la ak/oswa yon reprezantan se moun, ki responsab pou resevwa ak fè ankèt sou rapò vèbal oswa alekri sou swadizan kondwit ki entèdi. Nenpòt anplwaye lekòl ki resevwa yon rapò sou swadizan kondwit ki entèdi ap enfòmè direktè ak/oswa reprezantan an opli vit ke posib. Si plent lan enplike direktè lekòl la, yo dwe depoze rapò a dirèkteman bay sipè-entandan.
 3. Nan tout depatman yo nan distri a, administratè a oswa reprezantan l se moun ki responsab pou resevwa ak fè ankèt sou rapò alekri oswa vèbal sou swadizan rapò kondwit ki entèdi. Nenpòt anplwaye nan distri lekòl la ki resevwa yon rapò sou swadizan kondwit ki entèdi a ap enfòmè administratè a oswa reprezantan an opli vit ke posib. Si plent lan enplike administratè nan tout distri a, yo pral depoze plent lan dirèkteman avèk sipè-entandan.
- Nan inite 1, 2, ak 3, administratè yo pral chwazi yon reprezantan nan sèks opoze a. Lè yo fè sa, pleyan yo gen chwa pou yo fè rapò sou swadizan kondwit ilegal a yon gason oswa yon fi.

Sou rezolisyon ensidan ki entèdi pa deklarasyon politik sa a, yo te transfere tout fòm Asèlman bay Sipè-entandan lekòl yo

B. Pwosedi Envestigasyon pou Plent: Lè yo fin resevwa yon rapò oswa plent de yon swadizan kondwit ki entèdi, administratè responsab la ap kòmanse yon ankèt atan sou swadizan ensidan an. Si sa jistifye pa sikonstans yo sipè-entandan lekòl yo, Direktè Pèsònèl la, oswa yon tyès pati (sètadi, HAWC) ki pral bay Sipè-entandan an rapò a dirèkteman.

Ankèt la ka gen ladan entèvyou pèsònèl avèk pleyan (yo), kont moun (yo) yo depoze plent lan, ansanm avèk lòt moun ki gen konesans sou swadizan ensidan oswa sikonstans ki te lakoz plent lan. Ankèt la ka gen ladan tou nenpòt lòt metòd ak dokiman ke pati kap fè ankèt an jije enpòtan.

Nan detèmine si “swadizan kondwit” la konstitye yon vyolasyon nan politik sa a, pati kap fè ankèt la ap konsidere sikonstans ki antoure yo: nati konpòtman an, ensidan ki pase yo oswa modèl konpòtman ki pase yo, relasyon ant pati yo ki enplike, ak kontèks kote swadizan ensidan yo te rive. Kesewa yon aksyon patikilye oswa yon ensidan ki konstitye yon vyolasyon nan politik sa egzijè yon detèminasyon baze sou tout fè ak sikonstans ki antoure yo.

Si ou neglije pou ankete yon plent jan li bay la oswa si w neglije pou voye fòm plent asèlman bay sipè-entandan Lekòl yo. Aksyon disiplinè sa yo ka gen ladan, men li pa limite a reprimann, sispansyon, transfè oswa tèminalasyon travay. (aksyon disiplinè pral konsistan avèk akò negosyasyon kolektif, lwa eta ak federal, ak politik distri lekòl yo.)

- C. Rezolisyon /Aksyon Korektiv:** Lè yo fin fè yon ankèt, administratè a oswa reprezantan l ap pran aksyon korektiv ki apwopriye.
- 1.** Si li pwouve, apre ankèt la, ke yon moun te depoze yon fo plent entansyonèlman, yo pral pran aksyon disiplinè apwopriye kont moun sa. (Gade Seksyon. D)
 - 2.** Si li pwouve, apre envestigasyon an, ke ensidan ki rapòte a konstitye nenpòt fòm asèlman, administratè a pral pran aksyon ki apwopriye. (Gade Seksyon. D)
- D. Egzanp Aksyon Disiplinè /Korektiv:** Selon gravite asèlman an, kalite aksyon sa ka gen ladan, men li pa limite a, yon eskiz, enstriksyon pou mete fen nan konpòtman ofansif la, notifikasyon bay paran ak/oswa konferans, konsèy oswa fòmasyon, avètisman sou plis aksyon korektiv grav si konpòtman an kontinye, sispansyon, eksklizyon, mete deyò, transfè, revokasyon nan travay. (Aksyon disiplinè / Korektiv ke yo te pran pral konsistan avèk pwovizyon akò negosyasyon kolektif, lwa eta ak federal, ak politik distri lekòl yo.)

VI. Reprezay:

Distri lekòl la ap pran aksyon disiplinè apwopriye kont nenpòt moun ki fè vanjans kont yon moun ki pote rapò oswa ki ede nan ankèt yon swadizan vyolasyon nan politik sa a. Vanjans gen ladan, men li pa limite a, nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa asèlman. (Gade IV-D pou egzanp aksyon disiplinè. Aksyon disiplinè pral konsistan avèk pwovizyon akò negosyasyon kolektif, lwa eta ak federal, ak politik distri lekòl la.)

VII. Dwa a Altènatif Plent:

Pwosedi sa yo pa nye dwa nenpòt moun pou chèche lòt mwayen rekou.

PLENT SOU ASÈLMAN

Nenpòt elèv, paran/gadyen, oswa anplwaye ki santi ke yo te sibi asèlman oswa diskriminasyon sou baz ras, koulè, laj, orijin nasyonal, sèks/sèks fi oswa gason, idantite seksyèl, oswa andikap ka diskite ak/oswa depoze yon plent lè yo itilize fòm sa a.

Plent depoze kont _____

Anplwaye _____ Elèv _____

Non Pleyan _____

Anplwaye _____

Elèv _____ Paran/Gadyen _____

Adrès kay _____ Telefòn _____

Dat plent _____ Dat Ensidan _____

(Si li ka pwouve ke yon moun te depoze yon fo plent entansyonèlman, yo pral pran aksyon disiplinè kont moun sa.)

- | | |
|---------------------------|------------------------------|
| A. Sèksyèl/Sèks _____ | E. Relijyon _____ |
| B. Idantite Seksyèl _____ | F. Laj _____ |
| C. Koulè _____ | G. Andikap/Dezabilite _____ |
| D. Orijin Nasyonal _____ | H. Oryantasyon Seksyèl _____ |

Deklarasyon ensidan (dwe gen ladan tout enfòmasyon enpòtan – kiyès, kijan, kilè, ki kote, konbyen fwa, lang espesifik, temwen). Yo ka ranpli yon pati nan fòm lan avèk èd direktè a oswa reprezantan l.

Siyati Pleyan: _____

Rezolisyon Ensidan: _____

Dat Rezolisyon _____ Direktè/Reprezantan _____

Siyati Pleyan an _____ Dat _____

Siyati tout/lòt pati (yo) ki enplike _____

Si nenpòt nan pati yo panse ke yo pat jere plent lan nan yon fason ki ekitab, satisfèzan, oswa nan yon delè rezonab, li gen dwa pou l konteste desizyon Sipè-entandan lekòl yo oswa reprezantan l.

Siyati Pleyan _____

Yo dwe kenbe tout plent yo nan yon dosye konfidansyèl nan biwo Sipè-entandan lekòl yo.

I. Objektif:

1. rezolisyon ki san danje, rapid, ak efikas sa ki ogmante sekirite ak konfidansyalite;
2. rezolisyon sa ki pèmèt elèv yo, kote li posib, pou chanje atitid ak konpòtman yo;
3. yon atmosfè lekòl sa ki rann li san danje ak enpòtan pou yon elèv fè yon adilt konfyans;
4. repons a ensidan ki rekonèt diferans kiltirèl yo men kontinye konfòme a politik lekòl la;
5. itilizasyon konplè sou tout resous yo, andedan ak andeyò lekòl la, pou ede anplwaye ak elèv yo fè fas a pwoblèm sa yo.

Konsiderasyon:

- Yo dwe etabli yon maksimòm konfidansyalite pou tout elèv ki enplike yo; sekirite dwe toujou yon kesyon kle;
- medyasyon ant elèv pa janm apwopriye pou sitiyasyon sa yo;
- pa janm mete elèv ki enplike yo ansanm anvan yon investigasyon sou ensidan an;
- yon desizyon pou etabli yon reyinyon ant etidyan ki pote rapò a, agresè, ak administrasyon lekòl ki apwopriye a ak pwofesè ka fèt sèlman nan ka asèlman seksyèl apre yo te fin fè yon ankèt avèk akò konplè elèv ki pote rapò a e avèk mezi sekirite ki anplas.

II. **Pwosedri pou reponn a asèlman seksyèl elèv ak elèv, vyolans nan renmen, agresyon seksyèl oswa ensidan vyòl**: Lè yo rapòte yon ensidan, pase oswa prezan a nepòt manm pèsònèl, li dwe imedyatman:

1. etabli sekirite fizik oswa emosyonèl elèv ki pote rapò a; fè li jwenn yon kote ki konfòtab, ansekirite;
2. rele sekirite si gen yon danje ankou oswa enfimyè lekòl la si gen nepòt blesi;
3. pa mete ansanm elèv ki fè rapò a avèk agresè a;
4. enfòm prenipal/direktè a oswa reprezantan I;
5. enfòm prenipal/direktè a oswa reprezantan I sou nepòt lòt elèv ki enplike.

III. Prenipal/direktè a oswa reprezantan I, ak manm ekip la yo se moun prensipal pou bay rapò chak ensidan. prenipal/direktè ki resevwa rapò a pral:

1. enfòm nepòt lòt prensipal ki gen elèv yo ki te enplike;
2. fè ankèt sou plent lan: rankontre separeman avèk elèv ki enplike yo;
3. pale avèk temwen si sa nesesè;
4. detèmine fè yo;
5. evalye nivo entèvansyon ki endike;
6. enfòm Sipè-entandan nan lespas 24 èdtan sou nepòt ensidan; asèlman seksyèl, vyolans nan frekantasyon; oswa agresyon seksyèl ki pa vyole konfidansyalite.

IV. Nivo Entèvansyon

1. Nivo I - Rezolisyon nan Nivo Lekòl la:

Apwopriye pou plent sou asèlman seksyèl gen ladan langaj vèbal oswa alekri oswa touche envolontè; yon senp ensidan kote laperèz pa ankoz; plent lan pa rive nan kondisyon yo ki nan Nivo II.

- Si yo jwenn asèlman, moun prensipal ki enplike a mande viktim nan sou rezolisyon li vle epi evalye egalman atitid agresè a.
- Yon reyinyon ant elèv ki fè rapò a ak agresè a ka fè pati nan rezolisyon an sèlman si elèv ki fè rapò a vle yon reyinyon e li santi li ansekirite, si toulède oswa tout pati yo dakò pou reyinyon an e yon adilt prezan.
- Yo pral enfòm paran yo lè li apwopriye.
- Yap enplike disiplin si yo jije sa apwopriye.

2. Nivo II - Konferans sou Ka:

Apwopriye pou plent asèlman seksyèl oswa vyolans nan frekantasyon ki gen ladan yon modèl asèlman, karès, entimidasyon fizik oswa emosyonèl, menas ki pa omisid (gade Nivo III), ak/oswa laperèz pou sekirite bò kote elèv kap fè rapò a. Objektif Nivo II se pou evalye kijan li pi bon pou apwoche chak elèv avèk espwa pou desekalade vyolans lan ak yon rezilta, sa ki ede agresè a, fès fas ak chanje konpòtman.

- Pèsonèl kle a pral konsilte, lè sa nesèsè, avèk èd pou Fanm ak Timoun ki Viktim [Abused Women and Children (HAWC)] Pwojè COPE Pwogram Batteries, ak anplwaye sekirite lekòl la pou evalye faktè danje oswa ki kapab koze lanmò ak entèvansyon ki gen plis chans, enkli referans posib elèv ki fè rapò a ak/oswa sesyon konsèy pou agresè a.
- Yo pral enfòme paran viktim nan (yo) apre yo fin travay avèk viktim nan epi devlope yon plan ki asire sekirite l. Yo pral enfòme paran (yo) nan lespas 24 èdtan.
- Pèsonèl kle ki enplike yo pral devlope yon plan entèvansyon ki pran an konsiderasyon enfòmasyon sou elèv ki enplike yo; yon revizyon de tout resous posib; konfidansyalite viktim lan.
- Prensipal /direktè a pral pran desizyon final la sou entèvansyon ak/oswa disiplin. Disiplin ka gen ladan patisipasyon obligatwa nan yon pwogram bat konsèy prive, oswa yon obligasyon ke agresè a ansanm avèk zanmi li yo pou rete lwen elèv ki fè rapò a. Disiplin ka gen ladan tou youn oswa plis nan sa ki annaprè a: detansyon, sispansyon, konferans paran, oswa ranvwa a lapolis.

3. Nivo III - Asistans Lapolis / Tribinal:

Apwopriye pou vyolans nan frekantasyon ki enplike danje fizik sa ki ogmante nivo agresyon kriminel, menas omisid oswa swisid, patikilyèman pa yon moun ki pa vyolan, vyolasyon yon restriksyon òdonans ki egziste deja, oswa agresyon seksyèl oswa vyòl. Objektif Nivo III se pou entèveni imedyatman nan yon sitiyasyon vyolan, entèwonp menas grav danje pou tèt ou oswa lòt moun, ak patisipasyon ofisye lapolis ki fòme nan ensidan agresyon seksyèl.

- Pèsonèl kle a pral rele prensipal/direktè, a e si nesèsè, sekirite lekòl la. Nan ka agresyon seksyèl oswa vyòl, lapolis pral fè entèvyou ki apwopriye avèk elèv la epi fè yon rapò alekri epi depoze plent fòmèl si nesèsè; yo ka enfòme avoka tribinal la;
- Prensipal/direktè a pral deside sou opòtinite pou notifiye paran/gadyen (konfidansyalite/ensès).
- Yo pral asire sekirite elèv la.
- Prensipal/direktè a, avèk asistans pèsonèl kle a, pral konsilte avèk lapolis HAWC, Pwojè COPE, konseye lekòl la oswa konseye ki andeyò pou detèmine pi bon entèvansyon pou tout elèv ki patisipe yo. Yo pral depoze yon A 51A.

Disiplin ka gen ladan youn oswa plis nan sa ki annaprè a: detansyon, sispansyon, konferans paran, ranvwa a lapolis ak posib ekspilsyon.

LEKÒL PIBLIK LYNN

Plent Asèlman Seksyèl /Vyolans nan Frekantasyon / Agresyon Seksyèl

Plent ki fèt kont: _____

Non Anplwaye yo: _____ Elèv: _____

Pleyan: _____

Anplwaye: _____ Elèv: _____ Paran/Gadyen: _____

Adrès Kay: _____

Telefòn: _____ Dat Plent: _____ Dat Ensidan an: _____

(Si li ka pwouve ke yon moun te depoze yon fo plent entansyonèlman, yo pral pran aksyon disiplinè kont moun sa).

Deklarasyon ensidan (dwe gen ladan tout enfòmasyon enpòtan – kiyès, kijan, kilè, ki kote, konbyen fwa, lang espesifik, temwen). Yo ka ranpli yon pati nan fòm lan avèk èd prensipal la oswa reprezantan l.

Siyati Pleyan an: _____

Rezolisyon Ensidan an: _____

Dat Rezolisyon: _____ Direktè/Reprezantan: _____

Siyati tout lòt pati ki enplike yo: _____

Si nenpòt nan pati yo panse ke yo pat jere plent lan nan yon fason ki ekitab, satisfèzan, oswa nan yon delè rezonab, li gen dwa pou l konteste desizyon Sipè-entandan lekòl yo oswa reprezantan l.

Siyati Pleyan: _____

Yo dwe kenbe tout plent yo nan yon dosye konfidansyèl nan biwo Sipè-entandan lekòl yo.

Abi sou Timoun ak Neglijans

Seksyon 51 A. (a) Yon moun ki mandate pou fè rapò ki, nan responsablite pwofesyonèl li, gen yon koz rezonab pou li kwè yon timoun ap souffri prejidi fizik oswa emosyonèl ki soti nan: (i) abji yo fè l ki koze domaj oswa risk enpòtan pou domaje sante oswa byennèt timoun lan, ansanm ak abi seksyèl; (ii) neglijans, ki gen ladan l malnitrisyon; (iii) depandans fizik ak yon medikaman depi lè l fèt, dwe kominike tousuit ak Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF) oralman epi, nan espas 48 èdtan, dwe depoze yon rapò ekri bò kote Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF) ki detaye abi oswa neglijans li sispèk lan; oubyen (iv) se yon timoun ki ap sibi eksplwatasyon seksyèl; oswa (v) se yon viktim trafik moun jan seksyon 20M chapit 233 defini sa a.

Si yon moun ki mandate pou fè rapò se yon manm pèsonèl yon enstitisyon medikal oswa lòt enstitisyon, lekòl oswa etablisman piblik osinon prive, moun ki mandate pou fè rapò an ka avize pito moun oswa ajan yo nonmen responsab enstitisyon, lekòl oswa etablisman sa a ki dwe vin responsab pou avize Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi yo nan fason seksyon sa a egzije l lan.

Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi yo

330 Lynnway, Suite 201

Lynn, MA 01901

Telefòn 781-477-1600

Liy gratis pou Timoun ki Riske

800-792-5200

<https://www.mass.gov/locations/dcf-lynn-area-office>

POLITIK SOU RESTRIKSYON NAN LEKÒL PIBLIK LYNN YO

Jan lalwa mande sa, Lynn Public Schools (nan suit tèks la nou rele l "Lynn") konfòme li pa rapò a règleman kontrent Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (nan suit tèks la nou rele l "DESE"), règleman sa a yo, ki twouve yo nan 603Lèt CMR 46.00 ak atik ki vini apre yo (nan suit tèks la nou rele l "Règleman"). Dapre tèm yo, Règleman yo aplike pa sèlman nan lekòl la men tou nan evènman ak aktivite lekòl la patwone, ke yo fèt sou pwopriyete lekòl la ou non.

Nou bay yon vizyon global Règleman yo anba la a.

Objektif. Yo dwe konsidere kontrent fizik¹ kòm yon pwosedi ijans ki dwe fèt an dènye rekou, e yo dwe entèdi l nan pwogram edikasyon piblik eksepte lè konpòtman yon elèv reprezante yon menas atak fizik, oubyen yon domaj fizik iminan, grav, pou pwòp tèt pa li oswa lòt moun epi elèv la pa reponn a direktiv vèbal oswa lòt entèvansyon konpòtman mwen anvayisan ki legal ak/oswa lòt altènativ, oswa entèvansyon sa a yo ak/oswa altènativ yo konsidere kòm pa apwopriye nan sikonstans yo. Yo dwe entèdi kontrent kouche plat fas atè² nan

pwogram edikasyon piblik eksepte nan limit ke lalwa pèmèt. Tout kontrent fizik, gen ladan yo kontrent kouche plat fas atè, lè yo pèmèt, yo dwe administre yo an konfòmite avèk 603 CMR 46.05.

Kontrent fizik pa dwe itilize:

- (a) Kòm yon mwayen pou disiplin oswa pinisyon;
- (b) lè yo pa ka kontrenn elèv la san danje paske sa medikalman kontendike pou rezon ki gen ladan yo, men ki pa limite a sa sèlman, asm (maladi opresyon), kriz, yon maladi kè, obezite, bwonchit, andikap ki gen rapò ak kominikasyon, oswa risk pou vomisman;
- (c) kòm yon repons pa rapò a destriksyon pwopriyete, boulvèsman nan lòd lekòl la, refi yon elèv pou l konfòme l a yon règleman oswa direktiv, oswa menas vèbal, lè aksyon sa a yo pa reprezante yon menas oswa yon atak fizik, oswa yon domaj fizik iminan, grav;
- (d) kòm yon repons estanda pou kèlkanswa elèv la an patikilye. Okenn plan konpòtman endividyèl oswa pwogram edikasyon endividyèl (IEP) pa ka gen ladan itilizasyon kontrent fizik kòm yon repons estanda pou kèlkanswa konpòtman an. Kontrent fizik se yon pwosedi ijans an dènye rekou.

¹ **Kontrent fizik** vle di kontak fizik dirèk ki anpeche oswa siyifikativman mete restriksyon sou libète mouvman yon elèv. Kontrent fizik pa gen ladan: kontak fizik tou kout pou favorize sekirite yon elèv, bay direksyon oswa envit fizik lè y ap anseye yon konpetans, redirije atansyon, bay konfò, oswa yon eskòt fizik.

² **Kontrent kouche plat fas atè** vle di yon kontrent fizik kote yo mete elèv la fas atè sou planche a oubyen yon lòt sifas, epi yo aplike presyon fizik sou kò elèv la pou kenbe elèv la nan pozisyon fas atè a.

Kontrent mekanik³, kontrent medikaman⁴, ak izolman⁵ dwe entèdi nan pwogram edikasyon piblik yo. Time-out (ti tan deyò) pa yon izolman, jan sa defini nan Règleman yo.⁶

Règleman yo pa limite pwoteksyon yo bay elèv ke leta finansè dapre lòt lwa eta oswa lòt lwa federal, gen ladan lwa sa a yo ki dispoze pou dwa elèv yo te wè ki kalifye pou resevwa sèvis edikasyon espesyal.

Administrasyon Apwopriye Kontrent Fizik. Se sèlman pèsonèl Lynn Public Schools ki te resevwa fòmasyon dapre Règleman yo ki dwe administre kontrent fizik sou elèv yo. Depi sa posib, omwen yon granmoun ki pa patisipe nan kontrent lan dwe obsève administrasyon kontrent lan kòm temwen. Pa gen anyen nan règleman sa a ki dwe anpeche yon pwofesè, anplwaye oswa ajan Lynn Public Schools sèvi avèk fòs rezonab pou pwoteje elèv yo, lòt moun oswa pwòp tèt pa yo kont atak fizik oswa domaj fizik iminan, grav. Lè y ap administre yon kontrent fizik, anplwaye ki resevwa fòmasyon dwe konfòme yo a egzijans legal yo konsènan itilizasyon fòs, metòd, dire kontrent nan, ak sekirite, jan sa fikse nan Règleman yo.

Fòmasyon Pèsonèl la. Tout anplwaye lekòl la dwe resevwa fòmasyon pa rapò a règleman ak egzijans distri a pou prevansyon kontrent ak priz an chaj konpòtman lè yo itilize kontrent. Fòmasyon an dwe gen ladan enfòmasyon sou wòl divès kalite moun nan prevansyon kontrent, règleman ak pwosedi prevansyon kontrent ak priz an chaj konpòtman, entèvansyon ki ka anpeche ke kontrent vin nesèsè, kalite kontrent fizik ki pèmèt ak konsiderasyon sekirite ki an rapò ak sa, epi administrasyon kontrent fizik ann akò ak limitasyon medikal oswa sikolojik, antesedan twomatism ki koni oswa sispèk, ak/oswa plan entèvansyon sou konpòtman ki aplikab pou yon elèv an patikilye.

Anplis de sa, lekòl la dwe idantifye anplwaye espesifik ki otorize pou yo sèvi kòm resous pou tout lekòl la pou ede nan asire administrasyon apwopriye kontrent fizik. Moun sa a yo dwe patisipe nan fòmasyon apwofondi nan itilizasyon kontrent fizik ak aplikasyon Règleman yo.

³ **Kontrent mekanik** vle di itilizasyon nenpòt aparèy oswa ekipman pou limite libète mouvman yon elèv.

⁴ **Kontrent medikaman** vle di administrasyon medikaman nan objektif pou kontwòl konpòtman pou yon ti tan.

⁵ **Izolman** vle di fèmen yon elèv poukont li san se pa volonte elèv la nan yon sal oswa nan yon espas kote yo anpeche elèv la fizikman pou li soti.

⁶ **Time-out (ti tan deyò)** vle di yon estrateji priz an chaj konpòtman ki devlope dapre 603 CMR 46.04 (1) kote yon elèv separe tanporèman de aktivite aprantisaj sal klas la, swa paske li chwazi sa, swa se pèsònèl la ki mande sa, nan objektif pou kalme elèv la. Pandan time-out la, yon manm pèsònèl la dwe obsève elèv la kontinyèlman. Pèsònèl la dwe rete avèk elèv la oswa imedyatman disponib pou elèv la tout tan. Espas ki itilize pou time-out la dwe pwòp, san danje, sanitè, epi apwopriye pou objektif kalme elèv la. Time-out la dwe sispann imedyatman apre elèv la kalme.

Egzijans pou Bay Rapò. Anplwaye pwogram lan dwe rapòte itilizasyon nenpòt ki kontrent fizik, jan Règleman yo egzije sa. Manm pèsònèl ki te administre kontrent lan dwe notifiye direktè lekòl la vèbalman pi vit posib e alekri pa pi ta pase pwochen jou travay lekòl la. Lekòl la dwe konsève rapò a epi rann li disponib pou Paran (yo) oswa DESE kapab egzamine li sou demand.

Direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe fè efò rezonab pou enfòmè paran an (yo) osijè kontrent lan nan mwens pase 24 èdtan apre evènman an, epi li dwe notifiye paran an (yo) pa lentèmedyè yon rapò ekri nan mwens pase twa jou travay lekòl apre kontrent lan. Enfòmasyon ki nan rapò a dwe konfòm a 603 CMR 46.06 (4). Yo dwe founi rapò kontrent ekri a bay Paran an (yo) nan lang ke yo abitye bay kanè lekòl la ak lòt enfòmasyon nesèsè ki konsène lekòl la.

Direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe egzamine done kontrent yo epi detèmine pwochen etap ki nesèsè yo, si genyen, jan sa fikse nan Règleman yo.

Jan Règleman yo egzije sa, tout kontrent fizik yo dwe rapòte bay DESE.

Prevansyon Konpòtman Danjre. Jan sa fikse nan Règleman yo, Lynn Public Schools dwe devlope metòd pou fè prevansyon vyolans elèv, konpòtman ki ka fè yo blese pwòp tèt pa yo, ak suisid, gen ladan plan pou bay repons pou kriz endividyèl ak apèzman konpòtman potansyèlman danjre ki kapab rive nan mitan gwoup elèv oswa avèk yon elèv an patikilye.

Patisipasyonn Paran yo. Ann akò ak règleman yo, Lynn Public Schools dwe fè paran yo patisipe nan diskisyon osijè prevansyon kontrent ak itilizasyon kontrent sèlman kòm yon pwosedi ijans.

Plent. Yon paran/moun ki responsab ki gen enkyetid konsènan yon itilizasyon espesifik kontrent fizik, li kapab chèche jwenn solisyon pou enkyetid li yo konsènan yon itilizasyon espesifik yon kontrent fizik lè li abòde pwoblèm lan ak direktè lekòl la. Paran/moun ki responsab elèv la ta dwe transmèt enkyetid yo konsènan yon itilizasyon espesifik yon kontrent fizik bay direktè lekòl la nan mwens pase dis (10) jou apre paran/moun ki responsab la resevwa rapò ekri ke lekòl la te voye pou yo. Direktè a dwe eseye, nan kad otorite li pou li travay ak moun nan pou rezoud plent lan yon fason ekita e avèk dilijans. Si paran/moun ki responsab elèv la pa satisfè ak solisyon an, lè sa a, paran/moun ki responsab la kapab depoze yon plent ekri devan Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent).

Paran/moun ki responsab elèv la ki gen enkyetid konsènan yon itilizasyon espesifik kontrent fizik, kapab chèche jwenn solisyon pou enkyetid yo konsènan yon itilizasyon espesifik kontrent fizik lè yo soumèt yon plent ekri bay Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent). Paran/moun ki responsab elèv la ta dwe soumèt yon lèt bay Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent) nan mwens pase (20) jou apre paran/moun ki responsab yo resevwa rapò ekri a ke lekòl la te voye pou yo. Plent ekri a dwe gen ladan (a) non elèv la; (b) non lekòl kote kontrent fizik la ta rive a; (c) non moun yo ki te enplike nan posib kontrent fizik la; (d) baz plent oswa enkyetid la; epi aksyon korektif ke y ap chèche a.

Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent), pa lentèmedyè reprezantan li yo, dwe fè yon ankèt pou plent lan san pèdi tan apre li fin resevwa plent lan. Pandan l ap mennen ankèt li a, Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent) ak/oswa reprezantan li yo dwe kontakte moun ki te mansyone yo paske yo se moun ki gen enfòmasyon enpòtan an rapò ak plent lan. Yo pa kapab fikse yon kalandriye egzak pou kondui ankèt la paske chak sityasyon diferan. Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent) ak/oswa reprezantan li yo pral asire yo ke plent lan trete osi vit ke posib. Apre li fin konplete ankèt fòmèl la, Biwo Direktè Adjwen Lekòl yo (Office of the Superintendent) dwe kontakte moun ki te depoze plent lan osijè rezilta ankèt la ak detèminasyon Biwo a kanta si gen yon aksyon korektif ki pral fèt.

Enfòmasyon an Diplis. Ou ka jwenn yon kopi Règleman Kontrent Lynn Public Schools nan Biwo Direktè a nan nenpòt ki lekòl. Ou kapab jwenn Règleman yo sou sit entènèt Depatman Edikasyon Primè ak Segondè www.doe.edu/lawsregs/603cmr45.html.

DOSYE ELEV YO

LWA SOU EDIKASYON AK PWOTEKSYON VI PRIVE FANMI - FERPA

Avi Chak Ane Lynn Public Schools Lwa sou Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi Règlemantasyon Dosye Elèv Massachusetts

Lwa Dwa Edikatif ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi an (FERPA) ak Règlemantasyon Dosye Elèv Massachusetts yo ("Règlemantasyon yo"), ansanm, yo bay paran yo ak elèv ki ranpli kondisyon yo (sila yo ki gentan gen laj 14 an oubyen ki antre nan grade 9) sèten dwa parapò a dosye eskolè elèv la. Nou bay yon apèsi jeneral sou dwa sa a yo anba la a. Paran yo ak elèv yo kapab rive jwenn yon kopi konplè dwa yo dapre Règlemantasyon Dosye Elèv Massachusetts la lè yo kontakte Ofisye Konfòmite LPS la, Maureen Horgan nan (781) 593-1680.

(a) **Dwa pou gen aksè** a dosye eskolè elèv la. Paran yo oubyen elèv ki ranpli kondisyon yo, yo ta dwe soumèt demand pou gen aksè yo a a direktè lekòl la. Anjeneral, yo bay aksè a nan mwens pase dis jou apre yon demand fèt. Toutfwa, Massachusetts General Laws (Lwa Jeneral Massachusetts yo) c. 71, §34H ("Section 37H"), yo bay pwosedi espesifik ki dwe suiv anvan divilgasyon dosye bay yon paran ki pa gen gad fizik yon timoun. Ou kapab jwenn enfòmasyon osijè pwosedi sa a yo nan men Richard Iarrobino, Konsèvatè Dosye (Keeper of the Records) Lynn Public Schools.

(b) **Dwa pou mande amandman** dosye eskolè elèv la. Paran yo oubyen elèv ki ranpli kondisyon yo ta dwe adrese demand yo a bay direktè lekòl la, pandan yo idantifye yon fason byen klè ki pati nan dosye a yo swete ki amande, epi poukisa.

(c) **Dwa pou se avèk konsantman yo fè divilgasyon** ransèyman pèsonèl ki nan dosye eskolè elèv la, sof si FERPA ak règlemantasyon Massachusetts yo otorize divilgasyon san konsantman. Yon eksepsyon ki pèmèt divilgasyon san konsantman se divilgasyon pou responsab lekòl ki gen enterè edikatif lejitim nan dosye yo. Responsab lekòl sila a yo gen ladan yo pèsonèl pwofesyonèl, pèsonèl administratif, ak pèsonèl biwo Lynn Public Schools anplwaye oubyen ki gen yon akò avèk li e ki bezwen gen aksè a yon dosye pou yo kapab ranpli fonksyon yo. Responsab lekòl sila a yo kapab gen ladan yo tou yon volontè oubyen yon kontraktiyèl ekstèn lekòl la k ap reyalize yon sèvis oswa yon fonksyon enstitisyonèl, si li pa t ap reyalize sèvis oswa fonksyon sa a, lekòl la t ap itilize pwòp anplwaye pa li epi moun sa a sou sipèvizyon dirèk lekòl la parapò a itilizasyon ak mentnans dosye eskolè yo. Lynn Public Schools divilge tou dosye elèv san konsantman paran/elèv ki ranpli kondisyon yo, pou responsab lòt lekòl primè oubyen segondè kote yon elèv enskri, oubyen chèche, gen entansyon, oubyen resesvwa enstriksyon pou enskri lè Lynn Public Schools resevwa yon demand de responsab lekòl sila a yo depi divilgasyon an se pou objektif ki an rapò avèk enskripsyon oubyen transfè elèv la.

(d) **Enfòmasyon Repètwa.** Anplis, Lynn Public Schools gen yon pratik divilge enfòmasyon repètwa san konsantman. Enfòmasyon repètwa, se sa nou pral di la a yo: non elèv la, adrès li, nimewo telefòn li, ki dat ak ki kote li fèt, domèn etid prensipal, dat li te frekante lekòl la, pwa ak wotè ekip espòtif, klas, patisipasyon nan aktivite yo rekonèt ak nan espò, onè ak pri elèv la te pran, epi plan pou apre lekòl segondè.

(e) **Pwosedi pou retire enfòmasyon (opt-out).** Nan ka yon paran oubyen yon elèv ki ranpli kondisyon yo fè objeksyon (li di li pa dakò) parapò a divilgasyon kèlkeswa enfòmasyon nou te di anwo la a, paran an/elèv ki ranpli kondisyon yo kapab fòmile objeksyon sa a alekri bò kote Direktè lekòl la. Si pa gen objeksyon alekri ki resevwa dis 1^{ye} oktòb pandan ane lekòl la, y ap divilge enfòmasyon repètwa yo san bay avi oswa mande konsantman.

Jan lalwa mande sa, Lynn Public Schools divilge yon fason sistematik non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè yo bay rekrutè militè yo e bay enstitisyon ansèyman siperyè yo sou demand epi (2) non ak adrès elèv yo bay sèvis lapòs tyès pati ke Depatman Edikasyon Primè ak Segondè te apwouve, sou demand yon lekòl distri oswa yon lekòl prive sou kontra (charter school). Nan ka yon paran oubyen yon elèv ki ranpli kondisyon yo fè objeksyon parapò a divilgasyon kèlkeswa enfòmasyon nou di anwo a, paran an/elèv ki ranpli kondisyon yo kapab fòmile objeksyon sa a alekri bò kote Direktè Lekòl la. Si pa gen yon objeksyon alekri ki resevwa pou paran an oubyen elèv ki ranpli kondisyon yo dis 1^{ye} oktòb, y ap divilge enfòmasyon sa a san bay avi oswa mande konsantman.

(f) **Dwa pou depoze yon plent** konsènan mankman yo di Distri a ta fè konsènan konfòmite avèk règlemantasyon yo ak lwa ki di kijan pou yo aji avèk dosye elèv yo. Yo kapab depoze plent yo nan Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education, 75 Pleasant Street Malden, MA 02148. Anplis, plent ki anrapò avèk lwa ak règlemantasyon federal ki di kijan pou yo aji avèk dosye elèv yo, yo kapab depoze yo nan Family Policy Compliance Office, U.S. Department of Education, 400 Maryland Avenue SW, Washington DC.

RÈG ANRAPÒ AK DOSYE ELÈV

Lynn Public Schools respekte strikteman pwovizyon Lwa sou Lavi Prive ak Dwa Edikasyon Fanmi (FERPA) ak Règleman sou dosye elèv yo nan Massachusetts (Règleman 603 CMR 23:00) sa ki ansanm bay paran ak elèv ki kalifye yo (sila yo ki gen laj 14 oswa ki nan klas nevyèm ane) sèten dwa osijè dosye edikasyon elèv la.

Dosye Elèv

Dosye elèv la pral gen ladan yon transkripsyon ak yon dosye tanporè, sa ki gen ladan tout enfòmasyon yo ki nan fòma enprime ak dijital, oswa nenpòt lòt materyèl nan fòm fizik oswa karakteristik ki òganize konsènan yon elèv sou baz non elèv la oswa nan yon fason ke yo ka idanitifye elèv sa endividyèlman. Dosye elèv yo ansanm avèk imèl endividyèl yo konsidere kòm travay okazyonèl nan dosye elèv la e yo pa konsidere spesyalman kòm dosye elèv yo.

Transkripsyon

Transkripsyon an pral gen ladan dosye administratif ki konstitye done minimòm ki nesèsè pou montre pwogrè edikasyon elèv la ak pou fè sistèm edikasyon an fonksyone. Enfòmasyon sa a gen ladan non, adrès, tit kou, ak nivo klas ki konplete. Distri lekòl la ap kenbe transkripsyon an pou omwen swasant ane apre elèv la fin kite sistèm nan.

Dosye Tanporè

Dosye tanporè a (Cum) gen ladan tout enfòmasyon ki nan dosye elèv la ki pa nan transkripsyon an. Enfòmasyon sa a ka gen ladan bagay tankou rezilta egzamen ofisyèl yo; aktivite para-eskolè lekòl la patwone; evalyasyon ak kòmantè pwofesè, konseye, ak lòt moun: dosye disiplin; ak lòt enfòmasyon ki enpòtan nan pwosesis edikasyon an. Yo ka pataje enfòmasyon ki nan dosye tanporè a avèk elèv la, paran oswa yon ranplasan tanporè kap make dosye a, men si yo pibliye l bay pèsònèl ki otorize lekòl la li vini yon pati ofisyèl nan dosye elèv la.

Destriksyon Dosye Tanporè

Sipè-entandan oswa reprezantan l responsab pou detwi dosye tanporè elèv la nan yon delè senkan apre elèv la fin transfere, diplome oswa soti nan sistèm lekòl la. Direktè a oswa reprezantan l egalman otorize pou detwi enfòmasyon ki pa egzat, demode oswa enpòtan nan dosye tanporè a pandan elèv la enskri nan sistèm lekòl la.

Enfòmasyon Anyè

Enfòmasyon anyè a defini kòm enfòmasyon ki nan dosye elèv la ke yo pa konsidere jeneralman kòm danjere oswa yon envazyon nan lavi prive. Yo ka pibliye enfòmasyon ki nan anyè a san konsantman preyalab. Jan li otorize pa FERPA, Lynn Public Schools te deziyen dosye elèv yo chwazi ki pou nan "anyè enfòmasyon an". Pou elèv ki nan primè yo te chwazi dosye ki annaprè yo kòm enfòmasyon ki nan anyè a:

Non
Adrès
Nimewo telefòn
Dat nesans
Klas
Afektasyon
Salklas

Pou elèv yo ki nan pre-segondè ak segondè, yo te chwazi dosye ki annaprè yo kòm enfòmasyon ki nan anyè a:

Non
Adrès
Nimewo telefòn
Dat nesans
Klas gradye
Afektasyon klas/ ekip
Patisipasyon ofisyèl
aktivite ak espò
Onè ak pri

Lynn Public Schools pral pibliye enfòmasyon ki nan anyè a san konsantman paran oswa elèv ki kalifye a, amwenske paran oswa elèv ki kalifye a bay direktè a yon avi alekri ki di ke li pa vle lekòl la pibliye enfòmasyon sa. Yo dwe resevwa avi sa chak ane.

Lavi Prive ak Sekirite Dosye Elèv yo

Direktè a oswa reprezantan l responsab pou konfidansyalite ak sekirite tout dosye elèv yo ke yo kenbe nan chak lekòl. Sipè-entandan oswa reprezantan l responsab pou konfidansyalite ak sekirite dosye tout elèv yo ki pa sou sipèvizyon direktè a, tankou transkripsyon ansyen elèv yo.

Konfidansyalite Dosye Elèv yo

Anplwaye lekòl la otorize dwe gen aksè nan dosye elèv yap bay sèvis yo, lè kalite aksè sa egzijè pefòmans fonksyon ofisyèl yo. Okenn moun oswa òganizasyon ot ke paran/gadyen legal, elèv kalifye, ak pèsònèl lekòl la otorize gen aksè a enfòmasyon ki nan dosye elèv la san konsantman spesifik, enfòmè alekri paran/gadyen elèv oswa elèv ki kalifye a. Lè yo bay konsantman, paran oswa elèv ki kalifye a pral gen dwa pou chwazi ki pati nan dosye elèv la yo pral pibliye a yon tyès pati. Yap kenbe yon kopi fòm konsantman an nan kad dosye tanporè a. Règleman espesyal ki otorize aksè a tyès pati yo san konsantman paran oswa elèv ki kalifye a nan ka ki annaprè yo:

- Dosye ki deziyen kòm enfòmasyon ki nan anyè a
- Lè yo fin resevwa yon òdonans tribinal oswa asiyasyon legal ki te emèt
- Sou demann Depatman Sèvis Sosyal, yon ajan pwobaasyon, yon jistis nan nenpòt tribinal, oswa

Depatman Sèvis Jèn yo.

- Ofisyèl edikasyon lokal ak eta, Federal ak ajan otorize yo anrapò avèk kontwòl la, evalyasyon ak ranfòsman pwogram oswa lwa edikasyon eta ak federal.
- Yon ajan ijans sante oswa sekirite si konesans enfòmasyon an nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite elèv la oswa lòt moun.
- Anplwaye lekòl la ki otorize kote yon elèv ap chèche oswa gen entansyon pou transfere.
- Anplwaye sante lekòl la ak anplwaye depatman sante eta.
- Lè otorite lapolis yo fin bay avi ke yo te rapòte yon elèv disparèt, yo pral mete yon mak nan dosye elèv la. Lekòl la pral rapòte nenpòt demann konsènan dosye elèv sa bay otorite lapolis ki apwopriye a.

Aksè a Dosye Etidyan yo

Yon paran/gadyen legal oswa yon elèv kalifye gen dwa pou:

1. Enspekte ak revize tout dosye edikasyon elèv la nan lespas de jou lasemèn apre direktè a oswa reprezantan l te fin resevwa yon demann alekri pou aksè amwenske pati kap mande a konsanti a yon reta. Paran oswa elèv ki kalifye yo ta dwe soumèt a direktè a yon demann alekri ki di ke yo vle enspekte dosye yo.
2. Resevwa yon kopi nan nenpòt pati nan dosye elèv yo. Lekòl la ka chaje yon frè pou kopi materyèl yo. Nenpòt elèv oswa ansyen elèv, kèlkeswa laj la, ap gen dwa pou resevwa transkripsyon alekri nan dosye l atanke elèv. Pap gen frè pou nenpòt kopi oswa transkripsyon sipleman tè ke yo bay.
3. Fè yon pwofesyonèl kalifye nan lekòl la tradwi sèten pati nan dosye a, oswa yo ka envite yon moun yo chwazi pou enspekte oswa entèprete dosye a.
4. Mande yon modifikasyon nan dosye edikasyon elèv la ke paran oswa elèv ki kalifye a kwè ki pa egzat oswa ki fo. Paran elèv ki kalifye a gen dwa pou konteste desizyon direktè a lè yo ekri sipè-entandan lekòl yo.
5. Depoze yon plent bay Depatman Edikasyon Etazini osijè swadizan neglijan Distri a pou respekte egzijans FERPA. Non ak adrès biwo FERPA jere a se: Family Policy Compliance Office, U. S Department of Education, 400 Maryland Avenue, SW, Washington, DC 20245.
6. Daprè lwa 603 CMR 23.10 (1) (a): Notifikasyon, lekòl yo pral pibliye chak ane epi distribye bay elèv ak paran yo“ pwogram egzamen ofisyèl yo ak rechèch etid kap fèt pandan ane a ansanm avèk lòt enfòmasyon woutin ke yap kolekte oswa yon elèv mande pandan ane a.”

Aksè Paran ki pa Gadyen nan Dosye Elèv yo

Règleman Dosye Elèv konsènan aksè paran ki pa gadyen legal a dosye elèv la (yon paran ki pa gadyen legal fizik sou yon elèv) te modifiye konfòmman a règleman 603 CMR 23:07. Yon paran ki pa gadyen legal ka gen aksè a dosye elèv la amwenske lekòl la te bay dokiman ke:

Yo te refize paran ki pa gadyen legal la dwa gadyen legal baze sou menas sekirite elèv la oswa pou paran ki gen gad legal la, oswa

Yo te refize vizit pou paran ki pa gen gad legal la oswa tribinal te mande vizit sipèvize, oswa

Paran ki pa gadyen legal elèv la oswa paran ki gadyen legal la te jwenn refi akòz yon òdonans tanporè oswa pèmanan, amwenske òdonans pwotektiv la spesyalman akòde aksè a enfòmasyon ki nan dosye elèv la.

Demann dosye ki fèt pa yon paran ki gadyen legal ak paran ki pa gen dwa gadyen legal ka pa itilize avèk entansyon pou chèche oswa pou enskri.

Lè yo fin resevwa yon demann pou dosye nan men yon paran ki pa gadyen legal, direktè a pral notifiye paran ki gadyen legal la sou kalite demann sa lè li voye yon lèt sètifye premye klas. Notifikasyon an dwe deklare ke yo pral bay paran ki fè demann lan dosye sa yo apre 21 jou amwenske paran ki gadyen legal la bay direktè a dokiman òdonans ki soti nan nenpòt tribinal ki entèdi kontak avèk timoun nan, oswa entèdi distribisyon dosye elèv la, oswa nenpòt pwoblèm òdonans ki pwoteje timoun nan ki sou responsabilite paran legal la sou abi paran ki fè demann lan, amwenske òdonans sa bay aksè a dosye lekòl la. Yo dwe efase tout enfòmasyon kontak paran ki gadyen legal la (imèl, nimewo telefòn), nan dosye a anvan yo distribye l bay yon paran ki pa gadyen legal.

PLAN ENTÈVANSYON AK PREVANSYON SOU ENTIMIDASYON

Lynn Public Schools pa pral tolere konpòtman ilegal oswa pètibatè, enkli nenpòt fòm entimidasyon, sibè-entimidasyon, oswa vanjans nan bilding lekòl nou yo, nan lakou lekòl yo, oswa nan aktivite ki gen rapò a lekòl yo. Nou pral ankete rapidman tout rapò ak plent sou entimidasyon, sibè-entimidasyon, ak vanjans ak pran aksyon ki rapid pou mete fen nan konpòtman sa ak restore sans sekirite ki sible a. Nou pral sipòte angajman sa a nan tout aspè yo nan kominote lekòl nou yo, enkli pwogram etid, enstriksyon, pèfeksyonman anplwaye, aktivite para-skolè, ak enplikasyon paran oswa gadyen.

Anplis, annakò avèk yon lwa ki gen rapò avèk Entimidasyon nan Lekòl yo, Chapit 86 nan Lwa 2014, plan anti-entimidasyon sa rekonèt ke sèten elèv enkli elèv LGBTQ yo, ka pi vilnerab pou vini yon sib entimidasyon oswa asèlman baze sou karakteristik diferansyèl aktyèl oswa ke yo pèsevwa. Anplis Chapit 86 egzije pou distri lekòl yo, lekòl chatè jou prive yo apwouve oswa lekòl rezidansyèl yo, ak lekòl kolaboratif yo, pou yo administre yon sondaj bò kote elèv yo Depatman an elabore omwen yon fwa chak katran pou evalye “klima lekòl la ak frekans, nati ak gravite entimidasyon nan lekòl nou yo.” Annakò avèk yon lwa ki gen rapò sou Entimidasyon nan Lekòl yo, Chapit 86 nan lwa 2014, Lynn Public Schools pral asire ke yo pran etap espesifik yo pou “sipòte elèv vilnerab yo ak pou bay tout elèv yo konpetans, konesans ak strateji ki nesèsè pou prevni oswa reponn a entimidasyon oswa asèlman.”

Seksyon ki annaprè a adrese menm sijè sa yo.

I. LIDÈCHIP

Depatman Lynn Public School angaje pou l bay yon anviwonman edikasyonèl ki ansekirite, pozitif ak pwodiktif kote elèv yo ka atenn pi wo standa akademik. Okenn elèv pa dwe sijè a asèlman, entimidasyon, nwizans, oswa sibè-entimidasyon. Direktè Adjwen Kourikioulòm ak Enstriksyon an, Sante /PE pral kowòdone plan an santralman pou distri a. Direktè chak lekòl pral asire ke yo swiv plan Lynn Public Schools. Chak lekòl pral genyen tou yon kowòdonatè sou entimidasyon pou ede direktè yo.

A. Patisipasyon Piblik nan devlope Plan an

Depatman Lynn Public School te kreye yon gwoup travay sou entimidasyon pou ede fòmile plan entèvansyon ak prevansyon entimidasyon. Gwoup travay sou entimidasyon an gen ladan pwofesè, anplwaye lekòl, pèsonèl pwofesyonèl sipò, volontè lekòl yo, administratè, reprezantan kominote yo, ajans lokal kap aplike lalwa, elèv, paran, ak gadyen yo. Plan sa sou entimidasyon pral aplike a elèv yo ak manm yo nan pèsonèl lekòl la enkli edikatè yo, administratè, enfimyè lekòl yo, travayè nan kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè espòtif, konseye ak aktivite para-eskolè ak para-pwofesyonèl yo.

B. Evalye bezwen ak resous yo

Depatman Lynn Public School konte sou Sondaj Konpòtman Jèn ki a risk yo [Youth Risk Behavior Survey], done ensidan konpòtman elèv, ak Sant Rediksyon Agresyon Massachusetts [Massachusetts Aggression Reduction Center (MARC)] paran, elèv, ak sondaj anplwaye pou ede evalye bezwen nou sou entimidasyon. Gwoup travay

sou entimidasyon an, ansanm avèk ekip lidèchip lekòl la pral revize done yo de fwa pa ane epi fè nenpòt chanjman ki nesèsè. Enfòmasyon sa a pral ede pou idantifye modèl konpòtman ak domèn enkyetid, e li pral enfòme nan pran desizyon pou strateji prevansyon ki enkli, men ki pa limite a, sipèvizyon adilt, devlopman pwofesyonèl, kourikoulòm laj apwopriye, ak sèvis sipò nan lekòl.

C. Planifikasyon ak kontwòl

Direktè Adjwen Pwogram nan ak enstriksyon-Sante/PE, gwoup travay anti-entimidasyon, kowòdonatè entimidasyon ki baze nan lekòl la ak direktè lekòl yo responsab pou planifikasyon ak kontwòl ki annapre a:

- resevwa rapò sou entimidasyon;
- kolekte ak analize bilding nan - ak/oswa tout done nan lekòl la sou entimidasyon pou evalye pwoblèm prezan an ak pou mezire rezilta amelyore yo;
- kreye yon pwosesis pou anrejistre ak konwole rapò ensidan yo ak pou gen aksè a enfòmasyon ki gen rapò a moun ki sible ak agresè yo;
- planifye pou devlopman pwofesyonèl ankou ki obligatwa dapre lalwa;
- planifye sipò ki reponn a bezwen moun ki sible a ak agresè yo;
- chwazi ak enpleman pwogram lan ke lekòl la oswa distri a pral itilize;
- devlope nouvo ak règleman aktyèl ak pwotokòl dapre plan an, enkli yon règleman sekirite sou entènèt, ak chwazi anplwaye kle ki anchaj pou enpleman yo;
- modifiye manyèl elèv ak anplwaye ansanm avèk kòd kondwit yo;
- kondwi paran oswa efò angajman fanmi an ak planifye materyèl enfòmasyon paran;
- revize ak mete ajou plan an chak ane pi souvan.

D. Devlope deklarasyon priyorite

Depatman Lynn Public School pa pral tolere okenn konpòtman ilegal oswa pètibatè, enkli nenpòt fòm entimidasyon, sibè-entimidasyon, oswa vanjans nan bilding lekòl nou yo, sou lakou lekòl yo, oswa nan aktivite ki gen rapò a lekòl yo. Nou pral ankete rapidman tout rapò ak plent yo sou entimidasyon, sibè-entimidasyon, ak vanjans epi pran aksyon rapid pou mete fen nan konpòtman sa epi restore sans sekirite ki sible a. Nou pral sipòte angajman sa nan tout aspè yo nan kominote lekòl nou yo, enkli pwogram enstriksyon, pèfeksyonman anplwaye, aktivite para-eskolè, ak enplikasyon paran oswa gadyen.

II. FÒMASYON AK DEVLOPMAN PWOFEYONÈL

Tout Lynn Public Schools gen yon kowòdonatè entimidasyon. Kowòdonatè entimidasyon yo la pou ede direktè yo nan tout ankèt sou entimidasyon e yo responsab pou bay devlopman pwofesyonèl nan chak nan lekòl yo. Tout kowòdonatè yo sètifye atravè MARC sant fòmasyon entimidasyon. Devlopman pwofesyonèl la fèt yon fwa pa ane nan premye oswa dezyèm jou devlopman pwofesyonèl. Direktè Adjwen Kourikoulòm ak Enstriksyon-Sante /PE

pral bay tout distri a devlopman pwofesyonèl ak nenpòt moun ki te rate fòmasyon an. Yo pral ofri kou devlopman pwofesyonèl nan tout distri a anpil fwa pandan ane a. Yo pral revize tout devlopman pwofesyonèl yo chak ane pou adrese zòn adisyonèl yo idantifye ki baze sou bezwen ak enkyetid lekòl ak anplwaye distri a te idantifye. Sistèm Lynn Public School egalman nan pwosesis pou kreye yon nouvo kou devlopman pwofesyonèl ki pral konbine teknik dezskalasyon, jesyon salklas ak devlopman pwofesyonèl entimidasyon.

A. Fòmasyon Anyèl Anplwaye sou Plan an

Fòmasyon anyèl pou tout anplwaye lekòl yo nan plan an pral gen ladan responsablite anplwaye yo dapre plan an, yon apèsi sou etap yo ke direktè a oswa reprezantan l pral swiv lè yo resevwa yon rapò sou entimidasyon oswa vanjans, ak yon apèsi sou prevansyon entimidasyon ki nan pwogram etid la ke yo ofri nan tout klas yo nan tout lekòl la oswa distri a. Manm pèsonèl ke yo anboche apre ane lekòl la te kòmanse gen obligasyon pou patisipe nan yon fòmasyon nan tout distri a pandan ane lekòl ke yo anplwaye a.

B. Devlopman pwofesyonèl kontinyèl

Objektif devlopman pwofesyonèl la se pou etabli yon baz konpreyansyon komen sou zouti ki nesèsè pou anplwaye yo kreye yon klima lekòl ki ankouraje sekirite, komunikasyon sivil, ak respè pou diferans yo. Devlopman pwofesyonèl pral bati konpetans manm ekip la pou prevni, idantifye, ak reponn a entimidasyon. Jan li obligatwa dapre M.G.L.c.71, § 37O, kontni nan tout nivo lekòl la ak distri a nan devlopman pwofesyonèl pral enfòme atravè rechèch e li pral gen enfòmasyon sou:

- strateji devlopman (oswa laj -) apwopriye pou prevni entimidasyon;
- strateji devlopman (oswa laj -) apwopriye pou entèvansyon imedyat, efikas pou sispann ensidan entimidasyon;
- enfòmasyon sou entè-aksyon konplèks ak pouvwa diferansyèl ke yo ka mete anplas ant ak pami yon agresè, moun ki sible, ak temwen entimidasyon an;
- rezilta rechèch sou entimidasyon, enkli enfòmasyon sou kategori espesifik elèv ki te parèt ke yo patikilyèman a risk pou entimidasyon nan anviwonman lekòl la;
- enfòmasyon sou ensidans ak nati sibè-entimidasyon; ak
- pwoblèm sekirite entènèt jan li gen rapò a sibè-entimidasyon.

Devlopman pwofesyonèl pral adrese egalman fason pou anpeche ak reponn a entimidasyon oswa vanjans pou elèv yo ki gen andikap ki dwe konsidere lè yap devlope Pwogram Edikasyon Endividyalize elèv la (IEP yo). Sa a pral gen ladan yon atansyon patikilye sou bezwen elèv yo ki gen otis oswa elèv yo ke andikap yo afekte devlopman konpetans sosyal yo.

Domèn adisyonèl ki defini pa Depatman pou devlopman pwofesyonèl Lynn Public School gen ladan:

- pwomosyon ak modèl itilizasyon langaj respektive;
- favorize yon konpreyansyon ak respè pou divèsite ak diferans;
- bati relasyon ak komunikasyon avèk fanmi yo;
- jere konpòtman nan salklas la konstriktivman;
- itilize strateji entèvansyon konpòtman pozitif;
- aplike pratik disiplin konstriktiv;
- anseye elèv la teknik ki enkli komunikasyon pozitif, jesyon kòlè, ak senpati pou lòt yo;
- angaje elèv yo nan lekòl oswa planifikasyon ak pran desizyon nan salklas yo; ak
- Kenbe yon salklas ki ansekirite e kap pran swen tout elèv yo.

Distri Lynn Public School te devlope yon plan pou bay devlopman pwofesyonèl chak ane a tout manm pèsònèl la, enkli, men ki pa limite a, edikatè, administratè, enfimyè lekòl yo, travayè nan kafeterya, gadyen, chofè otobis, antrenè espòtif, konseye pou aktivite para-eskolè ak pwofesyonèl, pou prevni, idantifye ak reponn a entimidasyon. Kontni devlopman pwofesyonèl la enkli, men li pa limite a: (i) strateji devlopman apwopriye pou prevni ensidan entimidasyon; (ii) strateji devlopman apwopriye pou prevni ensidan entimidasyon; (iii) enfòmasyon sou entè-aksyon konplèks ak pouvwa diferansyèl ki kapab fèt ant ak pami yon moun ki komèt krim, viktim ak temwen entimidasyon; (iv) rezilta rechèch sou entimidasyon, enkli enfòmasyon sou elèv yo ki te parèt ke yo te patikilyèman a risk pou entimidasyon nan anviwonman lekòl la; (v) enfòmasyon sou ensidans ak nati sibè-entimidasyon; ak (vi) pwoblèm sekirite entènèt a sibè-entimidasyon.

C. Avi alekri a pèsònèl la

Depatman Lynn Public School pral bay tout anplwaye yo yon avi alekri chak ane sou plan an lè yo pibliye enfòmasyon sou li, enkli seksyon ki gen rapò a travay anplwaye a, nan lekòl la oswa manyèl anplwaye distri a e nan imèl a tout anplwaye yo.

III. AKSÈ NAN RESOUS AK SÈVIS

A. Idantifye resous yo

Depatman Lynn Public School aktyèlman ap travay avèk gwoup travay entimidasyon, direktè kowòdonatè entimidasyon ak depatman edikasyon spesyal pou fè sondaj ak katografye tout resous ki disponib yo. Yon fwa li fin konplete, Depatman Lynn Public School ka devlope etap rekòmandasyon ak aksyon pou konple resous ak eka nan sèvis.

B. Konsèy ak lòt sèvis yo

Depatman Lynn Public School aktyèlman ap travay avèk gwoup travay entimidasyon nou an entimidasyon, konseye ajisteman lekòl la, travayè sosyal ak gwoup kominotè yo pou idantifye pèsonèl ak founisè sèvis yo ki ka ede lekòl yo nan devlope plan sekirite pou elèv yo ki te sible pou entimidasyon ak vanjans, bay pwogram konpetans sosyal pou prevni entimidasyon, epi ofri edikasyon ak/oswa entèkansyon pou elèv yo ki montre konpòtman entimidasyon.

C. Elèv ki gen andikap yo

Depatman Lynn Public School aktyèlman ap travay avèk gwoup travay entimidasyon nou an, kowòdonatè edikasyon espesyal, avoka edikasyon espesyal ak ekip IEP a pou konfòme avèk nouvo lejislasyon an. Jan li obligatwa dapre M.G.L.c. 71B, § 3, jan li modifiye pa Chapit 92 nan Lwa 2010, lè ekip IEP a te detèmine ke elèv la gen yon andikap ki afekte devlopman konpetans sosyal li oswa elèv la ka patisipe nan oswa li vilnerab pou entimidasyon, asèlman, oswa mokri akòz de andikap li, Ekip la te konsidere sa ki ta dwe antre nan IEP a pou devlope konpetans ak abilite elèv la pou evite ak reponn a entimidasyon, oswa takineri. Tout elèv yo ki gen andikap pral gen tradisyon IEP a nan lang yo deklare ke ekip la te adrese pwoblèm entimidasyon an nan reyinyon IEP a e li pral deklare ke okenn lòt aksyon pa nesèsè pou kounye a oswa pral gen etap ki montre bezwen yo.

D. Referans pou sèvis eksteryè

Depatman Lynn Public School aktyèlman ap evalye pwotokòl refereans lokal pou evalye enpòtans yo a Plan an e li pral revize jan sa nesèsè. Pwotokòl klè pral ede elèv yo ansanm avèk fanmi yo jwenn aksè nan sèvis ki apwopriye ak atan. Referans yo pral respekte tout lwa ak règleman enpòtan yo.

IV. AKTIVITE AKADEMIK AK NON-AKADEMIK

A. Apwòch spesifik sou prevansyon entimidasyon

Pwogram prevansyon entimidasyon an pral enfòme dapre rechèch ki an kou sa ki, pami lòt bagay, mete anfaz sou apwòch ki annapre yo:

- itilize senaryo ak jwe wòl pou devlope konpetans;
- abilite elèv yo pou pran aksyon nan konnen sa pou fè lè yo temwen lòt elèv yo ki angaje nan zak entimidasyon oswa vanjans, enkli adilt kap chèche èd;
- ede elèv yo konprann dinamik entimidasyon ak sibè-entimidasyon, enkli mete aksan sou pouvwa ki dezekilibre;

- mete anfas sou sibè-sekirite, enkli itilizasyon apwopriye ak ansekirite pou itilize teknoloji kominikasyon elektwonik;
- amelyore konpetans elèv yo pou angaje relasyon ki sen ak kominikasyon respektive; ak
- angaje elèv yo nan yon anviwonman ki san danje, sipòtif ki respektive divèsite ak diferans.

Inisyativ yo pral anseye elèv yo tou sou seksyon nan Plan Entèkansyon ak Prevansyon entimidasyon ki gen rapò a elèv. Nan premye jou a lè yo distribye manyèl elèv la tout pwofesè nan salklas primè yo pral revize plan an avèk klas yo. Nan middle ak high schools pwofesè prensipal yo pral revize plan an. Tout enfòmasyon yo ap enkli nan manyèl elèv 2010-2011. Lynn Public Schools egzije pou tout paran/gadyen siyen epi retounen manyèl elèv la avèk konpreyansyon ke yo te revize manyèl la avèk pitit yo.

B. Apwòch ansèyman jeneral ki sipòte efò prevansyon sou entimidasyon

Apwòch ki annaprè yo entegral pou etabli yon anviwonman lekòl ki ansekirite ak sipòtif. Sa yo demontre enpòtans inisyativ prevansyon ak entèkansyon entimidasyon nou yo.

- fikse atann klè pou elèv yo epi etabli woutin lekòl ak salklas yo;
- kreye anviwonman lekòl ak salklas ki san danje pou tout elèv yo, enkli sa yo ki gen andikap, madivin, masisi, bi-seksyèl, trans-seksyèl, ak elèv ki sanzabri yo;
- itilize repons apwopriye ak pozitif ak ranfòsman, menm lè elèv la bezwen disiplin;
- itilize sipò konpòtman ki pozitif;
- ankouraje adilt yo pou devlope relasyon pozitif avèk elèv yo;
- modele, anseye, ak rekonpanse konpòtman pro-sosyal, sen, ak respektive;
- itilize apwòch pozitif a konpòtman sante, enkli rezoud pwoblèm nan fason kolaboratif, fòmasyon pou rezoud konfli, travay ekip, ak sipò konpòtman pozitif ki ede nan devlopman emosyonèl ak èd sosyal;
- itilize entènèt la san danje; ak
- sipòte enterè elèv la ak patisipasyon nan aktivite non-akademik ak para-eskolè, patikilyèman nan domèn pwen fò yo.

V. RÈGLEMAN/ PWOSEDI POU FÈ RAPÒ EPI REPONN ENTIMIDASYON AK VANJANS

A. Rapòte entimidasyon ak vanjans

Yo ka bay rapò sou entimidasyon ak vanjans ki fèt pa anplwaye, elèv, paran, gadyen, oswa lòt moun, e li ka fèt aloral oswa alekri. Rapò aloral ki fèt pa yon anplwaye ap anrejistre alekri pa pwofesè a, kowòdonatè entimidasyon, ak/oswa direktè a. Yon manm nan lekòl la oswa distri a gen obligasyon pou rapòte imedyatman bay direktè a oswa reprezantan l nempòt enstans nan entimidasyon oswa vanjans, oswa lòt manm nan pèsonèl la vin okouran de oswa temwen. Rapò ki fèt pa elèv, paran oswa gadyen, oswa lòt moun yo ki pa nan lekòl la oswa mnam nan pèsonèl distri a, ka fèt nan fason ki anonim. Lynn Public Schools gen yon varyete oswa rapòte resous ki disponib pou kominote lekòl la. Enkli yon fòm pou rapòte ensidaan, yon sistèm anonim pou rapòte sou entènèt relye avèk sitwèb nou an (www.lynnschools.org) ak yon adrès postal (100 Bennett Street, Lynn, MA 01905, avèk atansyon Michael Geary, Direktè Adjwen Sante ak Edikasyon Fizik.

Itilizasyon Fòm pou Rapòte Ensidaan an pa obligatwa kòm yon kondisyon pou fè yon rapò. Lekòl la oswa distri a pral: 1) mete yon kopi fòm pou rapòte ensidaan nan pake elèv ak paran oswa gadyen nan kòmansman ane a; 2) mete li disponib nan biwo prensipal lekòl la, biwo konseye, biwo enfimyè a, ak lòt lokasyon prensipal la oswa reprezatan li detèmine; ak 3) afiche l sou sitwèb lekòl la. Fòm pou rapòte ensidaan pral disponib nan lang ki pi dominan (yo) sou orijin elèv ak paran oswa gadyen yo.

Nan kòmansman chak ane lekòl Lynn Public Schools pral bay kominote lekòl la, enkli administratè yo, anplwaye, elèv, ak paran oswa gadyen yo, avèk avi alekri sou politik li yo pou rapòte zak entimidasyon oswa vanjans. Yon deskripsyon sou pwosès pou rapòte oswa reprezantan l, pral entegre nan manyèl anplwaye ak elèv la, sou sitwèb distri a oswa lekòl la, ak enfòmasyon sou plan an ki disponib pou pran oswa gadyen yo.

1. Rapòte pa anplwaye

Yon anplwaye pral rapòte imedyatman bay direktè a oswa reprezantan l lè li temwen oswa li vin okouran de kondwit ki kapab entimidasyon oswa vanjans. Obligasyon pou rapòte a direktè a oswa reprezantan l pa limite otorite anplwaye a pou reponn a ensidaan disiplinè oswa konpòtman avèk règleman lekòl la oswa distri a pou jere konpòtman ak disiplin.

2. Rapòte pa elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun.

Depatman Lynn Public School espere elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun ki temwen oswa vin okouran de yon enstans entimidasyon oswa vanjans ki enplike yon elèv pou rapòte l bay direktè a oswa reprezantan l. Yo ka fè rapò yo nan fason ki anonim, men yo pap pran aksyon disiplinè kont yon swadizan agresè sèlman sou baz yon rapò anonim. Elèv, paran oswa gadyen, ak lòt moun ka mande yon anplwaye èd pou konplete yon rapò alekri. Yo pral bay elèv yo fason ki pratik, ansekirite, prive ak laj apwopriye pou rapòte epi diskite yon ensidaan entimidasyon avèk yon anplwaye, oswa avèk dirèktè a oswa reprezantan l.

3. Rapòte fo akizasyon

Nempòt elèv ki volontèman fè yon move akizasyon sou entimidasyon oswa vanjans pral sijè a aksyon disiplinè; ak yon estrateji pou bay konsèy oswa refereans a sèvis ki apwopriye yo pou pèpetratè ak viktim yo ak pou manm fanmi apwopriye elèv sa.

B. Reponn a yon rapò entimidasyon oswa vanjans

1. Sekirite

Anvan yo envestige plènmman akizasyon entimidasyon oswa vanjans, direktè a oswa reprezantan l pral pran etap yo pou evalye bezwen pou restore yon sans sekirite sou swadizan moun ki sible a ak/oswa pou pwoteje swadizan moun ki sible a nan posib ensidan . Repons yo pou ankouraje sekirite ka gen ladan, men yo pa limite a, kreye yon plan sekirite pèsonèl: detèmine alavans aranjman plas pou agresè ki sible ak/oswa nan salklas la, pandan repa, oswa nan otobis la; idantifye yon anplwaye ki pral ajè kòm yon "moun ki san danje" pou moun ki sible a; ak chanje orè agresè a ak aksè pou moun ki sible a. Direktè a oswa reprezantan l pral pran etap adisyonèl pou ankouraje sekirite pandan ankèt la ankou oswa apre, jan sa nesese.

Direktè a oswa reprezantan l pral enpleman strateji ki apwopriye pou pwoteje kont entimidasyon oswa vanjans yon elèv ki te temwen entimidasyon oswa vanjans, yon elèv ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt, oswa yon elèv ki gen enfòmasyon fyab sou yon zak entimidasyon oswa vanjans li rapòte. Gwoup travay sou entimidasyon an, kowòdonatè entimidasyon an ak direktè yo nan pwosesis pou etabli sekirite elèv la ak planifikasyon pwosedi ak règleman lokal pou Lynn Public Schools.

2. Obligasyon pou notifiye lòt moun

a. Avi pou paran oswa gadyen yo. Lè yo fin detèmine ke entimidasyon oswa vanjans lan te rive, direktè oswa reprezantan l pral rapidman enfòmè paran oswa gadyen moun ki sible a ak agresè a sou sitiyasyon an, ak pwosedi pou reponn avèk li. Ka gen sikonstans kote direktè a oswa reprezantan l kontakte paran oswa gadyen yo anvan nenpòt ankèt. Avi yo pral konsitan avèk règleman eta nan 603 CMR 49.00.

b. Avi a yon lòt lekòl oswa distri. Si ensidan ki rapòte a enplike elèv ki soti nan plis pase yon distri lekòl, lekòl chatè, lekòl ki pa piblik, edikasyon espesyal prive lajounen apwouve oswa lekòl rezidansyèl, oswa lekòl kolaboratif, direktè a oswa reprezantan lòt lekòl la (yo) sou ensidan pral rapidman notifiye direktè oswa reprezantan lòt lekòl la (yo) pa telefòn sou ensidan kidonk chak lekòl ka pran aksyon ki apwopriye. Tout komunikasyon yo pral annakò avèk règleman ak lwa sou lavi prive eta ak federal, ak 603 CMR 49.00.

c. Avi a Lapolis. Nan nenpòt pwen apre yo fin resevwa yon rapò sou entimidasyon oswa vanjans, enkli apre yon ankèt, si direktè a oswa reprezantan l gen baz rezonab pou kwè ke yo ka pouswiv chaj kriminel kont agresè a, direktè a pral notifiye ajans lapolis lokal. Avi a pral konsistan avèk egzijans 603 CMR 49.00 e lokalman etabli akò avèk ajans lapolis lokal. Egalman, si yon ensidan rive sou lakou lekòl la e li enplike yon ansyen elèv ki anba laj 21 ane ki pa enskri nan lekòl la ankò, direktè a oswa reprezantan l pral kontakte ajans lapolis lokal si li gen baz rezonab pou kwè ke yo ka pouswiv chaj kriminel kont agresè a.

Nan fè detèminasyon sa a, direktè a pral konsistan avèk Plan an ak règleman aplikab lekòl la oswa distri a ak pwosedi pou konsilte Lyezon Sekirite Lekòl la oswa Ofisye Disiplin ak Responsab prezans lekòl la ansanm avèk lòt moun direktè a oswa reprezantan l jije apwopriye.

C. Ankèt

Direktè a oswa reprezantan I pral ankete rapidman tout rapò entimidasyon oswa vanjans e, lè yo fè sa, yo pral konsidere tout enfòmasyon yo konnen ki disponib, sa ki enkli nati akizasyon (yo) ak laj elèv ki enplike yo.

Pandan ankèt la direktè a oswa reprezantan I pral, pami lòt bagay, entèvyouve elèv, anplwaye, temwen, paran oswa gadyen, ak lòt moun jan sa nesèsè. Direktè a oswa reprezantan I (oswa nenpòt moun kap fè ankèt la) pral fè agresè a sonje, moun ki sible a, ak temwen an ke yo entèdi vanjans strikteman e li pral gen pou konsekans aksyon disiplinè.

Direktè a oswa reprezantan I ka fè entèvyou yo, lòt manm nan pèsonèl la jan direktè a oswa reprezantan I detèmine I, e an konsiltasyon avèk konseye lekòl la, jan sa apwopriye. Nan limit pratikab, e teni kont de obligasyon I pou ankete pwoblèm nan, direktè a oswa reprezantan I pral kenbe konfidansyalite pandan pwosesis ankèt la. Direktè a oswa reprezantan I pral kenbe yon dosye alekri sou ankèt la.

Pwosedi pou ankete rapò sou entimidasyon ak vanjans pral konsistan avèk règleman distri a oswa lekòl la pou ankèt yo. Si nesèsè, direktè a oswa reprezantan I pral konsilte avoka sou ankèt la.

D. Desizyon

Direktè a oswa reprezantan I pral pran yon desizyon baze sou tout fè ak sikonstans yo. Si, apre ankèt la, yo jwenn ke entimidasyon oswa vanjans lan te fonde, direktè a oswa reprezantan I pral pran etap rezonab ki kalkile pou anpeche residivis ak pou asire ke moun ki sible a pa gen restriksyon pou I patisipe nan aktivite lekòl la oswa benefisyè de aktivite lekòl yo. Direktè a: 1) detèmine ki aksyon korektiv ki nesèsè, si nenpòt, ak 2) detèmine ki aksyon repons ak/oswa aksyon disiplinè ki nesèsè.

Selon sikonstans yo, direktè a oswa reprezantan I ka chwazi pou konsilte pwofesè elèv (yo) ak/oswa konseye lekòl la, ak paran oswa gadyen agresè oswa moun ki sible a, pou idantifye nenpòt pwoblèm sosyal oswa emosyonèl ki te kapab kontribye a entimidasyon ak pou evalye nivo bezwen pou devlopman konpetans sosyal adisyonèl.

Direktè a oswa reprezantan I pral rapidman enfòme paran oswa gadyen moun ki sible a ak agresè a sou rezilta ankèt la e, si yo jwenn entimidasyon oswa vanjans, ki aksyon yo pral pran pou anpeche pwochen zak entimidasyon oswa vanjans. Tout avi pou paran yo dwe konfòme avèk lwa ak règleman sou lavi prive eta ak federal ki aplikab. Akoz de obligasyon legal osijè konfidansyalite dosye elèv yo, direktè a oswa reprezantan I pa ka bay paran oswa gadyen moun ki sible a rezilta aksyon disiplinè yo te pran amwenske li enplike yon òdonans pou "rete aleka " oswa lòt direktiv ke moun ki sible a dwe okouran nan fason pou I rapòte vyolasyon.

E. Repons a entimidasyon

1. Anseye konpòtman apwopriye atravè devlopman konpetans

Lè direktè a oswa reprezantan l fin detèmine ke entimidasyon oswa vanjans te rive, lwa egzije ke lekòl la oswa distri a itilize yon seri repons ki balance bezwen pou anseye konpòtman apwopriye. M.G.L.c 71 § 37O(d)(v). Apwòch pou devlope konpetans ke direktè a oswa reprezantan an ka konsidere gen ladans:

ofri sesyon konsèy pou devlope konpetans baze sou pwogram anti-entimidasyon distri/lekòl; bay aktivite edikasyonèl enpòtan pou elèv endividyèl oswa gwoup elèv yo, an konsiltasyon avèk konseye oryantasyon ak lòt pèsonèl apwopriye lekòl la; enpleman yon varyete sipò konpòtman pozitif akademik ak non-akademik pou ede elèv yo konprann fason pwo-sosyal pou reyalize objektif yo; rankontre avèk paran ak gadyen yo pou angaje sipò paran ak pou ranfòse pwogram anti-entimidasyon ak aktivite devlopman konpetans sosyal nan kay la; adopte plan konpòtman pou enkli yon konsantrasyon sou devlope konpetans sosyal spesifik; ak fè referans pou evalyasyon.

2. Pran aksyon disiplinè

Si direktè a oswa reprezantan l decide ke aksyon disiplinè a apwopriye; yo pral detèmine aksyon disiplinè a sou baz fè ke direktè a oswa reprezantan l te jwenn, enkli nati kondwit la, laj elèv la (yo) ki enplike a, ak bezwen pou balanse responsabiltè avèk ansèyman konpòtman apwopriye. Disiplin pral konsistan avèk Plan an e avèk Kòd disiplin avèk Lynn Public Schools.

Pwosedi disiplin pou elèv yo ki gen andikap ki gouvènè pa Lwa Federal sou Amelyorasyon Edikasyon pou moun ki gen andikap (IDEA), sa ki kapab li an koperasyon avèk lwa eta konsènan disiplin elèv.

Si direktè a oswa reprezantan l detèmine ke yon elèv volontèman fè yon fo deklarasyon sou entimidasyon oswa vanjans, ke elèv la ka siljè a aksyon disiplinè.

3. Pwomote sekirite pou moun ki sible a ansanm avèk lòt moun.

Direktè a oswa reprezantan l pral konsidere ki ajisteman, si nenpòt, nesèsè nan anviwonman lekòl la pou amelyore sans sekirite moun ki sible a ansanm avèk lòt moun. Yon strateji ke direktè a oswa reprezantan l ka itilize se pou ogmante sipèvizyon adilt nan tan tranzisyon ak nan lokasyon kote yo konnen entimidasyon te rive oswa li gen chans pou l rive.

Nan yon peryòd tan rezonab apre detèminasyon an ak òdonans pou remedye ak/oswa aksyon disiplinè, direktè a oswa reprezantan l pral kontakte moun ki sible a pou detèmine si te gen yon frekans nan kondwit ki entèdi ak si mezi sipò adisyonèl nesèsè. Si se sa, direktè a oswa reprezantan l pral travay avèk anplwaye apwopriye lekòl la pou enpleman yon imedyatman.

VI. KOLABORASYON AVÈK FANMI YO

Direktè adjwen Kourikoulòm ak Enstriksyon-Sante/PE ak Lyezon Sekirite Lekòl la pou Depatman Lapolis Lynn te kreye yon seri atelye travay paran an kolaborasyon avèk PTO, PTA ki baze sou konsèy lekòl la, ak Komisyon Konsèy Paran edikasyon Spesyal pou l òganize nan lekòl primè, middle ak high schools yo nan tout distri yo. Atelye paran an pral adrese: 1) kijan paran ak gadyen yo ka ranfòse plan pwogram lan nan kay ak nan distri a; 2) dinamik entimidasyon; ak 3) sekirite sou entènèt ak sibè-entimidasyon. s

Yo pral enfòme paran ak gadyen yo alekri chak ane sou seksyon ki gen rapò a elèv yo sou plan entèkansyon ak Prevansyon entimidasyon, nan lang (yo) paran ak gadyen yo pale pi souvan.

VII. ENTÈDIKSYON KONT ENTIMIDASYON AK VANJANS

Deklarasyon ki annapre a enkli nan kòd etidyan an, ak manyèl anplwaye. Deklarasyon ki annapre a entegre dirèkteman nan M.G.L.c. 71§ 37O(b), e li dekri egzijans lwa pou entèdiksyon entimidasyon

Zak entimidasyon, sa ki gen ladan sibè-entimidasyon, entèdi:

nan lakou lekòl la ak nan pwopriyete imedyatman ki toupre lakou lekòl yo, ak nan aktivite lekòl la pwomote, fonksyon, oswa pwogram keseswa nan oswa andeyò lakou lekòl yo, nan arè otobis lekòl la, sou yon otobis lekòl la oswa lòt veyikil lekòl la posede, oswa yon distri lekòl itilize oswa lekòl; oswa grasa itilizasyon teknoloji oswa yon aparèy elektwonik lekòl la posede, lwe oswa yon lekòl oswa distri lekòl itilize, ak nan yon lokal, aktivite, fonksyon, oswa pwogram ki pa gen rapò avèk lekòl la atravè aparèy elektwonik ke lekòl la posede, lwe, oswa yon distri lekòl oswa lekòl itilize, si zak la kreye yon anviwonman ostil nan lekòl pou moun ki sible a oswa temwen an, pyetine sou dwa yo nan lekòl, oswa materyèlman ak sibstansyèlman deranje pwosesis edikasyon oswa lòd operasyon yon lekòl.

Vanjans kont yon moun ki rapòte entimidasyon, bay enfòmasyon panda yon envestigasyon sou entimidasyon, oswa temwen oswa gen enfòmasyon ki fyab sou entimidasyon egalman entèdi.

Jan li deklare nan M.G.L.c. 71 § 37O, anyen nan Plan sa egzije distri a oswa pou lekòl la pa bay anplwaye nan nenpòt aktivite ki pa gen rapò a lekòl la, fonksyon, oswa pwogram yo.

VIII. DEFINISYON

Agresè, se yon elèv ki angaje nan entimidasyon, sibè-entimidasyon, oswa vanjans.

Moun ki sible, se yon elèv ki sibi entimidasyon, sibè-entimidasyon, oswa ki te sibi vanjans:

Entimidasyon, jan li defini nan M.G.L.c. 71 § 37O, se itilizasyon repete itilizasyon pa youn oswa plis elèv sou yon ekspresyon alekri, vèbal oswa elektwonik oswa yon zak fizik oswa nenpòt jès ki

-koze danje fizik oswa emosyonèl pou elèv sib la oswa domaj nan pwopriyete moun sible a;

-mete moun sib la nan krent rezonab danje pou tèt li oswa domaj pou pwopriyete li;

-krete yon anviwonman ostil nan lekòl pou moun ki sible a

-pyetive sou dwa moun ki sible a nan lekòl la; oswa materyèlman ak sibstansyèlman deranje pwosesis edikasyon oswa lòd operasyon yon lekòl.

Sibè-entimidasyon, se entimidasyon atravè itilizasyon teknoloji oswa aparèy elektwonik tankou telefòn, òdinatè, sellilè, ak entènèt. Li enkli men li pa limite a imèl, mesaj tèks, ak afich entènèt. Gade M.G.L.c. 71 § 37O pou definisyon legal sibè-entimidasyon.

Diferansye Karakteristik yo— Jan li te idantifye nan Lwa ki gen rapò a entimidasyon nan Lekòl yo, Chapit 86 nan Lwa 2014, ka gen kategori karakteristik ki diferan ki ka rann sèten elèv pi vilnerab a entimidasyon enkli: ras, koulè, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, sèks, estati sosyo-ekonomik, sanzabri, stati akademik, idantite seksyèl oswa ekspresyon, aparans fizik, gwosès oswa estati paran, oryantasyon seksyèl, devlopman mantal, fizik oswa andikap sansoryèl oswa an asosyasyon avèk yon moun ki genyen oswa yo pèsevwa ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo.

Anviwonman ostil, jan li defini nan M.G.L.c. 71 § 37O, se yon sitiasyon kote anviwonman lekòl la pèmèt gen entimidasyon, ridikil, oswa ensilt ki ase grav oswa jeneralize pou chanje kondisyon edikasyon yon elèv.

Vanjans, se yon fòm entimidasyon, vanjans, oswa asèlman ki dirije kont yon elèv ki pote rapò sou entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou entimidasyon, oswa temwen oswa gen enfòmasyon ki fyab sou entimidasyon.

IX. RELASYON AVÈK LÒT LWA YO

Konsistan avèk lwa eta ak federal, ansanm avèk règleman Lynn Public Schools, yo pa ta dwe fè diskriminasyon kont okenn admisyon nan lekòl piblik nan okenn vil oswa pou jwenn avantaj, privilèj ak pwogram etid nan kalite lekòl piblik sa yo sou rezon ras, koulè, sèks, relijyon, orijin nasyonal, oswa oryantasyon seksyèl. Anyen nan Plan an pa anpeche Lynn Public Schools pou pran aksyon pou korije diskriminasyon oswa asèlman ki baze sou adezyon nan yon kategori ki pwoteje legalman anba lwa lokal, eta oswa federal, oswa règleman lokal oswa distri yo.

Anplis, anyen nan Plan an te fèt oswa gen entansyon pou limite otorite Lynn Public Schools pou pran aksyon disiplinè oswa lòt aksyon anba M.G.L.c. 71, § § 37H, oswa 37H ½, oswa lòt lwa ki aplikab, oswa règleman Lynn Public Schools an repons a konpòtman vyolan, danjere oswa pètibatè, keseswa plan an kouvri konpòtman an.

X. BAY DEPATMAN EDIKASYON PRIMÈ AK SEGONDÈ A RAPÒ

Konfòmman a yon Lwa ki gen rapò a Entimidasyon nan Lekòl yo, Chapit 86 nan Lwa 2014 nan Seksyon 4(k), Lynn Public Schools pral rapòte enfòmasyon ki annaprè yo bay DESE dapre pwotokòl pou pote rapò:

- Kantite akizasyon yo rapòte sou entimidasyon oswa vanjans;
- Kantite ak nati ensidan entimidasyon oswa vanjans ki jistifye;
- Kantite elèv ki disipline paske yo angaje nan entimidasyon oswa vanjans; ak
- Nenpòt lòt enfòmasyon depatman an mande

SÈVIS SANTE ELÈV AK EGZIJANS YO

Politik konsènan Pou nan tèt

Lekòl Piblik Lynn yo te revize politik li pou l ka konfòm ak rekòmandasyon Sant pou Kontwòl Maladi yo (CDC), Akademi Ameriken pou Pedyatri (AAP), Asosyasyon Nasyonal Lekòl Enfimiyè (NASN), Asosyasyon Lekòl Sante Ameriken (ASHA), ak Depatman Sante Piblik Massachusetts la.

Objektif politik sa a gen bagay sa yo ladann:

- * idantifye epi kontri ka yo
- * evite absans ki pa nesèsè
- * siveyans pou siy enfeksyon ankò
- * pwoteje konfidansyalite
- * fè edikasyon epi sipòte elèv, paran ak staf nan detekte, trete epi fè prevansyon kont Pou nan tèt.

Elèv ki gen pou nan tèt yo ki vivan ke enfimiyè nan lekòl la te wè y ap voye yo ale pou tretman y ap kontakte paran/responsab la nan telefòn, si posib, oswa pa ekri avan jounen lekòl la fini. Yo ka rete nan klas la pandan rès jounen lekòl la. Elèv la dwe trete menm jou swa a epi parèt devan enfimiyè a ansanm ak paran l oswa responsab la pou yo ka egzamine l nan demen. Si yo pa wè pou vivan nan tèt li ankò, elèv la ka antre nan klas. Si tretman an pa mache, y ap voye yo nan yon sant sante. Se enfimiyè a k ap decide si l ap tcheke elèv la ankò nan 7 – 10 jou apre premye tretman an.

Si yon elèv gen pyas men li pa gen pou ki vivan y ap tcheke yo ankò nan yon semèn pou pou nan tèt epi/oswa pi souvan se enfimiyè a k ap decide

Pap gen tchèk pandan klas la ap fonksyone eksepte nan preskolè ak gadri men se enfimiyè a k ap decide. Fanmi ak zanmi ka tcheke an prive nan biwo enfimiyè lekòl la. Elèv ki gen sentom ka al kote enfimiyè lekòl la depi yo bezwen egzamine.

Y ap ekri enfòmasyon bay paran/responsab la pou l bay èd li nan tretman ak prevansyon an. Enfimiyè lekòl la ap bay fakilte a enfòmasyon. Ap gen resous disponib tou nan seksyon sèvis sante lekòl la sou sitwèb LPS la.

Lè pou nan tèt yo pèsiste, sa vle di lè yo jwenn twa oswa plis pou ki vivan nan yon peryòd 6 semèn; paran an ap jwenn konsèy pou l kontakte doktè pa l pou lò kalite tretman. Enfimiyè lekòl la ap pwopoze pou l fè yon visit nan kay la lè tout lòt tretman yo pa mache.

Pran swen elèv ki blese nan fè spò

Rechèch estime 5-10% atlèt spòtif nan klas segondè ou inivèsite pran chòk nan tèt chak ane nan spò ki gen kontak. Estimasyon sila yo ba pa rapò a tout ka kote atlèt pran chòk. Nan yon envestigasyon, plis ke 50% atlèt ki jwe foutbòl nan lise pa rapòte frakti a paran, antrenè ou doktè yo. Yon chòk nan tèt se yon chanjman nan kondisyon mantal akòz ke sèvo-a sekwe anndan kra-n lan akòz yon kou nan tèt ou nan kò. Youn nan bann sentòm chòk nan tèt se tèt fè mal, tèt vire, konfizyon, pèt memwa, vomisman ak dezoryantasyon, parmi ka ki plis rapòte yo. Pèt konesans, poutan, rive mwens ke 10% de tout frakti yo e se pa yon endikasyon de gravite chòk la. Men tou, apre chòk la, atlèt la ka gen lòt difikilte tou, tankou problèm pou tolere limyè ak bri, problèm memwa, fatig e chanjman emosyonèl kòm ansyete ou depresyon.

La plipa atlèt ki te resevwa chòk ka reprann yo konplètman si sèvo-a gen tan pou li geri avan yo pran yon lòt chòk ankò; men, depann sèlman sou pròp desizyon yon atlèt pou rapòte sentòm pou detèmine si li geri pa sifi paske anpil atlèt nan lekòl segondè pa konnen siy ak sentòm domaj yo, gravite frakti nan tèt la, ou yo ka santi presyon bò kote antrenè, paran, e/ou lòt atlèt pou yo retounen jwe san pèdi tan. Youn ou plis nan faktè sila yo pral petèt okazyone chòk ki pa rapòte konplètman ou yon retou trò vit nan jwèt. Rechèch montre ke jèn atlèt ki souffri chòk nan tèt e ki retounen jwe avan sèvo yo fi-n geri, yo vilnerab fas a sendròm prolonje apre chòk nan tèt la ou, nan kèk ra ka, yon frakti nerolojik katastifik yo rele Sendròm Dezyèm Enpak. Se poutèt sa, nou ankouraje swen sila yo lè yon atlèt resevwa yon frakti nan tèt nan yon program spòtif nan lekòl

1. Lè frakti nan tèt la rive, atlèt la dwe vizite sal dijans yon lopital lokal ou diskite kondisyon an avèk doktè li pou asire ke pa gen bezwen pou yon swen medical an ijans.
2. Answit, yon ekip swen ki gen ladan doktè elèv la ak paran li, epitou antrenè spòtif la, antrenè an chef la ak direktè atletik la dwe veye pou sentòm frakti yo.

Domaj nan sèvo se youn nan frakti ki plis konplèks yo pou profesyonèl medikal yo paske siy ak sentòm yo pa toujou klè e efè ak gravite chòk la ka difisil pou detèmine. Frakti ki pa domaje tisi nan strikti sèvo-a, an jeneral rann tes dyagnostik sèvo tradisyonèl yo tankou CT, MRI ak EEG ensansib. Se poutèt sa, nou ankouraje yon twazyèm etap nan prosesis swen pou chòk sèvo-a.

3. Angaje atlèt ki fraktire-a nan yon seri tès ki gen yon konbinezon deklarasyon pèsonèl sentòm, ekilib, ak tès pou fonksyonman sèvo. Evalyasyon konbine sila pral ofri rezilta ki plis objektif ak presi konsènan efè chòk sèvo-a e sa pral ede detèmine ki lè atlèt ap ka retounen jwe an sekirite.

Elèv ki ansent

Responsablite edikasyon Komite Lekòl la pou tout elèv ki rete nan distri lekòl la gen ladann adolesan ki ansent, ki marye oswa ki pa marye. Yon tifi ki ansent yo sipoze pèmèt li rete nan lekòl la epi resevwa nenpòt sèvis ki fè pati pwogram edikasyon regilye nan sistèm lekòl la.

Administrasyon lekòl la, lè sa nesesè, ap fè aranjanman espesyal pou prezans, pwomosyon, gradyasyon, eksetera, pou elèv ki ansent ki vle kontinye epi konplete edikasyon yo.

Komite Lekòl la rekòmande ke yon elèv ki ansent al di enfimyè lekòl la sa, konseye pou gide a, oswa direktè a. Nan tout ka ki gen rapò ak ansent, elèv la sipoze toujou al wè doktè.

Tout ka yo sipoze trete an tout konfidansyalite epi chak moun apa.

RÈGLEMEN AK PWOTOKÒL POU MOUN KI ALÈJI AK YON MANJE

Règleman ki annaprè a gen entansyon pou devlope pratik ak direktiv pou jere risk sou alèji manje avèk objektif pou anpeche reyaksyon alèji grav ki menase lavi.

Deklarasyon règleman sou Alèji ak Manje Menase ki Lavi Moun

Lekòl Piblik Lynn rekonèt bezwen pou genyen pwotokòl anplas kap redwi risk pou ekspozisyon a sibstans ki koze yon alèji pou elèv yo ki genyen alèji avèk manje ki menase lavi, pandan lap pwoteje dwa yo pou patisipe nan tout aktivite lekòl la. Yo ka adopte pwotokòl sa yo pou sibstans ki pa manje tankou ensèk, latèks, pafen ak lòt materyèl. Sizoka ta gen yon ekspozisyon, yo pral adopte pwotokòl entèvansyon ijans distri a sa ki pral gen ladan pwosedi pou administrasyon medikaman epinephrine pou jere yon reyaksyon alèji ki menase lavi.

Ojektif pou règleman an gen ladan:

- Jere endividyèlman alèji manje nan fason a) Idantifye timoun yo ki fè alèji avèk manje b) Devlope plan sante endividyèl, plan medikaman ak plan daksyon alèji. c) Ede elèv yo nan bi pou jere pwòp alèji manje yo.
- Prepare sityasyon alèji manje nan fason a) Etabli yon sistèm kominikasyon spesifik pou chak anviwonman epi idantifye nan (MERP) Plan Repons Ijans Medikal pou chak batiman. b) Asisre ke anplwaye yo ka jwenn epinephrine oto-enjektè rapidman ak fasilman. c) Asisre ke yo itilize epinephrine lè sa nesèsè e yon moun kontakte sèvis ijans medikal touswit. d) Idantifye wòl chak anplwaye nan yon ka ijans. e) Prepare pou reyaksyon alèji manje lakay timoun yo ki pa gen yon istwa alèji manje anvansa. f) Dokimante repons a yon sityasyon ijans avèk alèji manje.
- Bay anplwaye yo fòmasyon pwofesyonèl sou alèji manje nan fason a) Bay tout anplwaye yo fòmasyon jeneral sou alèji manje. b) Bay fòmasyon apwofondi pou anplwaye yo ki gen kontak souvan avèk timoun yo ki devlope alèji avèk manje. c) Bay fòmasyon spesyalize pou anplwaye yo ki reponsab pou jere sante timoun yo ki fè alèji avèk manje sou yon baz chak jou.
- Edike timoun ak manm fanmi yo osijè alèji avèk manje lè yo a) Anseye tout timoun yo sou alèji avèk manje. b) Anseye tout paran ak fanmi yo sou alèji avèk manje.
- Kreye epi kenbe yon anviwonman ansante ak edikasyon ki san danje lè yo a) Kreye yon anviwonman ki osi ansekirite ke posib nan ekspozisyon a sibstans manje. b) Devlope règleman ak pwosedi jesyon manje pou anpeche kontak avèk sibstans manje. c) Mete gwoup eksteryè yo okouran de règ ak règleman sou alèji manje lè yap itilize etablisman lekòl la pou pwogram ki anvan oswa apre lè lekòl. d) Kreye yon klima pozitif, sipòtif ak respè.
- Siveyans kontinyèl, evalye ak mizajou pwotokòl yo.

Pwotokol Pou Aleji Ak Manje Ki Menase Lavi Moun

- A. IDANTIFYE ELÈV YO KI FÈ ALÈJI AVÈK MANJE
- Enfimyè lekòl la pral jwenn enfòmasyon osijè alèji manje nan men sous fizik, fèy enfòmasyon ijans oswa lòt sous yo.
 - Enfimyè lekòl la pral jwenn verifikasyon medikal sou alèji yo.
 - Enfimyè lekòl la pral antre enfòmasyon sou alèji manje a kòm yon alèt medikal ki pa gen restriksyon sou ESchool Plus.
- B. PLAN SWEN SANTE ENDIVIDYÈL
- Enfimyè lekòl la pral devlope yon plan swen sante endividyèl, plan swen dijans ak/oswa plan daksyon alèji an kolaborasyon avèk paran/gadyen elèv la e annakò avèk òdonans founisè swen sante a.
 - Yo pral mete sou pye IEP ak 504 si apwopriye.

-Yo ta dwe enkli yon deskripsyon sou reyaksyon pase elèv la, sa ki gen ladan siy avètisman ak deklanchman.

C. PWOTOKÒL MEDIKAMAN, STOKAJ, AKSÈ AK ADMINISTRASYON

- Òdonans medikaman yo dwe konfòme avèk règleman medikaman yo ki deja anplas pou Lekòl Piblik Lynn
- Enfimyè lekòl la pral jwenn òdonans nan men yon founisè ki gen lisans pou administrasyon medikaman ijans yo.
- Yo dwe renouvle medikaman yo omwen chak ane.
- Yo dwe jwenn konsantman Paran/gadyen pou yo bay medikaman yo
- Si li devlope nan yon fason ki apwopriye e ki apwouve pa yon founisè ki gen lisans, paran, ak enfimyè lekòl la dwe genyen medikaman ijans sou lamèn epi administre l sizoka ta gen yon sitiyasyon reyaksyon alèji avèk manje ki menase lavi.
- Yo dwe estoke tout Epipens yo yon kote ki ansekirite ak san danje, ki aksesib pa yon pèsònèl ki otorize toutan.
- Yo ta dwe idantifye lokasyon Epipen elèv la nan plan sante endividyèl e li ka nan salklas la oswa lòt kote.
- Yon dezyèm Epipen ta dwe toujou disponib nan biwo enfimyè a.
- Yo ta dwe mete anplas yon plan pou kontwòl dat ekspirasyon pou tout lokasyon yo.
- LPS pral kontinye anrejistre avèk Depatman Sante Piblik pou fòmè pèsònèl ki pa gen lisans pou bay elèv yo dyagnostik ki gen kondisyon alèji ki menase lavi yo epinephrine oto-enjektè.
- LPS pral kontinye estoke Epipens nan tout lekòl la (pou enfimyè lekòl la ka bay li sèlman) a elèv/anplwaye sizoka ta gen yon reyaksyon alèjik ki pa dyagnostike ki menase lavi pa òdonans medikal.

D. PLAN REPONS IJANS LEKÒL LA

- Kowòdone administrasyon Epipen nan plan bilding MERP.
- Yo dwe rele 911 pou tout elèv yo ki itilize Epipen e yo dwe transpòte yo nan lopital pou kontwòl reyaksyon bifazik (dezyèm reyaksyon lè epipen lan fin pase)

E. FÒMASYON ANPLWAYE

- Fòmasyon Jeneral -Tout anplwaye yo ki an kontak avèk elèv yo ki gen alèji manje ta dwe jwenn fòmasyon jeneral atravè enfimyè lekòl nan premye jou fòmasyon an. Sansibilize pèsònèl lekòl la ki te ka pat prezan nan jou sa pral responsabite enfimyè lekòl la.
- Enfimyè Lekòl la dwe bay fòmasyon an pwofondè pou anplwaye ki gen kontak souvan avèk timoun ki gen alèji manje tankou pwofesè, antrenè, chofè otobis lekòl ak anplwaye sèvis manje sa ki gen ladan fason pou reponn a ijans alèji manje, kijan pou bay epinephrine pou moun yo delege pou fè sa, ak estrateji espesifik pou redwi ekspozisyon.
- Fòmasyon pwofesyonèl pou enfimyè yo pral gen ladan jesyon medikaman, kreye plan sante endividyèl, pwogram pou anplwaye ki fòmè yo, ak metòd dokimantasyon yo.

F. FÒMASYON ELÈV

- Yo ta dwe fòmè elèv yo sou enpòtans lave men, pa pataje manje, zòn ki ansekirite pou alèji.
- Elèv yo ta dwe genyen yon konpreyansyon debaz sou alèji manje, lè pou yo enfòmè yon adilt, ak enpòtans pou yo pa takinen oswa pa fè entimidasyon manje.
- Kèlkeswa lè li posib, yo dwe devlope leson sou alèji manje nan pwogram etid jeneral la oswa nan syans si yo pa anseye sante.

G. FÒMASYON FAMILYAL /PARAN/GADYEN

- Yo pral kominike a paran yo règleman ak direktiv atravè sitwèb ak manyèl lekòl la.
- Lèt pou paran yo osijè bezwen pou zòn manje ki ansekirite, restriksyon, yo pral distribiye altènatif nenpòt lè li nesèsè.

H. SALKLAS

- Yo pral enfòmè pwofesè ranplasan yo sou direktiv alèji si ta gen yon timoun nan klas yo ki gen alèji grav.
- Si elèv yo ap manje goute ak/oswa dine nan salklas la mande nan yon lèt pou paran yo volontèman pa voye manje ki gen sibstans alèjik.
- Idantifye zòn oswa biwo ki pa gen sibstans alèjik.
- Evite kontaminasyon lè ou pa swiye sifas manje yo avèk dlo ak savon anvan ou manje yo.
- Mete aksan sou lave men anvan ak apre manje.
- Evite itilize manje pou aktivite salklas yo oswa itilize sèlman atik manje ki anbale alavans avèk lis engredyen konplè pou pwojè yo, aktivite ak selebrasyon.
- Entèdi pou pataje atik manje pami elèv yo ki fè alèji avèk manje.

I. KAFETERYA

- Tout bagay ki nan meni lekòl la pap gen ladan nwa ak pistach
- Devlope yon pwosedi (li ka patikilye pou chak lekòl) pou idantifye elèv yo ki gen alèji manje ki menase lavi (egzanp foto dèyè kontwa manje a, afich oswa otokolan sou kat manje.)
- Travay avèk sèvis netwayaj la pou asire ke tab yo byen netwaye pou evite kontaminasyon pa pwopaje.
- Idantifye tab (yo) ki pa gen sibstans alèjik; ankouraje timoun ki pa fè alèji manje yo ki gen repa san danje pou rejwenn kanmarad yo ki fè alèji manje.

J. OTOBIS

- Ranfòse règleman pa gen manje (sof pou dyabèt yo)
- Egzije pou chofè otobis yo gen fòmasyon CPR/sekouris sa ki gen ladan fòmasyon Epipen
- Idantifye, (men pwoteje konfidansyalite) elèv yo ki gen twoub alèji manje ki menase lavi epi enfòmè chofè otobis yo si elèv la pote pwòp Epipen li.

K. PWOMNAD / AK AKTIVITE ANVAN AK APRE LEKÒL / FASON KOMINOTE A ITILIZE ETABLISMAN YO

- Mete enfimye okouran opli vit ke posib sou nenpòt pwomnad ki planifye pou bay tan pou prepare pwomnad la
- Bay otorizasyon pou administrasyon Epipen pa anplwaye lekòl ki fòme, revize pwosedi Epipen, Jwenn epi siyen dokiman ki apwopriye, bay anplwaye lekòl la yon kopi plan swen sante elèv la avèk nimewo kontak ijans.
- Asire ke anplwaye yo ka kominike avèk EMS apati nenpòt lokasyon pwomnad.
- Mete restriksyon sou manje ke yo konnen ki gen sibstans alèjik nan salklas la pandan ak apre lekòl oswa nan aktivite kominote yo.

L. EVALYASYON AK KONTWÒL

- Rapòte itilizasyon Epipen bay MADPH sou fòm entènèt ki obligatwa.
- Revize nenpòt ekspozisyon a sibstans alèjik epi modifye règleman oswa pratik ki nesèsè pou anpeche pwochen ekspozisyon

-Egzamine epi revize règleman yo omwen chak dezan.

Referans:

Modènizasyon Sekirite Manje FDA Lwa Piblik L No. 111-353

Jere Alèji Manje ki Menase Lavi nan Lekòl yo. Depatman Edikasyon Malden, MA:Massachusetts ; 2002

Ansekirite nan Lekòl epi Pare pou Aprann Yon Gid règleman Konpreyansif pou Pwoteje Elèv yo ki fè alèji avèk mnaje ki menase lavi. Alexandria, VA: Asosyasyon Nasyonal Komisyon Konsèy; 2011

Gid Volontè pou Jere Alèji Manje nan Lekòl yo ak Pwogram Edikasyon ak Swen Bonè. Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi;? 2013

POLITIK SOU TRANSPÒ

Depatman Lekòl Lynn gen nan tèt li pou l respekte tout règleman ak prensip ki an rapò ak transpò elèv. Règleman ak prensip sa yo soti an Lwa Jeneral Commonwealth Massachussets yo, Rejis Veyikil a Motè Massachussets yo, epi Depatman Edikasyon Massachussets . Règleman ak prensip sa yo ap reji tout kesyon ki pa kouvri pa yon deklarasyon espesyal politik ki mansyone la yo.

Jan egijans edikatif yo pèmèt li, yo dwe ajiste orè lekòl yo pou pèmèt maksimòm itilizasyon chak machin ki nan sistèm nan.

Yo etabli wout pou machin yo pase avèk yon lespri ki vize sekirite, efikasite ak jistès. Yo chwazi wout sa yo pou pèmèt elèv yo rive lekòl nan tan ki pi kout posib.

Tanpri familiarize w avèk direktiv ak politik sa yo. Yo la pou ede bay sèvis a elèv yo epi gadyen ki enplike nan pwogram transpò a.

II. APÈSI SOU PWOGRAM TRANSPÒ A

A. Definisyon

1. "Transpò Elèv ki sanzabri" – Sila yo ki defini kòm sanzabri nan direktiv McKinney-Vento Act yo epi ki twouve yo andeyò Distri Lekòl Piblik Lynn nan, Yon ajans apwopriye dwe founi dokiman pou yo. Si kote yo ye a twouve l nan Distri Lekòl Piblik Lynn nan, lè sa a, menm kritè ki la pou tout lòt elèv yo, ap sèvi pou detèmine dwa yo pou transpò a.

2. "Transpò Edikatif Regilye". Sa vle di wout ki pa kalifye kòm sèvis pou elèv Edikasyon espesyal, wout tradisyonèl, voyaj sou teren, voyaj atletik, oubyen nenpòt konbinezon sa ki pi wo a.

3. "Transpò pou Edikasyon Espesyal" vle di egzijans pou transpò espesyal jan sa mansyone nan Plan Edikatif Endividyèl Elèv yo, ki mansyone pi ba a sou non I.E.P.

B. Elèv Elemantè yo ki elijib pou transpò epi ki frekante yon lekòl ki pa nan zòn rezidans yo, dabò y ap mache pou al nan lekòl ki nan katye yo a, oubyen arè ki deziye a, e la yap jwenn transpò pou mennen yo lekòl oubyen depoze yo nan arè ki deziye a.

C. Tout elèv elemantè elijib ki ap viv a yon distans ki plis ke yon km de lekòl yo, ap benefisye transpò. Y ap itilize konpitè ki nan Depatman Transpò a pou ede detèmine elijibilite yo. Yo p ap mande Lekòl Piblik Lynn yo pou transpòte elèv nan yon adrès ki pa ni lakay li, ni yon arè bis deziye, ni yon lekòl.

D. Yo kapab transpòte elèv elemantè yo, si gen yon zòn danjere ant lakay yo e lekòl la, epi si yo dwe mache sou yon distans ki plis ke yon km.

E. sèlman elèv ki ap frekante yon lekòl ki andeyò distri yo pou rezon desegregasyon oubyen pwogram bileng e ki ap viv sou yon distans 2 km de lekòl yo oubyen plis ap resevwa yon Kat Tchali MBTA (MBTA Charlie Card) oubyen yon transpò sou Kontra. (Depatman Lekòl la va deside)

F. Tout elèv edikasyon espesyal ap benefisye transpò dapre I.E.P yo.

G. Yo p ap mande elèv yo pou yo mache a pye nan wout prensipal ki pa gen bon twotwa yo .Yo kapab aksepte sa pou wout segondè yo.

H. Afektasyon machin yo ak wout yo fèt dapre politik Komite Eskolè a. Wout, orè yo ansanm ak lis elèv ki elijib yo ap distribye bay lekòl yo anvan kòmansman ane eskolè a.

I. P ap gen transpò pou okenn elèv ki pa gen yon nimewo telefòn oubyen yon nimewo telefòn ijans pou si yo bezwen kontakte l.

J. Politik Preskolè ak Edikasyon Espesyal:

1. Y ap pran elèv Pre-Gadri ak Gadri Gwoup A.M. yo nan lekòl yo a midi pou depoze yo lakay yo oubyen remèt yo bay yon moun ke gadyen an chwazi. Lè Elèv Pre-Gadri ak Kindèghadenn Gwoup P.M yo lage, y ap depoze yo lakay yo, oubyen nan yon arè bis, oubyen y ap remèt yo bay yon moun ke gadyen an chwazi. Nan tou 2 ka yo, gadyen an yon dwe gen yon grandèt k ap tann bis la nan arè a oubyen nan rezidans la. Si okenn grandèt pa prezan, nan ka yon elèv Gwoup A.M, elèv la va retounen lekòl la epi gadyen an ap òganize transpò l. Si elèv la nan Gwoup P.M, y ap mennen l nan Lekòl Piblik Lynn yo, oubyen yon ajans ki deziye , epi gadyen an ap toujou responsab pou òganize transpò l. Elèv ki enskri nan Pre-Gadri oubyen Gadri ki travay tout jounen yo, y ap pran yo epi depoze yo nan arè ki la pou yo. Nenpòt lè gadyen an pa ta disponib, epi yo ta oblije mennen elèv la yon lòt kote, y ap avèti gadyen ke si sa rive ankò, y ap rapòte sa bay otorite ki konpetan an epi epi transpò a ap sispann pandan yon peryòd ki defini oubyen ki pa defini, sa ap depann de ka ki prezante a.

2. Si yon gadyen santi elèv la kapab mache soti nan arè bis la pou al lakay li poukont li, li dwe notifie sa bay Depatman Transpò a pa ekri.

3. Nan jou kote lekòl lage bonè, p ap gen bis midi pou gadri. Timoun kindègaden yo pral lakay yo nan bis nòmal epi y ap depoze yo nan arè ki fèt pou bis maten yo. Gadyen yo responsab pou rankontre bis la epi asire yo ke elèv la rive lakay li an sekirite.

K. Elèv sanzabri yo ap benefisye transpò suivan menm kritè ak lòt elèv ki mansyone la a yo.

III. RESPONSABILITE DISTRI A

Depatman Lekòl Piblik Lynn nan responsab pou bay tout elèv elijib k ap viv nan Distri Lekòl Piblik Lynn nan transpò ki ofri sekirite e ki ekonomik. Yo va chwazi wout machin yo pami wout ki pi dirèk ki fèt pou sikilasyon machin, pou desèvi sila yo ki gen dwa a sèvis transpò a. Nan ka kote yo kapab chwazi yon wout altènatif san sa pa deranje nan kesyon efikasite ak ekonomi, yo va bay preferans a wout ki desevi pi gwo kantite elèv nan fason ki pi dirèk la. Yo va chwazi wout yo yon fason ki pèmèt machin yo chaje nèt nan chak voyaj. Yo va etabli nouvell wout sèlman lè yo atenn kapasite total sou wout ki egziste yo oubyen si yo wè sa pral rive.

Bis yo p ap gen pou yo fè bak nan yon ri oubyen kase tèt tounen pandan yo nan wout.

Wout machin yo va etabli yon fason pou gen yon arè bis disponib nan yon distans rezonab moun ka fè a pye pou rive lakay chak elèv ki gen dwa a sèvis transpò a.

Machin yo p ap gen pou sikile sou wout ki pa pratikab oubyen wout ki pa gen bon kote pou machin vire.

Yo rekonèt ke fè ale vini lekòl, a pye, sou yon distans ki rezonab, se yon bagay ki bon pou sante elèv yo, depi yo kapab gen kontwòl danje ki genyen pou sekirite yo . Yo rekonèt tou ke li pa posib pou kontwole tout danje ki genyen nan yon vil menm si elèv la ap viv a kèlke blòk de lekòl li. Gen ris menm si elèv nan transpò, menm si l pa nan transpò. Nan kolaborasyon ak gadyen yo, Depatman Polis Lynn nan, Depatman Lekòl Lynn nan ak lòt pèsonèl vil la, ris yo ap anba pi gwo kontwòl posib. Elèv yo kapab gen pou yo mache sou distans jiska 1 km pou rive nan yon arè bis.

Wout bis yo pibliye nan Lynn Daily Item ak Lynn Journal a peprè youn- de semèn anvan lekòl louvri, epi yo toujou disponib sou sit sa a: www.lynnschools.org.

A. Kominikasyon ant kontraktè transpò yo ak depatman lekòl Lynn

Kontraktè yo dwe kominike ak Depatman transpò a sou tout pwoblèm ki gen pou wè ak machin, chofè, siveyan ak biznis yo, etc.

1. Chanjman etidyan: Depatman edikasyon espesyal la va soumèt lis etidyan ki gen edikasyon espesyal ke yo ajoute oswa elimine yo. Sof nan ka ijans, yo va tann twa jou minimòm pou transpò a koumanse. Pou kounya a, Depatman edikasyon espesyal la bay Depatman transpò a yon lèt otorizasyon ak tout sa yo ajoute oswa chanje.

2. Fòm pou pran plent pèsonèl/Paran: Depatman edikasyon espesyal la va anrejistre plent fòmèl anplwaye oswa moun ki gadò timoun yo nan achiv kote yo anrejistre plent yo nan Depatman Transpò edikasyon espesyal la e yo va fè swivi pou yo jwenn solisyon a pwoblèm yo. Yo va bay paran ki sèvi kòm pon kopi fòm sa a ki montre

solisyon an, e ki li menm va distribye l bay moun ki fè plent lan menm jan a lòt moun ki dezinye pou resevwa yon kopi. Yo ankouraje gadò timoun yo pote oswa depoze plent si yo kwè sèvis lan pa bon. Depatman transpò a va mennen envestigasyon epi aji ak pran mezi nesèsè kòrèkteman.

3. Gadò timoun, yo pran lakay yo, dwe enfòm Depatman transpò a nan (781) 477-7220 ekstansyon 1813 oswa 1814 anvan 6:45 A.M. Si yon elèv pa prale lekòl. Bwat vocal la disponib venn kat trè sou venn kat.

4. Anplwaye transpò yo dwe soumèt yon lis chofè, siveyan ak pèsònèl k ap ranplase dirèktè lekòl yo oswa yon moun yo dezinye ke komite lekòl la apwouve.

5. Anplwaye yo sijè a tout regleman kominote eta Massachussets yo ki kontwole machin, chofè, enspeksyon ak bay lisans.

B. Lis elèv yo

Elèv desegregasyon yo va gen dwa a transpò jan sant enfòmasyon paran yo detèmine sa. Rive nan fen mwa jiyè, yo ap voye lis elèv ki gen edikasyon espesyal yo bay konpayi transpò a pou woutaj. Lis sa a ap gen ladan l non elèv yo, adrès, nimewo telefòn, nimewo telefòn dijans, non lekòl kote timoun yo ye, ak lòt enfòmasyon. Lis fòmasyon regilye (ki gen ladanl Fòmasyon Tranzisyonèl Bileng ak Desegregasyon) yo ap disponib pandan premye semèn lekòl lan epi ke yo ap mete ajou detanzantan.

C. Kalandrye/orè lekòl yo

Orè lekòl yo ap disponib 15 oswa vè 15 out yo. Enfòmasyon sa a va gen ladann non ak adrès lekòl la, lè yo ouvè ak lè yo fèmen, livrezon ak pran fenèt, epi ak tout lòt enfòmasyon espesyal.

D. Evalyasyon ak rann kont

Depatman transpò a ap atann pou pèsònèl yo evalye sèvis ke yo bay selon efikasite ak ponktyalite nan yon griy evalyasyon ki genyen "Ekselan, Trè byen, byen, pasab epi mediòk" chak senmenn.

E. Ris aksidan

Yo ap fè tout efò pou asire sekirite tout elèv ke yo ap transpòte nan machin ke lekòl piblik Lynn yo kontrakte.

Sa a ap genyen ladan l, ke nan ka gen yon enpas ak wout kwense, si chofè machin nan jije sa a, pèsònèl sekirite anplwayè a ak Depatman Transpò lekòl piblik Lynn yo ke chofè machin nan pa dwe eseye pase nan wout sa yo ak li, epi gadò timoun yo va genyen pou li rankontre machin nan nan kwen ri pi prè a epi ki pi prè arè machin yo , men ankò pandan yo ap kenbe sekirite tout timoun yo nan tèt yo.

Nan ka kote dirèktè lekòl yo anile kou yo akoz kondisyon metewolojik yo, ki gen ladan l men li pa limite a nèj, lapli, lavalas, etc..pou elèv ki ap swiv kou nan Lekòl Lynn yo, sa a va aplike tou a elèv ki ap kite vil la pou ale nan yon lekòl deyò. Ankenn nan machin yo pap fonksyone jou sa a.

Si yon vil oswa yon katye kote timoun nan al lekòl tankou you elèv ki pa nan lekòl katye a anile kou oswa li pran tan pou li antre nan lekòl lan, donk yo pap transpòte elèv sa a osinon yo ap transpòte li selon reta li pran pou li antre lekòl lan.

Nan ka kote gen move tan, ki gen ladann men li pa limite a nèj, lapli, lavalas, etc. kote lekòl la toujou ap travay, dirèktè a gen chwa pou li anile sèvis transpò yo. Si gadò timoun nan chwazi voye li lekòl , yo ta dwe responsab pou transpò li ale retou nan lekòl. Si transpò a disponib, nan enterè sekirite timoun yo epi nan diskresyon chofè a, si yo konsidere pa gen sekirite nan tèt ri, yo ap kontakte gadò timoun yo e yo ap mande yo pou yo rankontre bis lan nan pwen ki pi prè arè a, men ankò pandan yo ap fè yon jan pou asire sekirite tout timoun.

Transpò – Konpòtman Elèv Yo

Tout elèv yo dwe byen konpòte yo kòm pasajè ki nan machin kap transpòte timoun lekòl. Bon konpreyasyon règleman yo epi byen aplike yo se yon bagay ki nesese pou byen jere elèv ki pran machin ki fèt pou timoun lekòl yo.

1. Elèv ki nan machin lekòl yo anba otorite ak responsabilite dirèk chofè a ak monitè a, si li prezan.
2. Pèsiste nan fè dezòd ak refize respekte règleman yo sifi pou fè yon dirèktè lekòl entèdi yon elèv monte nan yon machin lekòl. Paran yo ap resevwa avètisman anvan yo bloke elèv la, si sa posib.
3. Okenn chofè pa kapab mande yon elèv pou li desann machin nan anvan elèv sa a rive kote li prale a, sof si elèv sa a monte nan yon lòt machin ki gen otorizasyon.
4. Okenn machin lekòl paka kanpe pou pran oubyen mete elèv atè si se pa nan arè depatman lekòl la chwazi, sof si gen yon ijans (wout bloke, aksidan, eksetera.)
5. Okenn elèv pa dwe nan pale ak chofè a san nesese pandan machin nan ap mache.
6. Li entèdi pou moun fimèn nan machin lekòl la.
7. Yo pa dwe transpòte okenn bwason ki ka fè moun sou oubyen dwòg nan yon machin lekòl, kèlkeswa lè a.
8. Okenn zam, kèlkeswa kalite zam nan, pa dwe transpòte nan yon machin lekòl, sof zamdepwen polisye ki gen otorizasyon .
9. Pèsonn pa gen dwa okipe yon pozisyon nan yon machin lekòl kote li fè chofè a mal pou wè devan, oubyen sou kote, oubyen nan retwovizè a, oubyen ki anpechel kondui machin nan.
10. Yo pa dwe jete anyen nan machin oubyen nan fenèt yo. Se chofè/monitè a ki kapab ouvri oubyen fèmen fenèt yo.
11. Li entèdi pou yon elèv fè kèlkeswa aksyon an, depi chofè a estime sa ka mete sekirite lòt moun yo an danje.
12. Okenn elèv pa gen dwa touche pòt deyè a (ijans la) pou okenn rezon, sof si gen yon ijans.
13. Li entèdi pou moun manje nan machin nan.
14. Elèv yo pa dwe mete bra yo oubyen nenpòt ki lòt pati nan kò yo deyò fenèt yo. .
15. Se chofè a ki ka bay pèmisyon pou moun chanje plas, si li vle, men sèlman lè machin nan kanpe.
16. Pèsonn pa dwe rele oubyen fè gwo bri ki kapab distrè chofè epi lakoz yon gwo aksidan.
17. Elèv yo dwe gen koutwazi pou lòt moun, epi respekte yo.
18. Ede kenbe machin nan nan lapwòpte ak liyèn.
19. Koute avèk atansyon epi obeyi tout konsiy chofè a oubyen monitè a bay.
20. Elèv yo pa dwe desann machin nan sof si se nan lekòl la (lematen).
21. Elèv ki desann machin nan nan aprèmidi yon kote ki diferan de arè ki fèt pou sa dwe gen yon nòt paran li oubyen gadyen an bay pou l ka fè sa. Dirèktè a dwe apwouve nòt sa a avèk pèmisyon depatman transpò a. Nòt sa a dwe gen siyati dirèktè a.

F. Lè w ap desann Bis la

1. Pa kite plas ou toutan machin nan pa fin kanpe, epi toutan chofè a pa louvri pòt la.
2. Toujou obeyi tout konsiy chofè a bay.

3. Desann machin nan vit, men avèk koutwazi, san w pa pouse lòt elèv yo.

4. Si w dwe travèse lari a lè w fin desann machin lekòl la, asire w ke ou mache devan machin nan (jamè dèyè) a yon distans 12 pye omwen de machin nan. Si w twò pre devan machin nan, chofè a gen dwa paka wè w, epi yon gwo aksidan ka rive.

5. Pou debake yon Machin ki fèt pou Bezwen Espesyal yo, Monitè a desann machin nan anvan epi l ap ede elèv la, si sa nesèsè, lap remèt elèv la bay paran an oubyen yon grandèt ki gen otorizasyon pou sa.

G. Pwosedè Disiplin yo

1. Nenpòt vyolasyon prensip sou konpòtman nan machin nan sipoze rezoud menm jou sa pase a. Chofè Bis yo oubyen monitè yo dwe ekri yon rapò sou tout enfraksyon enpòtan bay direktè a oubyen biwo konpayi a pa pita ke yon jou apre, nan yon fòm biwo transpò a bay. Kapab gen sanksyon ki aplike pou vyolasyon prensip konpòtman sa yo. Elèv ki gen bezwen espesyal yo ap benefisye plis atansyon ak èd nan zafè sa a. Kolaborasyon ak kominikasyon ant pati yo: chofè, monitè, pwofesè ak paran enpòtan anpil pou timoun ki gen bezwen espesyal yo.

DIREKTIV POU VIZITÈ LEKÒL LA

Se règ Komite Lekòl yo etabli pou ke nou akeyi tout paran ak lòt vizitè nan lekòl nou yo e pou ankouraje yo vi-n aktif nan bay sipò ak patisipe nan lekòl yo. Règ sila pèmèt paran ak lòt moun vizite lekòl ak klas yo e itilize lokal lekòl yo tankou paki-n yo, si visit yo pa entèfere avèk travay elèv yo, profesè yo e/ou lòt anplwaye nan lekòl yo.

Tout vizitè, menm moun ki ap travay nan Depatman Lekòl yo, dwe ale nan direksyon lekòl la avan yo ale okenn lòt kote anndan lekòl la. Yo pra'l bezwen ekri non yon an liv vizitè-a, a ki group yo afilye, e rezon visit la, e mete sou yo yon baj pou vizitè. Yon pati nan enskripsyon an, se mande tout vizitè yo pou montre lisans yo ou yon lòt pyès idantifikasyon ki gen foto, ki pra'l rete nan direksyon an. Si direksyon vle, yo ka aksepte kle machin si yon moun pa gen lisans ou lòt pyès idantifikasyon.

Nan fen visit la, vizitè-a dwe retounen nan direksyon-an, siyen ke li fini e retounen badj vizitè-a. Lè vizitè fi-n siyen li prale, direksyon dwe remèt li lisans li, pyès idantifikasyon ou kle li, selon sa li kite nan biro a.

Yo ka byen mande vizitè yo pou pake nan kèk espas ou pandan tan ki rezève pou yo nan lakou paki-n lan. Yo dwe fè tout paran yo konnen mezi sila yo pa mwayen ke lekòl detèmine.

Kèk fwa, vizitè ka deranje aktivite lekòl yo: avèk konpòtman ki pa apropnye; lè yo nwi moun k'ap travay nan lekòl yo; lè yo fè bri; ou lè yo ensiste pou yo vizite nan lè ki pa apropnye. Tout efò dwe fèt pou ede vizitè sila konprann procedi ki gen nan lekòl yo pou ke deranjman sila yo pa repete ankò nan fiti. Men, lè problem sila yo rive, manadyè lokal la bay moun ki kreye problem lan yon Avètisman pou Pasaj Entèdi selon Lwa M.G.L. c. 266, § 120. Atachman A bay yon ekzanp de yon lèt konsa, avèk espas pou administratè lokal la ranpli. Yon avètisman konsa egzije ke moun ki kreye problem lan kontakte administratè lokal la, ou ranplasan li-an, avan li ka vi-n nan lekòl la pou kelkeswa aktivite ki gen pou wè ak lekòl. Anplis de sa, depandan de nati kondwit ki pa't apropnye-a, administratè lokal la ka chwazi pou chanje nenpòt nan restriksyon sila yo kin an twazyèm paragraph atachman A a:

1. Yo ka byen mande vizitè-a pou'l telefone avan li vizite lokal la pou'l fè administratè lokal la konnen entansyon'l pou'l vizite lekòl la.
2. Yo ka mande vizitè-a pou administratè-a ou ranplasan li-a akonapnye'l al nan klas la.
3. Ou ka bezwen fè aranjman alavans pou ka vi-n pale ak profesè yo ou lòt moun k'ap bay sèvis nan lekòl la.
4. Yo ka mande paran ki vi-n depoze elèv nan lekòl la pou remet timoun lan nan pòt rantrè lekòl la paske yo ka pa bay yo pèmision pou akonpanye elèv yon an klas la.

Avètisman sila dwe ekspire nan fen ane lekòl. Kòm sa note nan Avètisman pou Antre Ilegal la, yo ka revandike sanksyon an nan Biro Sirentandan an.

An plis de sa, lè yon Avètisman pou Antre entèdi bay, administratè lekòl la ap fè moun ki mal aji-a konnen ke nenpòt lot kondwit ki pa apropnye pra'l okazyon entèdiksyon pou rantrè lekòl la. Si movèz kondwit la kontinye, Atqachman B-a bay yon ekzanp de yon tike kont antre entèdi, yon fwa ankò avèk espas yo ranpli pa administratè lekòl la. Tikè pou rantrè entèdi-a an vigè pou yon ane a pati dat lit e ekri-a e, nan diskeryon responsab lekòl la,

li ka renouvle lè ane-a rive. Yon moun ki pa respeke restriksyon enpoze pa tike sila ka rive arête pou antre kriminal. Sa, menm jan ak avètisman pou Antre ilegal ka, ka revandike nan Biro Sirentandan an.

Nan ka movèz kondwit ekstrèm, tankou frape ak bat yon administratè, yon anplwaye ou yon elèv, yon administratè kocal la ka bay yon Tikè pou Antre ilegal san ke li pat bay avan yon Avètisman pou Antre ilegal. Atachman C se yon ekzanp de yon tikè konsa. Yon tikè konsa pou Antre ilegal, jan Atachman C dekril la, dwe rezève poutan pou ka kondwit grav kote gen yon pè pou sekirite ak byenèt manm kominote lekòl la. Lè yon moun resevwa yon tike vyolasyon konsa, vizitè sila ap bani, anba pinisyon lalwa, pou rantre ou itilize lokal lekòl la pou kelkeswa rezon an. Tikè pou Antre ilegal sila ap rantre an vigè imedyatman e dire li pa gen limit. Yon kopi de tike sila dwe ale nan Depatman Polis Lynn lan, Ofisye pou Sekirite Lekòl ak Biro Avoka [Avoka Mihos] e yon kopi dwe rete nan dosye lekòl la. Yon vizitè ki pa respekte tikè pra'l fè fas a arestasyon imedyatman e kondwi devan tribinal. Men tou yon moun ka revandike tike-a nan biro Sirendan lekòl yo.

SÈVIS POU ELÈV YO

Elèv Seksyon 504 yo

Seksyon 504 la se yon pati nan Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la ki entèdi diskriminasyon ki chita sou andikap. Seksyon 504 la se yon lwa sou dwa sivik kont diskriminasyon ki egzije pou yo byen satisfè bezwen elèv ki gen andikap yo menm jan yo satisfè bezwen sila yo ki pa gen andikap.

Seksyon 504 la declare: " Okenn moun ki gen yon andikap nan peyi Etazini, jan sa defini nan seksyon 706(8) tit sa a, pa dwe, senplemen paske li gen yon andikap, gen anpechman pou l patisipe, benefisye nenpòt pwogram oubyen aktivite kap resevwa Èd Finansyè Federal.

Pou Seksyon 504 la kouvri yon elèv, fòk li "kalifye" (angwo, sa vle di fòk li gen ant 3 a 22 zan, selon pwogram nan, menm jan ak lwa leta e lwa federal, e li dwe gen yon andikap).

Edikasyon Espesyal

Filozofi Depatman Edikasyon Espesyal Lynn nan se bay, nan zafè edikasyon, bon kalite sèvis pou satisfè bezwen endividyèl elèv nou yo. Objektif nou se maksimize potansyèl entelektiyèl, sosyal, emosyonèl, fizik elèv espesyal nou yo nan yon anviwonman ki gen sekirite, ki pwopis e ki gen mwens restriksyon. Nou ankouraje respè ak apresyasyon pou divèsite kiltirèl atravè kolaborasyon pèsonèl la, elèv yo, fanmi yo, ak kominote yo epi politik nou yo an konfòm avèk direktiv Federal ak Eta yo pou Edikasyon Espesyal.

Jodi a, gen prèske 2, 300 elèv nan Lekòl Piblik Lynn yo kap resevwa sèvis pa lantremiz Plan Edikasyon Endividyalize yo. Pou satisfè bezwen yo, distri a anplwaye plis pase 300 pwofesè edikasyon espesyal, terapè ak parapwofesyonèl.

Nou ofri yon bann pwogram ak sèvis ki pa janm kanpe pou satisfè bezwen espesyal elèv nou yo pandan n ap bay aksè a Estrikti Pwogram Eskolè Masachosèt yo. Distri a bay pwogram pou chak eleman ki nan IEP a pou elèv ki gen laj soti 3 rive 22 zan.

Depatman Edikasyon Espesyal la abòde defi ki genyen nan fè edikasyon timoun yo idantifye avèk andikap yo avèk pasyon pou dwa fondamantal yo. Nou bay yon kalite edikasyon ki chita sou ekite pou elèv nou yo kapab pran plas yo merite nan mond la.

Ekip Etid Elèv Yo (SST)

Ekip Etid Elèv yo se yon ekip ki nan lekòl la ki la pou li kreye yon anviwònman aprantisaj ki kontribiye nan reyalizasyon, byennèt ak siksè elèv ki gen difikilte pou aprann. Ekip Etid Elèv la ede elèv nan asire l ke lekòl la fè pou tout sa ki posib pou yo gen yon vi ki reyisi nan zafè lekòl. Se yo pwosesis edikatif nòmal ki sèvi ak yon apwòch kote yon ekip ki la pou rezoud pwoblèm yon fason sistematik ak pozitif pou klarifye pwoblèm ak enqyetid yo, devlope estrateji, mobilize ak koòdone resous yo, bay yon sistèm responsabilite avèk rezilta moun ka mezire.

POLITIK ITILIZASYON KI AKSEPTAB - TEKNOLOJI

Lekòl Piblik Lynn yo dwe bay anplwaye ak elèv yo aksè a sistèm/rezo a, rezò ekstèn yo, pou objektif edikatif limite. Objektif edikatif yo dwe defini kòm aktivite ki fèt nan klas, karyè ak devlopman pwofesyonèl, epi aktivite bon kalite ki an rapò ak edikasyon, ki pèmèt elèv la fè dekouvèt pou kont li. Objektif sistèm /rezo a se ede prepare elèv yo pou yo reyisi nan lavi epi travay pandan l ap bay aksè a anpil enfòmasyon epi kapasite pou kominike ak lòt moun. Sistèm/rezo a ap sèvi pou ogmante kominikasyon (pèsonèl, paran, ak elèv), amelyore pwodiktivite, epi ede pèsonèl la nan mizanivo konpetans ki egziste yo, epi fè akizisyon nouvel konpetans pa mwayen yon echanj enfòmasyon ki pi laj. Sitèm nan/ rezo a ap sèvi tou pou bay enfòmasyon a kominote a, gen ladann paran yo, ajans gouvènman yo ak biznis yo.

Disponibilite

Direktè a oubyen reprezantan li va aplike, sipèvizè, epi evalye sistèm/rezo distri a nan objektif pou pase konsiy ak pou rezon administratif.

Aksè a sistèm/rezo a, ansanm avèk rezò ekstèn yo, dwe disponib pou anplwaye yo ak elèv yo pou enstriksyon ak pou rezon administratif an konfòmite avèk prensip administratif ak pwosedi yo.

Aksè a sistèm/ rezo a se yon privilèj, se pa yon dwa. Tout itilizatè yo dwe rekonèt yo resevwa epi konprann tout règ administratif ak pwosedi ki reji itilizasyon sistèm nan e yo dwe dakò siyen pou konfòme yo a règ ak pwosedi sa yo. Si yon moun pa respekte règ ak pwosedi sa yo, sa ka fè yo sispann oubyen mete fen a privilèj itilizatè yo oubyen yo ka pran kont li lòt aksyon disiplinè ki konfòm ak politik Lekòl Piblik Lynn yo.

Itilizasyon akseptab

Direktè a oubyen reprezantan li dwe ekri epi fè aplike règleman administratif, pwosedi yo, ak akò pou itilizatè yo, an kofòmite avèk objektif epi misyon Lekòl Piblik Lynn yo menm ak lwa epi politik ki reji dwadotè a.

Siveyans Itilizasyon an

Transmisyon mel elektwonik yo ak itilizasyon lòt resous elektwonik elèv ak anplwaye yo fè pa dwe konsidere tankou bagay ki konfidansyèl epi moun yo chwazi pou sa kapab kontwole yo nenpòt ki lè pou asire yon bon itilizasyon, pou rezon edikatif ak administratif.

Responsibilite

Lekòl Piblik Lynn pa dwe responsab pou itilizatè ki mal sèvi ak resous elektwonik yo oubyen ki vyole restriksyon sou dwadotè yo, erè oubyen neglijan itilizatè a, oubyen depans pou itilizatè a fè. Lekòl Piblik Lynn yo responsab pou asire egzaktitid oubyen itilite enfòmasyon yo jwenn sou rezò ekstèn yo.

FOTO ELÈV YO

Chak lekòl kapab aranje yo, an kolaborasyon avèk òganizasyon paran lekòl la oubyen konsèy elèv yo, oubyen komite elèv yo chwazi, oubyen yon komite pèsònèl la, pou fè foto chak elèv oubyen foto klas la. Yo dwe chwazi kiyès kap fè foto yo suivan pwosedi apèldòf.

Foto endividyèl/ pa gwoup kapab fèt nan lekòl la epi nan lè lekòl la ap fonksyone. Foto yo dwe disponib pou elèv ak/oubyen paran yo achte si yo vle. Direktè etablisman an oubyen reprezantan l dwe bay dènye mo pou otorize yo fè foto yo epi l ap gen responsabiltè pou sivey pwosesis la.

Yo mande elèv pou fè yon foto endividyèl pou mete nan dosye yo oubyen pou idantifikasyon yo, men yo pa dwe fòse ni egzije okenn elèv achte foto.

Objektif politik la se:

Amelyore sekirite elèv yo atravè idantifikasyon vizyèl nan yon sitiyasyon ijans.

Fasilite òganizasyon aktivite sosyal, edikatif ak administratif nan lekòl la.

Bay paran ak elèv yo sèvis.

Pèmèt gwoup esponnsò a itilize pwofi ki fèt nan pwogram fè foto a, avèk otorizasyon direktè etablisman an.

SOTI ESKOLÈ AK JOUNE

Komite Lekòl Lynn nan rekonèt obligasyon l pou l anrichi ak konplete enstriksyon ki fòmèl nan entwodiksyon eksperyans ki solid epi byen planifye sou teren an. Men li klè ke eksperyans sou teren sa yo dwe fèt nan enterè entelektiyèl otantik ki toujou parèt kòm rezilta entèraksyon pwofesè/ elèv. Sòti eskolè yo dwe fèt yon fason ki montre gen amoni ant objektif Lekòl Piblik Lynn yo ak Eksperyans edikatif espesifik la li menm.

Pou li benefik sou plan edikatif, yon sòti eskolè mande chwa ki byen reflechi, preparasyon kou avanse ki fèt avèk swen, tankou yon seri opòtinite kote elèv yo ap kapab asimile eksperyans yo pandan epi nan fen sòti a epi bay "kòmantè" ki esansyèl. Pou sa, pwofesè ak direktè yo va gen pou yo konsidere faktè sa yo nan chwa sòti eskolè yo: (a) enpòtans aktivite a pou gwoup kou patikilye yo; (b) relasyon aktivite sòti eskolè a avèk yon aspè patikilye enstriksyon yo bay nan klas la; (c) Eske aktivite a ak distans ki pakouri a kòrèk pa rapò a nivo laj yo; (d) mòd ak disponibiltè transpò a; (e) konbyen sa koute chak patisipan; epi (f)prekosyon ki pran pou asire sekirite elèv yo.

Se pwofesè/konseye a ki dwe ranpli fòm pre-planifikasyon an.

Tout sòti eskolè k ap fèt nan vil la ak tout vwayaj ale retou sou yon distans 350 km oubyen mwens ke sa, dwe jwenn apwobasyon direktè etablisman an anvan li fèt. (Chèf depatman an oubyen direktè pwogram ki konpetan an va bay apwobasyon inisyèl la.)

TOUT sòti eskolè ki depase 350 km ale retou oubyen tout vwayaj nan nuit ap bezwen apwobasyon Direktè lekòl yo, oubyen reprezantan li, epi kondisyon sa yo ki pi ba a dwe reyini anvan elèv ak sipèvizè yo deplase:

A. Apwobasyon Fòm Pre-Planifikasyon an.

B. Apre sa, Direktè lekòl yo apwouve itinerè a avèk detay nesèsè yo epi enfòmasyon ki an rapò avèk li yo.

C. Apwobasyon Komite Lekòl la.

Chak sòti eskolè oubyen vizit detid dwe planifye avèk swen epi pwograme yon fason pou sa pa twò deranje pwogram regilye lekòl, ni pou elèv k ap patisipe, ni pou sila yo ki p ap patisipe. Apa ka kote ki gen sitiyasyon ekstraòdinè, tout demann pou apwobasyon sòti eskolè andeyò peyi a dwe soumèt anvan 1^e Novanm ane

akademik kote yo prevwa aktivite sou teren an. Nan sèten sikonstans, yo ka mande enfòmasyon adisyonèl anvan yo voye demann fòmèl la bay Komite Lekòl la pou apwobasyon.

Si demann pou yon vwayaj ki depase 350 km ale retou oubyen yon vwayaj ki fèt nan nuit apwouve, pwofesè oubyen sipèvizè a dwe soumèt yon itinerè konplè, detaye ki gen ladann echantiyon pèmisyon paran yo, nimewo telefòn ijans, dat vwayaj la, kote lap fèt la, ak kouvèti asirans la. Si Voyaj la mande tan ak distans ki long, yo dwe bay enfòmasyon medikal ki esansyèl yo. Nan sikonstan nòmal, yo dwe soumèt enfòmasyon yo pou apwobasyon Komite Lekòl Lynn omwen 30 jou anvan depa a. Direktè etablisman an dwe gen kopi lis non elèv k ap patisipe yo avèk nimewo telefòn lakay yo ak mimewo telefòn ijans yo.

Sètifikasyon Patisipan an- Se sèlman elèv Lekòl Piblik Lynn yo, sa ki an reg yo, avèk fòm otorizasyon paran ki apwouve yo, sila yo ke sipèvizè adil primè a apwouve, ki gen dwa patisipe nan pwogram sa yo. Kosènan elèv ki pa gen otorizasyon:

- A. Y ap mande yo kite aktivite a imedyatman.
- B. Y ap refere yo bay lapolis lokal si yo pa vle ale.
- C. Y ap rapòte yo bay direktè etablisman an lè vwayaj la fini.

Evalyasyon aktivite a. Nan 30 jou ki suiv akonplisman aktivite a, premye sipèvizè a (moun ki ranpli fòm pre-planifikasyon inisyèl la) dwe soumèt yon rapò konplè ki evalye :

- A. Benefis edikatif aktivite a.
- B. Kalite sèvis yo.
- C. Konpòtman elèv yo.
- D. Efikasite sipèvizyon an;
- E. Aktivite suivi yo prevwa yo;
- F. Rezime Deklarasyon an.

Yo dwe fè tout efò pou pwograme sòti k ap fèt andeyò peyi a pandan peryòd vakans yo, pou sa pa gen gwo enpak sou prezans pwofesè /elèv. Yo dwe bay jou pwofesyonèl si restriksyon sou vwayaj yo ta egzije pou pesonèl lekòl la fe deplasman pandan peyòd kote lekòl ap fonksyone. Seksyon sa a pa dekouraje nan okenn fason patipasyon elèv yo nan pwogram echanj etidyan ke Komite Lekòl Lynn nan apwouve. Pwosedi sa a, menm si li modifiye akòz de kontrent tan an ke yo pa prevwa, dwe aplike pou nenpòt ki aktivite, ke se swa lajounen oubyen lannuit, kote elèv ap kite limit jeyografik Masachosèt.

POLITIK AK PWOSEDI KOU DETE LEKÒL PIBLIK LYNN YO

Entwodiksyon Lekòl Ann ete

Lekòl dete a bay elèv lekòl entèmedyè ak lekòl segondè yo opòtinite pou yo ratrape kou yo pa t pase pandan ane eskolè a oubyen pou yo pran kou p ki nan kredi orijinal yo pou kapab reprann kap yo pou yo gradye a tan. Kòm pwogram dijital la baze sou entènèt, elèv yo fè devwa yo andeyò lekòl la, anplis de tan ki prevwa pou yo pase lekòl la, yon fason pou konplete kou yo.

Apèsi

Nan pwogram aprantisaj miks yo, elèv yo entèaji avèk kourikoulòm dijital la epi resevwa sipò endividyèl nan men yon pwofesè. Paske elèv yo angaje nan yon pwogram kote yo aprann poukont yo, pwofesè yo kapab diferansye enstriksyon pou chak elèv pandan yap itilize done yo pou idantifye pwen fèb, epi fè entèvansyon enstriktif ki gen ladan l enstriksyon dirèk pou ti gwoup ak enstriksyon dirèk endividyèl. Sipò sa a pwofesè a bay la pèmèt rezilta aprantisaj yo amelyore. Chak kou lekòl a dete ap gen pwofesè espesyal sou plas pou kontni yo, pou konplete kourikoulòm dijital la, epi tou pwofesè yo ap sètifye nan APEX.

Enfòmasyon sou enskripsyon:

Fason pou voye aplikasyon an

Elèv yo kapab kòmanse enskri pou lekòl dete a 1ye Jen. Ap gen yon fòmilè enskripsyon disponib nan biwo chak lekòl segondè epi sou sit entènèt Lekòl Piblik Lynn yo. Elèv Lynn Tech ak Fekteau-Leary yo kapab enskri swa pou pwogram klasik oubyen pwogram Anglè Lynn nan. Gade nan fòm enskripsyon an pou wè detay sou pwogram yo, dat, ak lè.

Frè Pwogram nan

Pèman pou lekòl dete a fèt ak lajan kach ou byen pa depo lajan nan bank pou Lekòl Piblik Lynn yo.

- \$125 pou yon kou epi \$25 pou chak kou adisyonèl (Elèv LPS).
- \$200 pou yon kou epi \$25 pou chak kou adisyonèl (Elèv ki pa LPS).
- Elèv LPS ki gen gwo difikilte finansyè kapab fè yo demann nan Biwo Direktè Adjwen an pou yo jwenn èd.

Orè

Jou ak Lè Travay: Sòti Lendi rive Jedi, 8:00 nan maten pou midi. Tanpri gade nan fòmilè enskripsyon an pou wè dat y ap kòmanse a.

Y ap bay tout elèv orè premye jou a. Tout kou yo dwe fini nan peryòd ki prevwa pou lekòl dete a.

Prezans

Elèv yo dwe prezan pandan inèdtan chak jou pou chak matyè (Anglè, Matematik, Syans, Istwa) jiskaske kou a fini.

Lekòl Entèmedyè

Tout kou lekòl dete entèmedyè yo ap fèt nan Lynn Classical High School (Lekòl Segondè Klasik Lynn). Elèv Lekòl Entèmedyè yo ap enskri nan Lynn Classical pandan peryòd enskripsyon an ki kòmanse 1ye Jen epi fini yon jou anvan ouvèti lekòl dete a.

Fen Kou a ak Nòt yo

Yo va bay elèv yo yon nòt final lè yo fini ak kou a. Pèman pou lekòl dete a ap fèt an lajan kach oubyen pa depo lajan labank pou Lekòl Piblik Lynn yo.